РОЙ КРИСТИНЭ

# ДЫГЪЭМ И ЛЪАХЭ

Хъыбар

Рой Кристинэ

ДЫГЪЭМ И ЛЪАХЭ

КъуэкIыпIэм
щыIэ нэху

ДИ НЫБЖЬЭГЪУ ЦIЫКIУХЭ!

Мы тхылъыр къызэрыфщыхъуар къатщIэмэ,
ди гуапэ хъунущ.
Мы адресымкIэ къытхуэфтх:

# ТХЬЭМ ЩХЬЭКІЭ

УэскIэ бейуэ щыта щIымахуэ кIыхьыр икIри, апхуэдизу псори зыпэплъа, зыщIэхъуэпса гъатхэр икIэм-икIэжым къэсащ. Ауэ Палко цIыкIу хуэдэу абы щыгуфIыкIа зыри щыIэу къыщIэкIынукъым.

Ныбгъуэхьэшым къилъэтыжу зи дамэхэр хуиту зыукъуэдиижа бзу цIыкIу хуэдэ, ар къуажэр къибгынэу фIыщэу илъагъу къуршхэм кIуэну хуеIэрт. Бжьыхьэм щыщIэдзауэ гъатхэм нэсыху зи щхьэгъубжэ IупIэхэр хуэщIарэ мэкъукIи кудэжауэ щыт унэжь псыIэр абы игу щIалэгъуэкIэ гъэнщIам къезэвэкIырт.

Юрига Павел лIыжьыр, Палко зыбгъэдэсыр, абы и адэтэкъым икIи и адэшхуэтэкъым. Ауэ гурэ псэкIэ фIыуэ зэрылъагъут айтIур. Къуршым щыщыIэм деж, Павел лIыжьым кхъузанэ ищIурэ абыкIэ ишхын къилэжьыжт. Гъатхэ къэскIэ зэригъэпэщыжу абы къуршым щиIэт унэ папщIэу илъэс 30-м нэс щрихьэкIа пщыIэ. Япэм къуэхэр дэщIыгъуу щыпсэуащ абы Павел, ауэ, къуршыбгъэ зи фIыгъуэхэм ещхьу, балигъ хъур къилъэтыкIыурэ, адэм и абгъуэр къуэхэм ябгынащ. Иджы гъэмахуэ къэс абы дэщIыгъуу унэм щыпсэут мэзым щылажьэ мазауэлIхэм языхэз.

ИлъэситIкIэ узэIэбэкIыжмэ, Юрига дэщIыгъуу Вагталь щыщ лIыжь гуэр Рацга и унэцIэу псэуащ. Абы къыздишауэ щIыгъут и пхъурылъху щIалэ цIыкIури. Ауэ къуршым щыIэ уэтI пстIри лэжьыгъэ хьэлъэри, шэч хэмылъу, лIыжьым и узыншагъэм зэран хуэхъурт. Ар щIэх-щIэхыурэ псчэм иубыдырти, лэжьэнуи къегугъуэ-

кIырт. Пыплъхьэн щымыIэу щIалэ цIыкIур кIэлъыплът абы: хьэнтхъупс хуигъавэрт, Iэгъэбэгу зэхуихьэст, пхъэ кърихьэрт.

ИкIэм-икIэжым Рацга сымаджэ къэхъури, пIэм хэмыгъуалъхьэу хъуакъым. Зэгуэрым Юрига зыбгъэдишэри Рацга жиIащ:

– Мыдэ къызэдаIуэт, Павел. Сыноплъри, си щIалэ цIыкIум ещхьыркъэпсу, уэри Iыхьлыи-Iэулэди уиIэкъым. Сэ куэд дэмыкIыу къуажэм сехыжынущ, унэм сыщылIэжыну сыхуейщ. Ауэ мы щIалэ цIыкIур эдэсшэну сыхуейтэкъым сэ, сыту жыпIэмэ, сылIа нэужь, ар гугъу ирагъэхьынущ. Къэгъанэ, хъунумэ, ар уи деж, къыпщхьэпэнщ. Ар гъэзащIи, Тхьэм псапэу къуитыжынщ.

– Узэрыхуейщ, – жиIащ Павел лIыжьым, и щхьэц тхъуар IэгукIэ трилъащIэурэ. – ЩIалэ цIыкIур къэзгъэнэну сэ сыхьэзырщ, ауэ и адэ-анэм сыт жаIэн?

– ПщIэрэ, Павел, а щIалэ цIыкIур сэ си пхъурылъхукъым. ИкIи сщIэркъым ар къэзылъхуахэр псэурэ мыпсэурэ. Сипхъу лIам а щIалэ цIыкIур къызэригъуэта щIыкIэр хьэлэмэтыщэщ. А уи Iуэхур зэкIэ къэгъани, моуэ къэтIыс, сэ бжесIэжынщ ар зэрыхъуар.

ЛIыжьыр фIэхьэлэмэту едэIуащ Рацга къыжриIэжам, лIэжыхукIи щыгъупщэнкъым абы зэхихар.

– Зэгуэрым сипхъу Аннэ мэзым щIэту Iэгъэбэгу къыздищыпым, сабий гъы макъ къызэхех. НтIэ, уэ пщIэркъэ цIыхубзхэр зэрыкъэрабгъэ лъэпкъыр. Абыхэм сытым дежи къащохъу шейтIаныр къакIэлъыплъэрэ щигъэуэну хьэзыру. Арати, макъыр къыздиIукIымкIэ кIуакъым ар. Ауэ кIуэ пэтми сабийм и гъы макъыр нэхъ ин хъурт. Абы езыми сабий иIэти, Тхьэм и цIэр к#риIуэри, сабий г#ы макъыр къыздиIукI мэзым и IувыпIэ дыдэм хыхьэну мурад ищIащ. Сыт уи гугъэрэт-тIэ абы илъэгъуар? Илъэсрэ ныкъуэ-илъэситI фIэкIа мыхъуа щIалэ цIыкIур лъапцIэрэ щхьэпцIэу, езыри пыхьэу лъагъуэм ирокIуэ, псы

щхьэкIи мэлъаIуэ. Зыри къыгурыIуэжыртэкъым Аннэ: дэнэ ар къыздикIари, зыфIэкIуэдари хэт, мыбы къыщыхутэнкIи и щхьэ хъуа? „Мамэ“ – жиIэурэ ар макъ лъахъшэкIэ джэрт. Аннэ ар къищтэщ, и нэпсыр хуилъэщIри, псырэ щIакхъуэрэ иритащ. Абы и щхьэцри и джанэ цIыкIури псыфыбзэт; шэч хэмылъу жэщ псо щрихьэкIат а цIыкIум мэзым. Сэ иужькIи куэдрэ сегупсысащ: хэт ар жэщым зыхъумар? Гъунэжу мы мэзым щIэт хьэкIэкхъуэкIэм къезыгъэлар?

– Сабий къэскIэ езым и мелыIыч-щыжакIуэ* иIэжщ, зи унагъуэрэ, – жиIащ Павел икIи и нэкIущхьэ зэлъам къытелъэда нэпсыр зыфIимыгъэщIурэ трилъэщIыкIащ.

ЛIыжьитIри зы тэлайкIэ щыму щытащ. Ахэм я нэгум къыщIагъэхьащ щIалэ цIыкIу гъуэщар, и анэм пэIэщIэу жэщ къытехъуарэ зи щхьэ къуацэ цIыкIур къандзэгум тезылъхьэу жейм хилъэфэхукIэ зи гъын зэпымыуар.

– Дауэ хъуа, нтIэ, абы иужькIэ? – щIэупщIащ Павел.

– Аннэ сабийр къищтэри унэм къихьащ. Къихьри, зэуэ тIуми хъыбар щызэбгредгъэхащ ди куейм, хэт ищIэрэ, зыгуэрым къилъыхъуэнкIэ хъунщ, жытIэри. Ауэ зыри къыщIэупщIэртэкъым. Куэд щIатэкъым Аннэ и щIалэ цIыкIу Палкоклэ еджэу зэрылIэрэ. Арати, щIалэ цIыкIу лIам и цIэр мо къигъуэтам фIищащ.

Си малъхъэр абы щыгъуэ цIыху зэтетти, щIалэ цIыкIур япIынымкIэ арэзы хъуащ. Ауэ щIалэ цIыкIур илъэситху щрикъум, Аннэ къытехуэри лIащ. Си малъхъэм нэгъуэщI фыз къишэжащ, ауэ абы Аннэ къилъхуахэри илъагъу хъуртэкъым, дунейм трилъэгъуэну зыхуэмеихэр мы хамэ щIалэ цIыкIурат. Апхуэдэу щыхъум, сэ зэсшэлIэжащ ар. ЕджапIэми згъакIуэрт сэ щIалэ цIыкIур, ауэ, пцIыр хьэрэмкъэ, унэм зэран щымыхъун щхьэ-

---

* МелыIыч-щыжакIуэ – ангел-хранитель.

цIыкIури, кIуэаракъэ, уи гур хигъахъуэрт. ЕтIуанэ гъэм ар еджэф хъуащ. Шэч хэмылъу, ар къэзылъхуахэр акъылыфIэ гуэрхэу щытауэ къыщIэкIынут. Сэ сылIа нэужь, Тхьэм ирещIи, Iэхъуэ-щыхъуэу хаутIыпщхьэжынущ ар зыбгъэдэсхэм. ХаутIы пщхьэжынурэ, зэджауэ хъуар псыхэкIуадэ хъунущ. Еуи, уэ зэшэлIэж ар, Юрига. Куэд дэмыкIыу дэIэпыкъуэгъу хъарзынэу къыпкъуэувэнущ. Ауэ, сщIэркъым, моуэ си псэм жеIэ абы и адэ-анэр къыкъуэкIыжын хуэдэу. КъыкъуэкIыж хъужыкъуэмэ, яжеIэ, дауэрэ щымытами, ди деж ар гугъу зэрыщемыхьар. Абырэ сэрэ дызэдэпсэуащ, диIэу хъуамкIэ дызэдэгуашэу. Ар дэнэ къэна, си пхъум и бынхэр анэнэпIэсым деж гугъу щехьхэм щыгъуи, си малъхъэр аркъэм дихьэхыу псоми яхуэдыдж щыхъуам щыгъуи, сэ а хамэ щIалэ цIыкIум нэхъ си нэIэ тетащ. НтIэ, дауэ уепл#рэ, – зэпшэлIэжрэ?

– Хъунщ, Рацга, зэсшэлIэжынщ сэ ар, Тхьэр къыддэIэпыкъуну сыщыгугъынщ. ЕджапIэми згъэкIуэнщ. ГъэмахуэкIэрэ си гъусэу мыбы щреIэ, IэщIагъэ гуэрхэр зригъащIэу. Ауэ ар дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъухукIэ, белрэ бжемышхрэ фIэкIа, шыбзэ схуэщIынукъым.

Арати, Рацга къэгъазэ имыIэу и унэ кIуэжри, щIалэ цIыкIур Юрига деж къыщынащ. Япэ махуэхэм ар хуабжьу гъыурэ екIуэкIащ, къигъанэу дадэ зэрыкIуэжам щхьэкIэ, ауэ атэлыкъ хъарзынэ зэригъуэтар къыгурыIуа нэужь, хуэм-хуэмурэ абы и сабиигур тепыIэжри, япэм ещхьу нэжэгужэ хъужащ. Ар дэнэ къэна, илъэсрэ ныкъуэ хуэдэкIэ зэщIыгъуа нэужь, игъащIэми зэгъуса фIэкIа умыщIэну ежьэжахэщ.

Иджы Палко гуфIэжу бгым дэкIт, пщыIэр моуэ нэхъыфIыIуэу зэлъыIуихын мурадкIэ. ЗэкIуэцIыпхарэ и дамэм телъу абы зыдихьт тепIэнщIэлъын гуэрхэр, бжьын, лы гъэгъуа Iыхьэ, тхылъымпIэм кIуэцIылъу шыгъу тIэкIу, кIэртIоф зыбжанэ. Адрей кIэртIоф къэ-

науэ хъуар къэпым илъу иужькIэ къыхуихьыну лIыжьыр къигъэгугъащ. И плIэм илъу абы ихьт дадэ и Iэмэпсымэ гуэрхэр, зы IэмкIэ кхъуэщын иIыгът. А къомыр телъэ, кIуэаракъэ, мыдэ зы пащтыхьыкъуэ гуэру зыкъыщыхъужу, гуфIэгъуэр и нэгум иту ар кIуэрт. И щхьэц сырыху кIыхьыр къыщIэщу абы щхьэрыгът хуабжьу упIышкIуа упщIэ пыIэ хъурей цIыкIу. Зэгуэрым хужьу щыта плащ гуэри и плIэм идзат. Iэщхьэхъу, лъапэхъу хъужауэ щэкI пхъашэм къыхэщIыкIа джанэ-гъуэншэдж, бэтинкIэ цIыкIуитI, гъуэжь гуэрхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ фэ бгырыпх фIыцIэ – апхуэдэут „пащтыхьыкъуэ щIалэм“ и фащэр зэрыщытыр. Абы къыщхьэщихт гуфIэгъуэр, гъащIэм и къэуатыр, гъатхэ пасэм и салъкъыныр.

– Ей-ей, – гуоуащ ар, и макъ къызэрихькIэ.

– Ей-ей-ей-ей! – къыпэджэжащ Палко джэрпэджэжыр.

ГуфIэгъуэр иIэрэ лъалъэу ар къэдыхьэшхащ. Дыжьын у эзджынэм ейм ещхьу Iурт абы макъ жьгъэрур. Къыпщыхъут къуршхэри абы къыдэдыхьэшхрэ фIэхъус гуапэ кърахыу.

– Уузыншэм, щIалэ цIыкIу, куэд щIа уэ мыбдеж узэрыщытрэ? – къэIуащ зыгуэрым и макъ.

Ар жызыIэу щIалэ цIыкIум къыпежьар мэзауэлI Лишкэт.

– Уузыншэм, дадэ, – жэуап иритри щIалэ цIыкIум и Iэр хуишиящ и ныбжьэгъужьым. – Сэ дадэ япэ зыкъизгъэщри сыкъэжащ, ди пщыIэр тIэкIу зэлъыIусхын щхьэкIэ.

– ЗэрызгъэщIэгъуэнур сщIэркъым ар уэсукхъуэм къызэримыгъэуар. Быдэу къыщIэкIынущ ар иджыри.

НтIэ, Тхьэм къыптригъэпсынщIэ, сэ мэзхъумэм деж сокIуэ.

– Гъуэгу махуэ!

– Нэхъ лъагэу зиIэтыхукIэ, мэзауэ пщыIэхэм нэхъы-

бэрэ хуэзэ хъуащ щIалэ цIыкIур. Зыгуэр зэрыщыпсэур къапщIэу, ахэм ящыщ гуэрхэм Iугъуэ ящхьэщытт. Адрейхэр нэщIт, къызэтещэха гуэрхэри яхэтт. ЩIыпIэщIыпIэкIэрэ иджыри уэсыр темыкIыжауэ телът, мылхэри и нэсу ткIужатэкъым.

АдкIэ кIуэуэрэ, абы зэпиупщIащ псы уэр зыбжанэ. Псейхэмрэ узэдыгъейхэмрэт иджыркIэ щхъуантIэр, адрей жыгхэр зэкIэ къудамэ пцIанэт, пщIащэ къапыкIатэкъым.

ИкIэм-икIэжым, гъуэгурыкIуэ цIыкIур эдынэсын хуейм нэсащ. Гъуэгу къэгъэшыпIэхэм ящыщ зым деж уэздыгъей жыгышхуэхэм хэтт ахэм я пщыIэр. ЩIалэ цIыкIум и нэхэр лыдт. Пхъэ яе мыIущIахэмрэ ятIагъуэмрэ къыхэщIыкIа щхьэкIэ, а „быдапIэр“ щIалэ цIыкIум дежкIэ хэщIапIэ хъарзынэт, сыту жыпIэмэ ар абыхэ я унэт. ПщыIэм щIэлъу хъуар а къызэрагъэна дыдэм хуэдэт.

ЩIалэ цIыкIум жыхапхъэр къищтэщ, у нэ лъэгур ипхъэнкIри, унэку дыдэм деж мафIэ щIыпIэ щигъэхьэзыращ ИтIанэ чищч тIэкIу къыщIихьэри, хьэпшып къыздихьахэр здэщылъыпхъэхэм щигъэтIылъащ. Псори зэфIэкIа нэужькIэ, жэри кхъуэщыным изу абы къихьащ псынэпс къабзэ.

– Афэрым, си щIалэ! Мис, сэри сыкъэсащ. Тхьэм долъэIу иджы дыкъихъумэну! – жиIэри лIыжьыр пщыIэм щIыхьащ.

ТIуми зэщIыгъуу кIэртIоф яукъэбзри шыуаныр шыуанлъакъуэм трагъэуващ.

– Еуэ-тIэ, си щIалэ цIыкIу, пщтыр гуэр тхуэгъавэ иджы. СыкъыщыкIуэм тпэмыжыжьэу пщIащэ гъущэфIхэр зэтелъу слъэгъуащи, ахэр къэсхьынщи, сэ упщэфIэху ди гъуэлъыпIэхэр зэзгъэпэщынщ.

МафIэр цIыч-сыч жригъэIэрэ мо дихьэхауэ пщафIэ щIалэ цIыкIум и нэкIур къигъэнэхуу сырт. Ауэрэ псыр

щIэх дыдэу къэващ. Шыгъу тIэкIу, джэдгын, бжьын, щIакхъуэвэгъу цIыкIу-цIыкIуурэ зэпыупщIауэ хилъхьэщ, аргуэру зыкъомрэ игъавэри, щIалэ цIыкIум шыуаныр къытригъэувыкIыжащ.

– Дадэ, дадэ, къакIуэ, хьэнтхъупсыр хьэзырщ!

– Иджыпсту, Палко, – жэуап къитыжащ лIыжьым.

Абы хэту, хьэлъэу бауэу лIыжьым пщIащэ гъур IэплIакIуэшIуэ къихьри, плIанэпэм деж дилъхьащ. Абы и натIэ зэлъам пщIэнтIэпсхэр къекIуат.

– Мы зэпыту кIуэ... сыту хьэлъэт, ярэби, мыр! – губжьауэ къэшхыдащ ар. ИтIанэ бжэмышхитI и жыпым кърихщ, хьэнтхъупсым жор трищIэри, шхэуэ щIидзащ. ПщафIэхэр зэрагъасэ зы тхылъми къибгъуэтэнутэкъым а хьэнтхъупсыр зэращIа рецептыр, ауэ мыйтIум яфIэIэфIыпсу ирафырт.

Шхэн яуха нэужь, лIыжьым къихьа пщIащэ гъурхэр зэбгратхъущ, щащыху пхъашэ ин трапIэжри, гъуэлъыпIэ щабэшхуэ ящIащ. Шэджагъуэ зэрыхъуам и щыхъэту, дыгъэр пэзазэу бгым къыщхьэщытт. Ахэм загъэукIуриящ, тIэкIу загъэпсэхуну. ЩIалэ цIыкIум мэлыфэшхуэр къищтэри дадэ трипIащ, езым и бэл#тоужь цIыкIур зытриубгъуэри асыхьэтым тIури Iурихащ.

ПщыIэ жыхафэгум мафIэр щыблэрт. ПщыIэм и щхьэм хуэщIа гъуанэмкIэ икIырти, тыхь мафIащхьэм* щхьэщыт хуэдэ, Iугъуэр уафэм дэкIуейрт. ШыкIуртIымхэм хэхауэ мэ дахэ гуэр къапихти, гъатхэм и Iубахъэ гуакIуэм дуней псор зэщIищтат.

Гъатхэр – щIым псэ къыщыхыхьэж, дунейр къыщызэщыу зэманщ! – жаIэрт уэми щIыми. Ауэ мы пщыIэжьым щIэлъ цIыхуитIыр жей IэфIым хэтт, хэтт я сытри: япкъри, я псэри, я гупсысэхэри. Хэт ахэр къэзыгъэушынур?

---

* Тыхъ мафIащхьэ – жертвенник.

# ПАЛКОРЭ МЭЗАУЭЛІХЭМРЭ

ГъащІэм щигуащІэгъуэт къуршым. Пщэдджыжь нэмэзым щІидзэрти уэщ уэ макъ, жыг къагъауэхэм я щІэтхъэ макъ, къудамэхэм я зэхэщІыщІэ макъ, пхъэхым и тхьэусыхэ макъ, пхъэ зэтралъхьэхэм ящІ макъхэри ахэм къахыхьэжьауэ, – кІуэаракъэ, дэнэкІи щызэхэпхыр ахэрат. А зэщІэвыуэ-зэрыхьзэрийм зэзэмызэ къыхэІукІт цІыху псалъэмакъхэри.

КъыхэмыІукІа мыгъуэми нэхъыфІт ахэр: нэхъыбэу зэхэпхыр шхыдэ, хъуанэцІанэ, псалъэ фІей – ахэрат. Зэм гушыІэу, зэми – я фІэщыпсу.

Хуэм хуэмурэ пщыІэ псоми цІыхухэр щыпсэууэ щІадзащ. Зэщхьтэкъым абы щыпсэухэр: бзаджэхэри гуапэхэри яхэтт. Ахэр щылажьэм деж, шыдым хуэдэу лажьэрт, ауэ зэзэмызи замыщІэжу ефэхэрт. Уахътыншэ псэ зимыІэ Іэщым ещхьу псэут а цІыхухэр, къыфІэбгъэкІмэ, Іэщым нэхърэ нэхъыкІэт зэм-зэм ахэм я ІуэхущІафэхэмрэ я щытыкІэмрэ. Ауэ абыхэм яхэтт цІыхуфІхэри, а цІыхуфІхэм ящыщт Юригэрэ Лишкэрэ. Ахэри зэзэмызэ тІэкІу щеІуб щыІэт икІи жаІэрт: а псы гуащІэм пІалъэкІэрэ ефэу щымытамэ, цІыху тхьэмыщкІэхэм зы гурыфІыгъу и яІэнтэкъым: Пэжу, ахэми къащыжьэдэкІ къэхъурт псалъэ Іей гуэрхэр, ауэ лІот пщІэнур – ар мэзауэлІхэм я лэжьыгъэми я гъащІэми ещхьыжт. А тІур нэхъ цІыхуфІу псоми къалъытэрт, пцІыр сыткІэ щхьэпэ, – езыхэми апхуэдэу залъытэжт.

Палко цІыкІум фІэкІа а цІыху гу пхъашэ Іэ пхъашэхэр зылъэмыІэс зыри къагъанэртэкъым. А цІыху балигъ къомым сабийуэ яхэтыр а зырат икІи псори абы к#ызэреплъыр зэдахъумэн хуей я зэхуэдэ гуэрым ещхьут. Палко игъэзащІэрт хэти жиІэр: псы къахуихьт, къищыпа Іэгъэ-

бэгухэр псоми ятригуашэрти, зэзым, зэ адрейм хьэнтхъупс хуигъавэрт. Дадэ зыкIи гузавэртэкъым абы ишхынум щхьэкIэ: зыхуейуэ хъуар езы щIалэ цIыкIум къигъуэтыжт.

Юрига хуабжьу иригуфIэрт щIалэ цIыкIур зэрыIэсэм икIи зэрыжыIэдаIуэм. Абы фIэфIт мыпхуэдэу жиIэну: „Къуршыр къуршым хуэкIуэркъым, ауэ цIыхур Iэмал имыIэу цIыхум жьэхэуэнущ“.

И гур зэрызэIухам щхьэкIэ, зэрысабий цIыкIу лъандэрэ Юрига псоми фIыуэ къалъагъурт. Псоми бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтт абы.

„Сэ зыми зыкъысхуагъэгусэфын хуейкъым. Зыми и жагъуэ сщIыркъым, псоми гуапэу сэлам язох, дэтхэнэми псалъэ IэфI къыхузогъуэт. Зыгуэрым тутын е мафIэдэ имыIэмэ, шыгъур е лыр къыIэщIэухамэ? – сэ сщагъуэт. Мы щIалэ цIыкIури Тхьэм и хьэтыркIэщ сэ щIызэсшэлIар – жиIэурэ ар и щхьэм хуэпсэлъэжт икIи зыхузарэзыжт. Куэд дыдэ къигъэщIа пэтми, нобэр къыздэсым Юрига мы дунейм щыIущIатэкъым езым нэхърэ нэхъ цIыхуфI.

Май мазэм и зы тхьэмахуэт: Къуршым исхэм ящыщ зыкъомыр къуажэм къехыжат, – хэт чылисэм, хэт куей жылащхьэм*, хэт тыкуэным щыщэхуэну, хэти, и тхьэмахуэ лэжьапщIэр щригъэсыкIын щхьэкIэ журтым и ефапIэм кIуэну. Адрей къэнахэр хэт и пщыIэ къыщIэнауэ жейрт, хэти Iэгъэбэгущыпэ кIуат.

Зи пщыIэ къыщIэнахэм ящыщт Юрига Павели. Ар тутын ефэрэ дыгъэм зригъэууэ пщыIэ гупэм деж щыст. Абы хэту Павел зэхихащ гъунэгъу къыхуэхъу лъэ макъымрэ хьэ банэ мак#ымрэ. И щхьэр къыщиIэтым, абы

* Куей жылащхьэм – волостной центр

къилъэгъуащ махуэшхуэм зэрызахуапэм ещхьу екIуу зэщыхуэпыкIа щIалэщIэ мыцIыху. Шэч хэмылъу, ар IэщIагъэлI гуэрт.

– Уи махуэ фIыуэ, – жиIащ щIалэ мыцIыхум.

Юрига сэлам ирихыжащ абы.у

– Далэ, уи закъуэу ущыпсэурэ узмы пщыIэм? – къеупщIащ къыбгъэдыхьар.

– Си пхъурылъхум сэрэ дыщопсэу. ЛIот ущIыщIэупщIэр?

– Тхьэмахуэ зытIущкIэ лэжьапIэ гуэр сыщыIууващ мыбыи, а зэманым къриубыдэу фи деж сыкъыщыувыIэ мыхъуну пIэрэ?

– Уи Iуэхум езэгъыну щытмэ, – зыи узэрыхуейщ. Сыт уэ уи IэщIагъэр? – еупщIащ лIыжьыр.

– Сэ пхъэм къыхэбзыкIыныр си IэщIагъэщ. НтIэ, хъуну фи деж сыкъыщыувыIэ? Хъунумэ, и IэмпIэр фи деж къыщызнэнщ?

– Узэрыхуейщ. ЛIо, къуажэм уехыжыну ара иджыри?

– Хьэуэ, сэ мэзхъумэм деж сынэсыну аркъудейщ: Абы деж си хьэпшыпхэр къыщызнащ. Нэху сыкъыщекIынщ абыхэ я дежи, пщэдджыжь жьыуэ къэзгъэзэжынщ.

– НтIэ, абы щыгъуэ, уэ иджыри зэман уи куэдщ. КъэтIысыт тIэкIу. Мы хьэр ууей?

– Сысейщ. Дунай, къакIуэт мыдэ! Хьэ хужьышхуэр къыбгъэдыхьэри, зейм и лъапэм деж шыхьауэ къыщыгъуэлъащ.

– Сыкъыщежьэм, щIэзубыдат, арщхьэкIэ тхьэм ещIэ къызэрыщIэкIа щIыкIэр, – сытми къыслъэщIыхьэжащ. Я бзэ мыпсалъэ щхьэкIэ, хьэхэм цIыхум нэхърэ нэхъыфI к#ащыхэкI щыIэщ.

ЩIалэр тIысащ.

– Хэтхэ уарей-тIэ, сыт уи цIэр?

– Лессинг Мартинщ сэ къызэрызэджэр.

Юрига иригуфIэрт икIэм-икIэжым ныбжьэгъу зэриIэ-

нум. ЛIыжьыр Лессинг пкърыупщIыхьащ къыщалъхуа щIыпIэмкIи мэкъумэш елэжьын и лъэныкъуэкIэ абы Iуэхур зэрыщытми.

Лессинги лIыжьым деж къыщищIащ мыбы щыпсэу цIыхухэр зыхуэдэр, емыкIу къыумыхьу ахэм уазэрыхэтыфынур.

„ЦIыху дахэщ, зэкIужщ, – егупсыст Юрига, аргуэру и закъуэ дыдэу пщыIэ гупэм деж къыщынауэ, здэщысым. ЗанщIэу къапщIэрт ар дзэм зэрыхэтар. КъимыдэкIэ, абы губзыгъафэ тетщ. Ауэ, сыт хуэдиз и мыщIалагъми, ар нэщхъейуэ гъащIэм хэплъэрт, кIуэаракъэ, гугъапIэ лъэпкъ имыIэжрэ псори фIэкIуэда хуэдэ. Дэнэу пIэрэ щыкIуэдар мы Палко? Арат мы Iуэхум хуабжьу щыгуфIыкIынур езыр, псом хуэмыдэжу, – хьэм. Дэнэ ар пэж дыдэу здэщыIэр? Дэнэ щыбзэхар мы щIалэ цIыкIур?“

Палко здэщыIари? Пщэдджыжьым жьы дыдэу ар Iэгъэбэгущыпэ дэкIри, жыжьэIуэ IукIат, сыту жыпIэмэ майм деж Iэгъэбэгу нэхъ здэщыIэр мэз хуейхэм дежт. И IэмпIэм IэгъэбэгуфI дыдэхэр из ищIауэ абы зигъэхьэзырт унэм къэкIуэжыну. Ауэ асыхьэтым абы игу къэкIыжащ:

– Нобэ тхьэмахуэщ, унэм щысщIэн Iуэху лъэпкъ сиIэкъым. Сеуэу, мо къыр хьэдзэ къыхэшам сыдэкIыу абы адкIэ щыIэр зищIысым щхьэ семыплърэ. Арыншами, ар си хъуэпсапIэурэ къокIуэкI: сыту пIэрэ абы адкIэ щыIэр?“

Ар сабийуэ щыщытам, и анэ Аннэ таурыхъ Iэджи къыжриIэжу щытащ. Абыхэм ящыщ зыр абы хуабжьу игу ирихьат, щIэмычэуи Палко анэм елъэIут ар къыжриIэжыну. А таурыхъыр зытепсэлъыхьыр зы щIалэ цIыкIу гуэрт – кIуэдауэ ямыгъуэтыж пщы гуэрым и къуэт. И адэр мы дунейм тетыжмэ, къигъуэтыжыну щIалэ цIыкIур ежьащ. КIуэуэрэ, зэгуэрым ар къыр лъагэ гуэрым деж нэсащ. Абы хэту щIалэ цIыкIум къыщхьэщылъэтащ зы дыщэ бзу икIи къыжриIащ а къырым

щIалэ цIыкIур дэкIын хуейуэ, а къырым адкIэ щIалэ цIыкIум и адэр щытепщэ щIыпIэр, дыгъэм и лъахэр, зэрыщыIэр. ЩIалэ цIыкIур арэзы хъури ежьащ, ауэ и гъуэгуанэм лъэпощхьэпо куэд щыхуэзэрт: япэ щIыкIэ благъуэ шынагъуэм, итIанэ аслъэным, мыщэм... жыпIэнуракъэ, нэхъ шынагъуэу щыIэ хьэкIэкхъуэкIэ куэдыкIейм. Абыхэм щIалэ цIыкIур зэпкъратхъыным нэсарэ къаувыхьауэ зэхэтт, ауэ, Тхьэм и шыкурти, абы ехутылIауэ зы зекIуэлI и шы жэрым тесу къэсащ. ЗекIуэлIым хьэкIэкхъуэкIэ къомыр зэбгрихущ, щIалэ цIыкIур хуит къищIыжщ, и щыплIэм дигъэтIысхьэри, пщым и быдапIэм къихьащ. Пщыр щIалэ цIыкIум и адэрат.

Зэгуэрым Палко цIыкIур и егъэджакIуэм еупщIауэ щытащ, дыгъэм и лъахэр дэнэ здэщыIэр, ар иту зы карти сыхуэзэркъым, жиIэри. ЕгъэджакIуэр къыпыгуфIыкIри жиIащ:

– А зи гугъу пщIы лъахэр зы карти иткъым, си щIалэ, ар здэщыIэр таурыхъхэм я лъахэрщ.

Мис а лъахэм сыкIуащэрэт, жиIэу Палко куэдрэ къыхуихуащ. ПщIэххэнукъым, пщэдджыжькIэрэ пшагъуэм щIигъэнауэ щыт мо къырым адэкIэ щыIэу къыщIэкIынкIэ хъунущ а лъахэр. Зэгуэрым Золушкэ зэрыжиIам ещхьу „Си щIыбагъымкIи пшагъуэщ, си гупэмкIи пшагъуэщ“, – жиIамэ, итIанэ таурыхъхэм хэт а хэку дахащэм, нэгъуэщI мыхъуми абы и зы Iыхьэм, дыгъэм и лъахэм, зыкъызэIуихынт.

ПщэдджыжькIэрэ, псы къихьыну щыкIуэхэм деж, ар куэдрэ хуеплъэкIт а къырым, кIуэуэ и нэкIэ зригъэлъагъунри и хъуэпсапIэт.

– Нобэ хъарзынэу зэман щызиIэкIэ, тездзэнщи иджыпсту сыкIуэнщ. – Арати, Iэгъэбэгу къищыпар эрылъ хъуржыныр нэхъ къэгъуэтыжыгъуафIэ хъун хуэдэу игъэпщкIущ, къуэ кIуэцIым дэувэри, бгыщхьэм хуэкIуэу ежьащ. „Ар, дауи, здэщыIэр мыбдежщ, – темыпыIэжу

егупсыст ар. – Дыгъэр эзи щыкъуэмыхьэ, жэщи здэщымыIэ а лъахэм, дауи, хуабжьу щыхуабэу къыщIэкIынущ. Мыпхуэдизу сыкъыщIэпщIантIэри арагъэнущ сэ“.

ИкIэм-икIэжым, къырым и щхьэкъэракъэм нэсу щыплъэм, абы къилъагъуащ гъатхэ дыгъэм и бзийхэм къагъэнэхурэ ихъуреягъкIэ бгыхэм къаувыхьауэ ауэ мыин дыдэр.

Ар зытет къырым и джабэр хуабжьу задэт. И лъабжьэм, удз гъэгъахэр хэпхъауэ зытет тафэ щхъуантIэ дахэр, къэдабэ алэрыбгъум ещхьу, щиубгъукIат. Къырым псынэ цIыкIу къыщыщIэжырти, дыжьын лэрыпсым ещхь и лъабжьэмкIэ ежехт. ИхъуреягъкIэ терджэмымрэ губгъуэ розэмрэ щхъуантIагъэм хагъахъуэу къыщыкIт.

Ау, щIалэ цIыкIум зэригугъам хуэдэу, мыбдежым мамыртэкъым. Бзухэм зэпеуэрэ зэпежьуужу я уэрэдхэр кърашт, кIакIэхэрт. ЗыщIыпIэкIи къиIукIт жыг-уIум и уIуэ макъыр, псей иным и щхьэкIэм кIэ баринэ хъужахэу кIэпхъитIи къыщызэрехуэкIт. ЖыпIэнуракъэ, гъащIэр къыщикъуэлъыкIырт мыбы!

„Мыр, дауи, дыгъэ лъахэм и зы Iыхьэщ, и зы плIанэпэщ“ – егупсыст щIалэ цIыкIур.

Ауэ сыт гъэщIэгъуэн мо слъагъур? Псынэр къыщыщIэжым пэмыжыжьэу бжэ щIыхьэпIэм ещхьу къырым зы гъуанэ гуэр иIэщ. Абы ихьау еплъамэ, щхьэ мыхъурэ? Къыр хьэдзэ зэхуакухэм дидз дыгъэ бзийхэр абыи нэст. А бгъуэнщIагъым и кIуэцIыр псэуалъэ гуэрым ещхьт. Утыкум итт мывэм къыхэщIыкIа Iэнэрэ шэнтрэ. Блынхэр бэджыхъым щIагъэнат.

„Мыбы, хэбгъэзыхьмэ, ущыпсэуи хъунущ, – егупсысырт Палко. – ЩыпсэуIамэ-щэ?“.

Шынапэурэ, ар абы щIыхьащ. Сыту пIэрэ мо мывэ Iэнэм телъыр зищIысыр? Тхылъ гуэрщ. ЩIалэ цIыкIум ар къызэIуихри, зэпищэурэ япэ тхьэпэм итым къеджэу щIидзащ:

*„УХЭТУИ ЩРЕТ, АУЭ МЫБЫ УКЪЫЩІЫХЬЭУ МЫ УЭГУРЫКІ ТХЫЛЪЫР КЪЭПЩТАГЪЭХХЭМЭ, ЗЫ САТЫР ДУМЫГЪЭХУРЭ УЕГУГЪУУ ИКІИ ЗЭХЭПЩІЭУ КЪЕДЖЭ. АБЫ УЭ УТРИШЭНЩ ХЬЭДАГЪЭМ И АУЗ МЫ УЗЫДЭТЫМ УИКІЫУ ЗЭИ ЖЭЩ ЗДЭЩЫМЫІЭ, ДЫГЪЭР ЩЫКЪУЭМЫХЬЭ, МЫУХЫЖ НЭХУМРЭ НАСЫПЫМРЭ ЗДЭЩЫІЭ Л'АХЭМ УЗЫШЭНУ ЛЪАГЪУЭМ".*

ЩІалэ цІыкІум хуабжьу игъэщІэгъуащ. КъызэрыщІэкІымкІэ, ар щыуатэкъым. Мы тхылъ фІыцІэ цІыкІу телъыджэм ар тришэнут дыгъэм и лъахэм ухуэзышэ лъагъуэм. Зы карти имыт щхьэкІэ, къызэрыщІэкІымкІэ, а лъахэр зыщІыпІэ щыІэщ. ЩІалэ цІыкІур шэнтым тетІысхьэщ, и Іэхэр и щхьэм щІигъакъуэри, къеджэу щІидзащ. ИфІэфІыпсу абы япэ тхьэпэр къемыджэублигъэкІынут, сыту жыпІэмэ абы итыр цІэ защІэт, ауэ тхылъым и пэщІэдзэм итт „зы сатыр думыгъэхуу" жиІэу.

А цІэхэр, дауи, дыгъэм и лъахэм щыпсэуа цІыхухэм яйщ. Ауэ сыту Іэ гъэщІэгъуэн защІэ! Абыхэм яхэтт Палко нэхъ и нэІуасэу цІитІ: Иосифрэ Мариерэ. Ахэм яхэббжэ хъунут мы цІэ гъэщІэгъуэнри: Емануил. Абы къикІыр „Тхьэр ди гъусэщ" жиІэу арат. Ар дауи, Тхьэм нэ зыхурища щІалэ цІыкІу гуэру къыщІэкІынщ, Тхьэр щигъусэкІэ. И кІэ дыдэм итт сабий гуэр къызэралъхуар, цІэуэ Исуси зэрыфІащар. Исус-сыту цІэ дахащэ, Емануил цІэм нэхърэ нэхъ дахэжщ! Абы нэхъапэхэми зэхихыу щытащ мыпхуэдэ хъуэхъу псалъэхэр: „Исус Христосым – щІыхь!" Зыгуэр хуабжьу шынамэ, мыпхуэдэ псынщІэрыпсалъи жаІэу щытащ: „Исус, Марие, Иосиф! Мыбы ит цІэ дыдэхэрауэ пІэрэ, нытІэ, ахэр?" Абы и жэуапыр мыбы къыщыхуэгъуэтакъым щІалэ цІыкІум. „КъыздэІэпыкъу, ди Тхьэ!" – а псалъэхэр куэдрэ зэхихат абы дадэ жиІэу, хьэл#э гуэр къыщиІэтынум деж. Палко адкІэ къеджэу щІидзащ.

АдкIэ итыр абы нэхъыфIу къыгурыIуэрт: а Исус сабий цIыкIур Вифлеем къыщыщалъхуам щыгъуэ, дыгъэм и лъахэм пщыуэ тетар ИродкIэ зэджэ гуэрт. А пщым цIыху Iущ гуэрхэр къэкIуащ – ахэр, шэч хэмылъу, Iэзэу е тхьэгурымагъуэу щытауэ къыщIэкIынут. Ахэр хуейт Исус ялъагъуну. Ауэ сыт зищIысыр абыхэм КъуэкIыпIэмкIэ щалъэгъуа вагъуэр? Иджы, мис, – а Сабиийм еплъыну хуейхэти, зыми къригъэлъагъукъым Ар; ахэр Вифлеем къагъэкIуащ, къызэрыкIуэну лъагъуэр къезыгъэлъэгъуари а вагъуэрщ. Ар уэгукIэ абыхэм япэ иту, модрейхэр абы иужь итурэ къэкIуахэщ. Ауэрэ вагъуэр унэ гуэрым хуэзанщIэ зэрыхъуу, зэуэ къэувыIащ икIи а унэм ахэм къыщагъуэташ Сабиймрэ Абы анэ Мариерэ. Ар, шэч хэмылъу, зы пащтыхьыкъуэ телъыджэ гуэру къыщIэкIынут, сыту жыпIэмэ Абы и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу итIысхьащ мо цIыху Iущхэр икIи бейхэр, итIанэ тыгъэ гуэрхэр абы хуащIащ: дыщэ, ладан, смирна. ИтIанэ нэгъуэщI гъуэгукIэ ахэр я хэку кIуэжащ. Тхьэм апхуэдэу къахуиухат абыхэм.

– ЕI, сыту фIыIуэт ар! – къыхэкIиикIащ гуфIэрэ Iэгу еуэу щIалэ цIыкIур. – а Ирод хъужыр благъуэ гуэру къыщIэкIынут, а Сабийр абы ишхыну зэрыхэтами шэч хэлъкъым. Ауэ жэщым мелыIычыр къехщ, шынагъуэ зэрыщыIэр къажриIэри, шыри – Иосифи, Марии, Исуси щIэпхъуэжащ. Иосиф, шэч хэмылъу, зекIуэлIу шытагъэнщ. Абыхэм гъуэгуанэшхуэ зэпачын хуей хъуащ. Ауэ, гуауэшхуэратэкъэ, благъуэм унафэ ищIащ сабий цIынэу щыIэр яукIыну, абы къыхэкIыуи ахэр къэзылъхуа анэхэм хьэдагъэ мыухыж ящIырт. Ауэ, хъарзынэу, благъуэжьыр, икIэм-икIэжым, лIэри Сабийр щIыгъуу Иосиф дыгъэм и лъахэм къэкIуэжыну хуит хъужащ. Абы иужькIэ ахэм хэщIапIэу къыхахащ Назарет къалэр икIи абы щыпсэуахэщ.

„О, сыт сэ а дыгъэм и лъахэм, теухуауэ нобэ къэз-

мыщIэу къэнар! – егупсыст щIалэ цIыкIур. – Ауэ иджы унэм кIуэжын хуейщ, ахъумэ дадэ гузэвэнщи, си лъыхъуакIуэ къежэжьэнщ. Тхьэм и шыкуркIэ, мы бгъуэнщIагъыр апхуэдэу тпэжыжьэкъым, махуэ къэс сыкъэкIуэфынущ. Махуэ къэс дыдэ сыкъэмыкIуэфми, тхьэмахуэкIэрэ хъарзынэу сыкъэкIуэфынущ. Дауэрэ мыхъуами, сэ къэсщIэну сыхуейщ а пащтыхьыкъуэ телъыджэм и Iуэху зэрыхъуар, сэр-сэрурэ а дыгъэм и лъахэр къызэрызгъуэтыну щIыкIэр“.

## „ДЫГЪЭМ И ЛЪАХЭ“ ДЫДЭМ УХУЭЗЫШЭ ЛЪАГЪУЭР

ЦIыхухэр щIэх зосэ. Лессинг Мартин зы мазэ нэхъыбэ хъуатэкъым Павел и унэм зэрыщыпсэурэ, ауэ ахэм къащыхъут зэрызэгъусэрэ куэд дыдэ щIауэ. Павел щыуатэкъым Палко хьэм щыгуфIыкIыну къызэрыщыхъуамкIэ. Палко и къатыр цIыкIухэм я лъэужьыр щыплъагъу дыдэм деж хьэм и лъэужьми ущыхуэзэрт.

И унэм Лессинг щыпсэу зэрыхъурэ, Юрига лIыжьым ефапIэр ибгынат. Лессинг-тIэ тутыни аркъэи ефэртэкъым.

– Сычэфу сэ зэгуэрым зы щIэпхъаджагъэ сщIащи, игъащIэкIэ си гум ихунукъым, – жиIащ абы, япэ дыдэу Юрига бжьэ къыщыхуишиям – Уэри ефэн щыбгъэтамэ, хъарзынэ дыдэ хъунут. Апхуэдэурэ абы тебгъэкIуадэ ахъшэр зэхуэтхьэсамэ, зы махуэ къэмынэу шэ, тхьэмахуэкIэрэ-лы къытхуэщэхунут дэ.

Юрига игу ирихьащ абы къыжриIар. Лым апхуэдэ дыдэу щIэхъуэпстэкъым ар, ауэ шэр хуабжьу фIэфIт, къызэрищэхун имыгъуэту арат ахъумэ. Иджы махуэ къэс абы иIэнут шэ къашагъащIэ. Ауэ Юрига хухыфIэ-

мыдзэр и лулэжьырат, абы къыхэкIыуи Лессинг тутын къыхуихьт абы Зэадэзэкъуэм ещхьу, ахэр зэбгъурылъу жейрт, Палкорэ Дунайрэ адрей плIанэпэр я егъэзыпIэт.

Ауэ Юрига къыгурымыIуэр зыт: апхуэдизу псоми гуапэу яхущыт Лессинг, Палко щIалэ цIыкIум зы гулъыти хуищIтэкъым, адрейм зигъэлIэжрэ лъэкI къимыгъанэу абы къыхуэжыIэщIэ пэтми.

Павел дыдэ зыкIи гу лъитатэкъым иужьрей зэманым щIалэ цIыкIур нэхъ щым икIи нэщхъеириле зэрыхъуам. Палко дежкIэ гуфIэгъуэшхуэт ар шэхьэ щагъакIуэр. Ешарэ гувауэ къигъэзэжт абы сытым дежи. Юрига нэгъуэщI ныбжьэгъу имыIамэ, щIэх дыдэу гу лъитэнут Палуо зэрызихъуэжам, ауэ апхуэдэхэм егупсысыну хущIыхьэгъуи игъуэттэкъым абы. Тхьэмахуэ махуищми лIыжьымрэ Лессингрэ зэи дамыгъэхуу чылисэм кIуащ, къыщагъэзэжари хуабжьу хэкIэсауэрэщ. Шар Iэнэм тетыххэт. ЩIалэ цIыкIум ахэр еупщIтэкъым махуэ псом ищIамкIэ.

Ауэ сыту щэджащэу къыщыхъурэт щIалэ цIыкIум япэ дыдэу игъуэтауэ ихъумэ щэхур! Абы езы дыдэми къыбжиIэфынутэкъым, абы къигъуэта телъыджэр щIибзыщIыр.

Таурыхъ гуэрхэм хэтт, цIыхухэр тебжа нэужькIэ, абы хэта псори бзэхыжу. Хэт ищIэрэ, – дыгъэм и лъахэм щыщ щIыпIэ зэрыхуэзар, а бгъуэнщIагъ телъыджэмрэ фIыцIагъэ телъыджащэмрэ къызэригъуэтар, махуэ къэмынэ зы сыхьэтыпэ, тхьэмахуэхэм деж пщэдджыжьым къыщыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ хъуху, дыгъэм и лъахэм хуэкIуэ гъуэгур къихутэн мурадкIэ, зы сатырэ къимыгъанэу а тхылъыр зэрыщIиджыкIыр цIыхухэм къащIамэ, – хэт ищIэрэ, а бгъуэнщIагъыр бзэхыжынкIи хъунт! ИтIанэ абы зэи, зэи къищIэнутэкъым а и гур зыхуэпабгъэр. Арат абы зыщIимыгъэгусэр, тхьэмахуэ къэс кIуэурэ къищып мэракIуэр фIэмащIэу лIыжьыр

къыщешхыдэм деж. Езым псори къищIа нэужькIэ, мис итIанэ дади жриIэнщ икIи зыщIиг#унщи кIуэнщ а лъахэм, нэхугъэ мыухыжыр здэщыIэм, Исус щыпсэум.

Палко нэхъыбэ къеджэху, а лъахэ телъыджэм нэхъ мащIэрэ щIэгупсыс хъуат. Зэрыхъур езыми къыхуэмыщIэурэ, ар бгъуэнщIагъым кIуэрт, Исус теухуауэ нэхъри нэхъыбэ къищIэн мурадкIэ. О, сыту щэджащэ а Исус! Сыту гущIэгъулы Ар, сытуи къаруушхуэ иIэ Абы! Абы зыхуей псори ищIэфырт. ЩIищIэфри, Ар Тхьэм и Къуэу зэрыщытарагъэнущ. Палко, пэжу, къыгурыIуэртэкъым Иорданым щекIуэкIхэр, мацIэрэ щIыбжьэ форэ ишхыу псэуа Иуан жыхуаIэ цIыху гъэщIэгъуэным Исус кърищIар. Ауэ Палко къыгурыIуащ уэгум макъ къызэриIукIар. Уэгур-тIэ Тхьэм и псэупIэщ. Мис Абы жиIащ Исус Тхьэм и Къуэу зэрыщытыр, цIыхуу щыIэр Абы едэIуэн зэрыхуейр.

„Ауэ дауэ ар къызэрыбгурыIуэнур? – егупсыст ар. Иосифтэкъэ Абы и адэр? А-а, къызгурыIуащ, – Юрига дади сэ си адэшхуэ дыдэкъым. СызэрипIыжым щхьэкIэ, сырипхъурылъхуу я гугъэщ цIыхухэм“.

Арати, Палко хьэкъ щыхъуащ, Тхьэм ар щыфIэкъабылкIэ, Исус фIэлIыкIыу щытын зэрыхуейр.

„ЦIыхухэр Абы зыхуригъэджар къэсщIа нэужькIэ, Езыр сымылъагъу пэтми, сэ Абы сытымкIи и седэIуэнущ, жиIэу къуари а зэрыжиIа дыдэм тету згъэзэщIэнущ. О, сыту щэджащет Ар, гуэныхь зыпылъ Iуэху иригъэлэжьыну къыкIэрыхъыжьа шейтIаныр щрихужьэжам! Дэгъуэ дыдэщ Абы а бдзэжьеящэхэр Езым деж ишэу сымаджэхэм зэреIэзар, зэригъэхъужар. СыткIэ къемылъэIуами, а къызэрелъэIуар. Абы цIыхухэм яхуищIэрт; цIыху минитхум яхурикъун щIакхъуэ нэгъунэ яритащ. Сыту гъэщIэгъуэныщэ а псори! Ауэ сыт адкIэ къэхъунур?“ – егупсыст ар, Исус и бийхэр Абы къызэрегием щынэсам.

Куэд дыдэ къриджыкIащ абы а фIыцIагъэ лъапIэм! КъыфIэбгъэкIмэ, жэщхэм же ижыфыртэкъым. Махуэм зэджауэ хъуар и нэгум щIэмыкIыу щIэтт: Исус нэщхъейуэ зыхэта жыг хадэр, и натIэм лъы пщIэнтIэпсыр къыпхивыху Тхьэм зэрелъэIуар...

Абы и гъэсэнхэр-щэ? Дауэ жеифа ахэр апхуэдэ дакъикъэхэм?

„Сэрауэ щытамэ, Абы IэплIэ хуэсщIынти, жесIэнт: Умышынэ, Тхьэм щхьэхуит укъищIыжынщ Уэ!“ Ауэ, сыту гуауэт! Тхьэм щхьэхуит къищIыжакъым Ар. Апхуэдэу щхьэ ищIа Абы ар? Ахэр къакIуэщ, япхщ абыми, итIанэ... – Нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ, щIалэ цIыкIур адкIэ ерагъкIэ къеджащ Абы удын куэд зэрырадзам, Ар зэрагъэпудам, икIэм-икIэжым жорым зэрыкIэраIулIам. – Мис ар сэ сщIэххэртэк#ым: жорым кIэрыIулIауэ чылисэм щIэта Христосыр Езы Исусырауэ! Пажщ, ар Езы дыдэракъым, пхъэм къыхэбзыкIа и сурэтщ. Ауэ сыт Ар Тхьэм щхьэхуит къыщIимыщIыжар, мыпхуэдэу щелъэIуам щыгъуэ: „Си Тхьэ, сыт Уэ мыпхуэдэу сыкъыщIэбгъэнар?“

Палко тхылъыр зэхуищIыжри, хуабжьу къэнэщхъеяуэ унэм кIуэжащ. Дыгъэр иджыри пэзазэу щхьэгум итт. Къуршым дунейр щыдахэт, псори щхъуантIагъэм щIигъэнат, псори къызэщIэгъагъэрт. Дунай, кIэпхъхэмрэ бзухэмрэ къиубыдыну хэту, дэпкIей-дэлъейуэ абы къыбгъурытт. Ауэ щIалэ цIыкIум и гур зыми хуэгъэгуфIэртэкъым.

„Мы удз цIыкIухэри щхьэ гъагъэрэ, мо бзухэри щхьэ бзэрабзэрэ, Исус лIэуэ щыщIалъхьэжакIэ? – егупсыст ар, нэщхъеягъуэм зэщIиубыдауэ. – Ар щымыпсэужкIэ, иджы сэ Абы зэи схужеIэнук#ым фIыщэу зэрысл#аг#ур, псомкIи седэIуэну сызэрыхьэзырыр!“

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Палко бгъуэнщIагъым кIуэххакъым тхылъым еджэну. АрщхьэкIэ абы игу къэкIыжащ

дыгъэм и лъахэм хуэкIуэ гъуэгур къэбгъуэтын щхьэкIэ, зы сатырэм адрейр къыкIэлъыкIуэу зэрытхылъу джын зэрыхуейр. Ар фIэкъабылу щытащ Абыи. Адрейуэ, Палко хуабжьу къищIэну хуейт, Исус лIа нэужькIэ, абы и гъэсэнхэмрэ Мариерэ я Iуэху зэрыхъуар, ящIахэр.

Юригэрэ Лессингрэ къуажэм щрагъэкIуэкI ещанэ тхьэмахуэ махуэт ар. АтIэми, и Iэ цIыкIуитIыр и жьэпкъым щIэгъэкъуарэ тхылъым еджэу Палко абы щыгъуэ бгъуэнщIагъым щIэст. Еджэу эдэщысым, ар зэуэ къыщылъэтри, гуфIэрэ дэлъей-дэпкIейуэ щIидзащ.

– Ар псэущ! Псэущ! – кIийрт Палко. Къуршхэм я джэрпэджэжри абы къыдэгуфIэрт: – Ар псэущ! Псэущ!

Абы и гуауэри гуфIэгъуэри сытым дежи къыдэзыгуэшыну хьэзыр и хьэми гуфIэрэ и кIэр игъэджэгуу щIалэ цIыкIур къиуфэрэзыхьт.

– Исус псэущ, Дунай! – кIиящ аргуэру щIалэ цIыкIур. – Уэ пщIэуэ пIэрэ Ар Тхьэм и Къуэу зэрыщытыр? И кхъэм тралъхьа мывэр къытригъэукIуриикIри, Ар дунейм къытехьэжащ, къэхъужащ! Ауэ иджы зэран укъысхуэмыхъуу, моуэ мы си бгъум деж къэгъуэлъи щыл#. Сэ къэсщIэну сыхуейщ адкIэ къэхъуахэр. КъасщIэмэ, итIанэ сэ псори бжесIэжынщ.

Хьэм абы жиIэр игъэзэщIащ.

Палко аргуэру шэнтым тетIысхьэжри, тхылъым еджэным щIидзэжащ. Хьэри, и щхьэ бэлацэр щIалэ цIыкIум и куэщIым кърилъхьэри, Исус теухуауэ зыгуэрхэр къищIэным ар нэхъ хуей хуэдэ, и нэ губзыгъэхэмкIэ къыхудэплъейуэ къэтIысащ.

Зы сыхьэт хуэдэ дэкIыу бгъуэнщIагъым къыщыщIэкIыжам, Палко апхуэдизкIэ гупсысэхэм хилъэсати, Дунаи гу лъитэжыххэртэкъым.

„И гъэсэнхэр Исус и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу щитIысхьэм, Абы къажриIащ дунейр къутэжыхукIэ Ар абыхэм зэращIыгъунур, уэгуми щIылъэми къыщыхъуну,

щекIуэкIыну псомкIи и Абы унафэр зэрыIэщIэлъыр, ахэм ярита чэнджэщхэр къанэ щымыIэу ягъэзэщIэн щхьэкIэ, цIыхухэм гурагъэIуэну зэракъалэныр“.

ЩIалэ цIыкIум къыщыхъурт Исус, мис а псэур, къэхъужу лIахэм къахэкIыжар, абы и гъусэу, къыдэщIыгъуу. Абы и Iэхэр и бгъэм щызэтридзэщ, лъахъшэу зигъэщхъри, жиIащ: „О, Исус, Тхьэм и Къуэ, Уэ укъысхуэмылъагъу щхьэкIэ, сэ сыкъыболъагъу Уэ. О, сытым хуэдэу сыгуфIэурэ сэ бжесIэнут Уэ фIыщэу, къыфIэбгъэкIмэ, дадэ нэхърэ нэхъыфIыжу, узэрыслъагъур, псомкIи Уэ сынодэIуэну сызэрыхуейр. КъыздэIэпыкъу Уи деж сынэзышэн лъагъуэр къэзгъуэтыну!“

Палко а махуэм, и мыхабээу, нэхъ жьыуэ къэкIуэжат. МэракIуэ къищыпри къихьащ, мафIэр къызэщIигъанэри, дадэ хьэнтхъупс хуигъэвэну тригъэуващ. Абы щыгъупщэжагъэххэт, мэракIуэ мыхъу зытIущ фIэкIа махуэ псом нэгъуэщI и джийм зэремыхар. АтIэми, зэи хуэмыдэжу, абы и гущIэр нобэ къигуфIыкIырт. Абы къыщыхъурт Езы Исус дыдэр абыхэм я пщыIэм къэкIуарэ Абырэ езымрэ ныбжьэгъуфI зэхуэхъуауэ.

– Плъагъуркъэ, иджыпсту сэ дадэ сыхуопщафIэ, – жиIэурэ щIалэ цIыкIур епсалъэрт и Ныбжьэгъу нэрымылъагъум. – Иджы сэ псыхьэ сыкIуэн хуейщ. КхъыIэ, сынолъэIу, уемыжьэжу къанэ! Къыспэплъэ сыкъэсыжыху. Сэ Уэ хуабжьу фIыуэ, фIыщау узолъагъу!

Ауэ щIалэ цIыкIум къыфIэщIащ, абы щIыгъуу Исуси псыхьэ кIуауэ. „О, сэ зэхызощIэ, – Ар къысщIыгъущ! – жиIэри щIалэ цIыкIум и Iэхэр и бгъэм кIэрикъузащ. – О сыту гухэхъуэ ар!“

Аурэ, хьэнтхъупсри хьэзыр хъури, щIалэ цIыкIур темыпыIэжу пэплъэу щIидзащ дадэ къэсыжыным. Япэрауэ, ар езыр хуабжьу къэмэжэлIат, етIуанэрауэ, абы мурад ищIащ псори нобэ дадэ жриIэжыну, сыту жыпIэмэ Тхьэшхуэ Исус игу иримыхть куэд ищIакIэт дади.

Псалъэм папщIэ, тутын щефэкIэ, дадэ щIэмычэу убжьытхэрт. Ар сытым хуэдэу гурымыхь-тIэ! Щышхыди щыхъуани куэдрэ къыхуихуэрт абы. Мис ахэри Исус ныкъусаныгъэу къилъытэхэм ящыщт.

Ауэрэ дади къэсыжащ. Ар тIэкIу ефати, щIэмышхыдэрэ щIэмыхъуанэрэ щыIэтэкъым. Хьэнтхъупсми ефэн имыдэу, зэрыхуэпам хуэдэу, и щыгъынышщIэмкIэ абы пIэм зригъэукIуриящ. Шынапэурэ, Палко абы жриIащ и щыгъын нэхъыфIыIуэр упIышкIункIэ зэрыхъунур, арщхьэкIэ модрейм зыкъишэщIщ, къеуэри, щIалэ цIыкIум и напэр кърихулэкIащ. Удын зытехуа напэр зэуэ плъыжь къэхъуащ, куэдри узащ.

– Губгъэн хуумыщI, Исус Тхьэшхуэ, мыр апхуэдэу зэрыхъуэнэ-цIанэм щхьэкIэ, – макъ лъахъшэ дыдэкIэ лъэIуащ щIалэ цIыкIур, – абы ищIэркъым Уэ иджыпсту мыбдеж узэрыщытыр. Чэф мыгъуэщ!

Юрига жея нэужькIэщ, упщIыIужу хуежьа хьэнтхъупсым ефэну щIалэ цIыкIур щытегушхуар. Щыгъу хидзэну къыщыгъупща пэтми, хьэнтхъупсыр IэфI дыдэу къыщыхъуащ абы.

– О, пщIэ зыхуэсщI Исус, – къэгъэзэж! – жиIэурэ лъаIуэрт ар, жейр къытекIуэу щыщIидзам. – Сэ хуабжьу сешащ, жей щхьэкIэ солIэ. Сыту фIы хъунут Уэ зэи уэбгъэдэмыкIамэ!

## ЮРИГА ДАДЭ

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Юрига лIыжьыр кIасэфIу къэушащ. И щхьэр ундэрэбжьарэ бдзапцIэм хуэдэу, игуми хуабжьу хьэлъэ гуэр телъ къыфIэщIу щылът ар. Зыщигъазэм, абы къилъэгъуащ и Iэ лъэныкъуэр Дунай иришэкIауэ мафIэм пэрыс Палко. ЩIалэ цIыкIум и

щхьэц сырыхур хьэм и щхьэ бэлацэм техьэрэ тIури мафIэ къызэщIэплъам хэплъэу щыст.

А тIум я щысыкIэр плъагъуныр апхуэдизкIэ гухэхъуэти, ахэм яIуплъа лIыжьми и гур игъэпIейтеящ. Ауэ лIыжьым занщIэу игу къэкIыжащ дыгъуэпшыхь ищIар, зыгуэр щхьэкIэ Палко зэреуар.

„А щIалэ цIыкIум Iей лъэпкъ игу илъакъым. Емынэм зэрихуэу ефат езыр? Ирифаышхуи щыIэ хуэдэтэкъым, ауэ зэуэ чэф хъуат. Сыту фIыт Лессинги нобэ зэрыдэмысыр. Дыгъуасэ чылисэм дыкъыщикIыжым абы си закъуэу сыкъимыгъэнамэ, хъарзынэу унэм сыкъэкIуэжат. Ауэ зыгуэрхэм сахуэзэщ, сыкъагъэдаIуэри, ящIыгъуу сымыкIуэу хъуакъым“.

УкIытэжарэ щIегъуэжауэ, Павел лIыжьыр и щхьэ тхъуам щIэтIэхъуащ. Абы куэдкIэ нэхъ къищтэнут, нобэкIэ щIалэ цIыкIум емыпсэлъамэ. Иджыпсту ар хуабжьу ириукIытэжт ефакъуэу щIалэ цIыкIум зэрыхэуам. Ар зэхихамэ, лIот абы Рацга къыжриIэнур?

АтIэми зыгуэр жыIэн хуейт. А гупсысэхэр зыщхьэщихущ, лIыгъэ хилъхьэри, абы макъ лъагэкIэ жиIащ:

Палко, модэ си жыпым иIэби, зэкIуэцIыпха гуэр илъщи къащтэ, ар ууейщ. Дыгъуасэ жортещIэ* гуэрым сыщыIати, абы къыщызатащ.

ЩIалэ цIыкIур къыщылъэтщ, пщэдджыжьыфIкIэ лIыжьым ехъуэхъури, дадэ жыхуиIар зэуэ зэкIуэцIихащ. О, сыту фIыIуэт: псыхьэлывэ инышхуитI, щIакхъуэ бзыгъэшхуэ, булъкIэ цIыкIу зыбжанэ!

– Мы псори сэ къызэптыну ара-тIэ, дадэ? – игъэщIэгъуащ Палко икIи и гуфIэпсыжу мо къыхуахьахэр ишхыу щIидзащ.

– Псори ууейщ, си щIалэ цIыкIу. Ар дыгъуэпшыхь

* ЖортещIэ – крестина.

сефэкъуауэ сыкъэкIуэжу сынызэроуам щхьэкIэщ. Зэпыту кIуэн а фадэм цIыхур гущыкIыгъуи хьэкIэкхъуэкIи и ещI. Сэ зыIуслъхьэну си гугъакъым, ауэ бысымри хьэщIэхэри апхуэдизрэ къыщолъэIукIэ, лIо пщIэнур?

– ПщIэрэ, дадэ, – жиIащ щIалэ цIыкIум щабэу, – сэ укъызэрысхэуаракъым Iуэхур; сэ сызыщышынар нэгъуэщIщ: апхуэдизу ушхыдэу, ухъуанэу зэхэзых Исус Тхьэм дыкъимыбгынащэрэт, жысIэрт. ЦIыху чэф зыщIэс унэм пхущIэсыну си фIэщ хъурkъым сэ Ар.

ИгъэщIагъуэрэ пидзыжынур имыщIэу, лIыжьыр щIалэ цIыкIум еплъът. Сыт мыбы жиIэри, жыхуиIэри хэт?

– Уэ зи гугъу пщIыр Лессинг? Ар, плъагъукъэ, – щыIэкъым, тхьэмахуэ псокIэ къэтынущ. Пэжщ, абы цIыху ефахэри зэрыхьзэрий лъэпкъи игу техуэркъым.

Юрига зитхьэщIри шхэну тIысащ.

– Хьэуэ, сэ зи гугъу сщIыр Мартинкъым, – аргуэру жиIащ Палко.

– Догуэ, уэ зэи уемыджауэ ара дыгъэ къуэмыхьэжыр здэщыIэ лъахэм ухуэзышэ гъуэгум тетхыхь фIыцIыгъэ лъапIэм?

– Хьэуэ, си щIалэ цIыкIу, апхуэдэ тхылъ сэ зэи седжакъым. Хэт уэ къыбжезыIар апхуэдэ тхылъ щыIэу?

– Сэ сощIэ апхуэдэ тхылъ зэрыщыIэр, – жиIащ Палко, щэху гуэр къызэIуих хуэдэ, и щхьэр зыщIыпIэкIэ ищIурэ. – Исус теухуауэ сытри къибджыкIыфынущ абы.

Арати, щIалэ цIыкIум абы жриIэжу щIидзащ Исус къызэралъхуар, Ар благъуэжь бзаджэм игъэлIэну зэрыхэтар, щIыпIэ жыжьэм къикIыжа нэужь, абы игъэхъахэр.

– Уэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Исус Христос теухуауэ Инжылым итхэр къызжыбоIэж. Уэ сэ слъагъум куэдкIэ нэхъыбэ уощIэ абы теухуауэ, сэ зи лIэжыгъуэ лIыжьым нэхърэ. Дауэ а псор уэ къызэрыпщIар?

Палко псори лIыжьым жриIэну къыщIидза къудейуэ, мэзауэл! Лишкэ къыщIыхьэри, щимыгъэтыжу хъуа-

къым. Юригэрэ Лишкэрэ зызэрагъэпэщри и мэзым кIуащ, паупщIыну къахухиха щIыпIэр къаригъэлъагъуну мэзхъумэм къигъэгугъати. ЯкIуаышхуи щымыIэу, ахэм Палко якIэщIыхьащ.

– Сыт узыхуейр, си щIалэ цIыкIу? – къеупщIащ абы Юрига.

И нэ къуэлэн къабзэхэмкIэ еплъурэ Палко ахэм елъэIуащ:

– КхъыIэ, ефапIэм нобэ фымыкIуэ. Аргуэру фефэрэ ущхыдэу, ухъуанэу укъэкIуэжмэ, Исус ди унэм зэи къимыгъэзэжынкIэ сошынэ.

– Уэри сумыгъэбампIэу скIэрыкI, – жиIащ Юрига нэщхъейуэ. Ауэ Палко ищIэрт дадэ афIэкIа зэремыфэнур. ИкIи щыуакъым. Апхуэдэурэ махуэ зыбжанэ блэкIащ, а къигъуэта телъыджэм и гугъу лIыжьым хуищIыну Палко хущIэмыхьэурэ. МахуэкIэрэ дадэ, Лишка дэщIыгъуу мэзауэ дэкIырти, ешарэ зэхэукIауэ, къэкIуэжа нэужь, шхэрти, занщIэу гъуэлъыжт... Щэбэт махуэу Лессинг къэкIуэжащ. ЩIалэ цIыкIум къыщыхъуащ ар хуабжьу нэщхъейуэ. И гуапэу кIуэнурэ ар еупщIынут апхуэдизу щIэнэщхъейм и щхьэусыгъуэмкIэ. Исус лIауэ къыщищIам, абы езым зэхищIат икIи къыгурыIуат гуауэр зищIысыр. Ауэ Лессинг абы гу къылъимытэххэ хуэдэу щытти, пкърыупщIыхьыну тегушхуакъым.

## МАЛИНЭ ЩОДЖЭНЫР*

А тхьэмахуэм къриубыдэу щIалэ цIыкIум хущIыхьэгъуэу игъуэтар мащIэ дыдэщ, дыгъэм и лъахэм кIуэн

* Щоджэн – священник.

папщIэ. Дадэ католик щоджэнымрэ сатуущI гуэррэ къигъэгугъат, махуэ къэс и щIалэ цIыкIум мэракIуэрэ Iэгъэбэгурэ ахэм яхуригъэхьыну. КIэщIу жыпIэмэ, Палко хущIыхьэгъуэ ихуэжтэкъым, сыту жыпIэмэ тынштэкъым кхъуэщынитI из мэракIуэ къэпщыпурэ зыхуэхьыпхъэхэм яхуэпхьыныр.

Щоджэным хьэщIэ гуэрхэр иIэт: и щыпхъур, абы и лIыр, ахэм я бынхэр. Ахэрат мэракIуэм нэхъыбэу хуей щIэхъури. Абы пэкIуэу, кIуэху къэскIэ кърататырт щIакхъуэ бзыгъэрэ лырэ е дэлэн. Ар дэнэ къэна, махуэ гуэрым, шэджагъуашхэ яшхыу зэхэсу ирихьэлIати, ягъэтIысри щIалэ цIыкIури зыдагъэшхащ. Сыту шхын IэфIыIуэт абы кърагъэшхахар! ИгъащIэм ишхауэ ищIэжтэкъым апхуэдэ шхын IэфI. Дадэ хуихьыну лы Iыхьэ къигъэнауэ щилъагъум, унэIут цIыхубзым абы аргуэру зы лы Iыхьэ къыхурилъхьащ. Къупщхьэрэ кIэрыхубжьэрыхухэмкIэ апхуэдизу „къагъэхьэщIати“, Дунаи ерагъкIэ щIэпхъуэфу арат. Юрига хуабжьу и гуапэ хъуащ щIалэ цIыкIум ари зэрыщымыгъупщар.

– Сэ сыпсэууэ уэ зы щхьэкIи умыгузавэ, Палко. Сэ зэи сщыгъупщэнукъым уэ къысхуэпщIар, – жиIащ лIыжьым, мэракIуэм къыпэкIуа ахъшэр щыIэщIилъхьэм. – Мыхэр къанэ щымыIэу сэ уэ пхузогъэтIылъ. Къэщып уэ куэду мэракIуэр, щыIэ щIыкIэ. ЩIымахуэ зэрыхъуу уэ вакъэ хуабэ уиIэн хуейщ. Сэ къыпхуэсщэхункъэ уэ лъеи къатыри.

Палко ифIэфIыпсу икIи егугъуу мэракIуэ къищыпт, хъарзынэуи псэут. АтIэми ар хьэзырт сыт хуэдэ IыхьэфIми зыхигъэныну, фIыцIагъэ лъапIэм нэхъ щIэхщIэхыурэ еджэну зэман игъуэтын щхьэкIэ. А бгъуэнщIагъри щхьэ апхуэдэу жыжьэ мыгъуэт! А тхылъыр унэм щиIамэ, шэч хэмылъу, дакъикъэ бжыгъэурэ нэхъ мыхъуми, хущIыхьэгъуэ къигъуэтуэр щытынт къеджэну. Ауэ тхылъыр къыздищтэну ар тегушхуэртэкъым, сыту жыпIэмэ ар абы ейтэкъым.

Палко хуабжьу щыгуфIыкIт тхьэмахуэ махуэр къызэрысам. Щэбэтым абы къилъыхъуащ мэракIуэр хуабжьу щыкуэд щIыпIэ, нэху къызэрекIыуи, жьы дыдэу къыщылъэтщ, Дунай зыщIигъури, абы жащ. Хьэм тхьэкIумэкIыхьхэмрэ шындырхъуохэмрэ кърихуэкIыу хэтт, езы щIалэ цIыкIум мэракIуэ къищыпт. Къыздищыпми, егупсыст: „А тхылъым зэ узэджам адкIи и къытригъэзэжурэ щхьэ иту пIэрэ? Шэч хэмылъу, цIыхум нэхърэ зэхащIэн щхьэкIэу къыщIэкIынущ. Ауэ абы, къытригъэзэж мыхъуу, хъыбарыщIэхэми укъыщоджэ. Псалъэм папщIэ, игъэхъужын щхьэкIэ, мис а унащхьэмкIэ къыщрагъэхьэу Исус и лъабжьэм къыщIэхута сымаджэ хьэлъэм теухуа хъыбарыр. ЦIыхухэм ягу ирихьауэ щытакъым абы щыгъуэ Исус а сымаджэм телъ гуэныхьхэр зэрыщхьэщихар. Сыт гуэныхьыр езыр зищIысыр? Дыгъуасэ щоджэным и пхъурылъхухэр иущийуэрэ яжриIащ, уи мыхадэ уихьэу мыIэрысэ къэдыгъуным гуэныхь зэрыпылъыр. Хэт ищIэрэ, а сымаджэри зэгуэр мыIэрысэ дыгъуэ кIуауэ джэлагъэнщ. Абы щыгъуэ игъуэта фэбжьыр арагъэнкIи мэхъу и узыр къызыхихар. Ауэ, къызыфIидыгъуам хуимыгъэгъуу, Исус щхьэ хуигъэгъун хуей хъуа абы ищIа щIэпхъаджэр? Сэри зы щIэпхъаджагъэ гуэр злэжьмэ, къысхуэзыгъэгъун хуейр Исус? Шэч хэмылъу, а тхылъым иту къыщIэкIынущ дунеягъэкIэ цIыхухэм ящIэ гуэныхьхэр яхуигъэгъуну абы хуитыныгъэ зэриIэр“.

ШIалэ цIыкIур зэуэ къызэщIэувыIыкIщ, и Iэхэр и бгъэм щызэтридзэщ, уафэм зыхуигъазэри, моуэ жиIащ: „О, Исус! Зызоумысыж, сэ нобэр къыздэсым гуэныхь зыкъом зэрызлэжьамкIэ, ауэ, иджы мыхъумэ, эзи Уэ лъэIукIэ зыпхуэзгъэзакъым къысхуэбгъэгъуну. НтIэ, гуэныхьхэр бгъэгъуну лъэкIыныгъэ ущиIэкIэ, сэри Уэ сынолъэIу си гуэныхьхэр къысхуэбгъэгъуну... Берчэтбесын, жиIащ абы зы тэлай дэкIа нэужь. – МыхъумыщIэ куэд злэжьа пэтми, Уэ, шэч хэмылъу, къысхуэбгъэгъуащ

а стелъ гуэныхьхэр! Сэ япэм къызгурыIуэжтэкъым апхуэдизу сызэрыщIыху Iейр икIи сызэрыбзаджэр. Зэзэмызэ сызэрикъум щхьэкIэ, Рацга дадэ сэ фIэскъутауэ щытащ и лулэкъур. ЩIалэ гуэрым и чнутIыр, фыз гуэрми джэдыкIэ къыфIэздыгъуауэ щытащ. Пэжщ, сэ абы щыгъуэ тезырыншэу сыкъагъэнакъым абыхэм, ауэ, дауэ мыхъуами, къызгуроIуэж а злэжьахэр зэрыщIэпхъаджэр".

„Сыту пIэрэ Исус Тхьэм мы и псалъэхэм къикIыр: „Сымаджэ дэтхэнэри дохутыр хуэныкъуэщ"...е: „Сэ сыкъыщIэкIуар, гуэныхь зытелъхэм ичрам къезгъэхьыжыну аращ, ахъумэ зытемылъхэракъым"? Сыт „ичрамым" къикIыр? Иуан деж къакIуэ цIыхухэм я гуэныхьхэмкIэ заумысыжурэ абы деж къыщанэу щытащ. Дауи, Исус деж къакIуэ дэтхэнэми и гуэныхьхэмкIэ заумысыжурэ, Абы яхуигъэгъуу щытауэ къыщIэкIынущ. Шэч хэмылъу, цIыху псоми Исус деж кIуэурэ ящIа гуэныхьхэмкIэ заумысыжын, къахуигъэгъунуи елъэIун хуейщ. Аращ, апхуэдэу къыщIэкIынущ ар зэрыщытыр: цIыхухэр къакIуэурэ заумысыжт, Исус ахэм яхуигъэгъут. Ауэ сэ, щIалэжь цIыкIу делэм, дэнэ щысщIэнт ар япэм. Нобэ нэхъ фIэмыкIыу дадэ сеупщIынщ и гуэныхьхэр Исус къыхуигъэгъуарэ къыхуимыгъэгъуарэ".

Куэд дыдэри пымыту мэракIуэр кхъуэщынитIым ярыз ищIащ щIалэ цIыкIум, абы ищIыIужкIэ Iэгъэбэгу зыкъомыфIи къиищыпри, щэкI кIапэм кIуэцIилъхьэжащ.

– НакIуэ, Дунай, депIэщIэкIын хуейщ дэ, – егуэуащ ар хьэм. – Я гугъу умыщI а бзу цIыкIухэм! ПщIэххэнукъым, ахэр къепхуэкIыурэ, сэ сэщхьу, уэри гуэныхь къэпхьу къыщIэкIынущ. Плъагъукъэ абыхэм гузэвэгъуэу ятелъыр, тхьэмыщкIэ цIыкIухэ! Ар зылэжьыр сэрауэ щытамэ, шэч лъэпкъ хэмылъу, гуэныхь къыстехуэнут; ауэ уэ ухьэ къудейуэ аращи, хэт ищIэрэ, къыпхуэгъункIи хъунщ.

А чэнджэщхэм щIэдэIури, щIалэ цIыкIум и пэм итрэ джэгуу Дунаи къежьэжащ.

Мэзым къыщIэкIыжа къудейуэ, ахэм къалъэщIыхьащ Лишкэ. Бгы лъабжьэм къуажэр къыщIэст.

– Дэнэ мы пщэдджыжь нэмэзым фыпIащIэу фыздэкIуэр?

– Щоджэным я деж мэракIуэ сохь.

– Уэ сэ слъагъур ущIалэ цIыкIу зэтетщ. Къатыр уасэ къэблэжьынуи къыщIэкIынщ уэ куэд дэмыкIыу.

Уэ дэнэ уздэкIуэр, дадэ?

– Сэри? Сэ гуэныхьгъэгъум* зыхуэзгъэхьэзырыну сокIуэ.

Куэд щIащ сэ апхуэдэу зэрызмыщIыжрэ, ауэ цIыхум илэжь гуэныхьхэм щхьэкIэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ ичрам къихьыжын хуейщ.

– Ар пэж дыдэщ! – жиIащ щIалэ цIыкIум и нэхэр къэлыдауэ.

– НтIэ, уэ, шэч хэмылъу, уи гуэныхьхэр пщхьэщыкIащ? Дауи, уэ Исус хуэпIуэтащ уи гуэныхьхэр зыхуэдэр икIи Абы къыпхуигъэгъуащ, а сымаджэ хьэлъэм зэрыхуигъэгъуауэ щытам ещхьу, пэжкъэ?

– Хьэуэ, си щIалэ, – жиIащ Лишкэ, – сэ иджы сыкIуэу аркъудейщ гуэныхьгъэгъум зыхуэзгъэхьэзырыну, гуэныхьгъэгъу лъэIу* сщIыну.

– Сыт абыи къикIыр, а „гуэныхьгъэгъу лъэIу“ жыхуэпIэм? – еупщIащ абы Палко, фIэгъэщIэгъуэн хъуауэ.

– КъикIри? Мис, сэ иджыпсту чылисэм сокIуэ. Си гуэныхьхэр щоджэным къыхузэIусхынурэ, итIанэ абы къысхуигъэгъунущ.

– Щоджэнми? Апхуэдэ хуитыныгъэ иIэ абы?

---

* Гуэныхьгъэгъу – исповедь.

* Гуэныхьгъэгъу лъэIу – говение.

– УгъэщIэгъуэнщ уэ щIалэ цIыкIур. Сэ дэнэ щысщIэн апхуэдэ хуитыныгъэ абы иIэрэ имыIэрэ. Сэ зэи абы сыщIэупщIэркъым. Сэ – гуэныхь зытелъ сыцIыху цIыкIу къудейуэ аращ, ауэ щыхъукIэ илъэсым къриубыдэу тIорэ-щэрэ гуэныхьгъэгъу сыкIуэну си фарзщ. ИкIи сыщогугъ Тхьэм гущIэгъу къысхуищIыну.

– НтIэ, щоджэным гуэныхьхэр игъэгъунымкIэ хуитыныгъэ иIэу къыпщыхъурэ уэ? Хьэмэрэ чылисэм укъикIыжа нэужькIэ, уэ къыпхуэщIэну уи гуэныхьхэр пщхьэщахарэ пщхьэщамыхарэ?

– Уа, щIалэ цIыкIу, ар къызыхуэщIэну мыгъуэр хэт, и уахътыр къэмысауэ? Ар дэ къыщытщIэнур дунейм дехыжа нэужькIэщ.

– ПщIэрэ, дадэ, Езы Исус зыхуэбгъэзамэ, Абы пщхьэщихынкIэ хъунт уэ уи гуэныхьхэр, мис а унащхьэр зэпкърахыу абыкIэ Исус деж къыщIагъэхьа сымаджэм зэрыхуигъэгъуам ещхьу.

– Уэ Христос зи гугъу пщIыр? Хьэуэ, тIасэ, къалъхуауэ лIэжыну дэ цIыху къызэрыгуэкIхэм ди дежкIэ, щIыгум Тхьэуэ тетыр щоджэнырщ. Аращ псори зэзыгъэкIуу зэзыгъэзэхуэжыр. Сэ къысхуэнэжыр абы селъэIуну аркъудейщ.

– Догуэ, а фи щоджэным зэгуэр Тхьэ Иным жриIауэ пIэрэ мыпхуэдэу: „Мыр Сэ фIыуэ слъагъу Си Къуэщ, федаIуэ Абы?“

– Уа, мы жыпIэхэр сыт иджы, – игъэщIэгъуащ Лишкэ. – Апхуэдэ упщIэхэмкIэ дэтхэнэри ебгъэзыфынущ!

– Къысхуэгъэгъу, дадэ, – жиIэри Палко абы еплъащ и нэ къуэлэн къабзэхэмкIэ. – Ауэ сэ нобэ Езы Тхьэ дыдэ Исус селъэIуащ си гуэныхьхэр къысхуигъэгъуну. ИкIи игъэзэщIащ Абы си лъэIур. ПщIэщэрэт сэ иджыпсту сызэрынасыпыфIэр! Узыншэу-тIэ, нэхъыфIу щыIэр Тхьэм къыпхуищIэ!

Лишкэ и щхьэр игъэкIэрахъуэри, щIалэ цIыкIум

кIэлъыплъу зыкъомрэ щытащ. „Дауэ? Езы Христос дыдэм абы и гуэныхьхэр къыхуигъэгъуауи? Сыт абы гуэныхьуи иIэнур? Ар сыт и лъэныкъуэкIи щIалэ хъарзынэ цIыкIущ. Сыту насыпт апхуэдэ фIэщхъуныгъэ сэри згъуэтамэ! ГурыIуэгъуэщ сэ Тхьэм къысхуигъэгъун хуей гуэныхь куэд зэрыстелъыр, мащIэрэ згъэпуда сэ Ар. Ауэ дауэ цIыхум къызэрищIэнур и гуэныхьхэр Тхьэм къыхуигъэгъуарэ къыхуимыгъуарэ? Дэ ар ауэ сытми дыкIуэу аращ а гуэныхьгъэгъум, дядэжьхэр кIуэуэ зэрыщытам ещхьу. Армырами, цIыхум дежкIэ хъарзынэщ апхуэдэу пщIыныр. Ауэ плъагъукъэ а щIалэ цIыкIур зыщIэупщIэр: гуэныхьхэр цIыхухэм яхуигъэгъуну щоджэным хуитыныгъэ иIэ, жи. СщIэркъым, чылисэжьантIэм* дэту абы мыпхуэдэу жеIэ: „Сэ, Тхьэм къыхиха лIыкIуэм, си къалэн лъапIэр згъэзащIэкIэрэ, фи гуэныхьхэр зэрыфщхьэщысхар фызогъащIэ“. Шэч хэмылъу, абы апхуэдэ хуитыныгъэ иIэу къыщIэкIынщ, нэгъуэщI мыхъуми чылисэм къритауэ. АтIэми ар игъащIэми апхуэдэурэ къекIуэкIащ, ноби абы тетынущ. Сыт сэ а щIалэжь цIыкIу зи акъыл мытIысам жиIэхэм сыщIедаIуэр“.

Арати, Лишкэ зэуэ игъэзащ, абы и мурад дыдэр яIэрэ Лишкэ ещхьу а Iуэхум щIагъуэ хэзымыщIыкI цIыхухэр щызэхуэс чылисэмкIэ.

МыдэкIэ, Палко щоджэным я унэм нэсри, щыгъуэгубжэр Iухауэ щилъагъум, абыкIэ дыхьащ. Ар пIащIэрт, и пщэ дэлъ къалэныр псынщIэIуэу зэфIигъэкIыну, унэм нэхъ пэгъунэгъу щыгъуэгубжэмкIэ щIыдыхьари аращ.

Зи бгъуитIымкIэ жыгхэр ит лъагъуэ бгъуфIэм тету щоджэныр къикIухьу хадэм итт. Ар къуэгъут, и щхьэцыр тхъуауэ хуежьами, ныбжькIэ иджыри щIалэт.

Палко, дадэ зэрыжиIам тету, абы и Iэм ба хуищIащ.

---

* ЧылисэжьантIэ – алтарь.

– Мыр къытхуахьыну дыкъызэрагъэгугъа мэракIуэра? – къеупщIащ ар щIалэ цIыкIум гуапэу. – Мыхэр, дауи, уэ дыгъуасэ къэпщыпащ?

– Хьэуэ, иджыпсту къэсщыпа къудейуэ аращ. Дыгъэр къыкъуэмыкI щIыкIэ сыкъэтэджащ сэ ар къэсщыпын щхьэкIэ.

– Уэ цIыху хъарзынэ къыпхэкIыныфэщ, сыщымыуэмэ, ущIалэ цIыкIу емызэшщ. КIуэ, мэракIуэр пщэфIапIэм хьыи, уагъэшхэну яжеIэ. ЯжеIэ сэ апхуэдэ унафэ зэрысщIар. Ауэ уи хьэр мыбдеж къэгъани нэхъыфIщ, ахъумэ си джэдур щIым ирихужынщ.

О, щIалэ цIыкIум нобэкIэ и кIэн къикIат. Япэрауэ, мэракIуэ куэд къигъуэтащ, адрейуэ, щоджэныр гуапэу къепсэлъащ, итIанэ апхуэдизкIэ фIыуэ къагъэшхати, а пщэдджыжьышхэр махуэ псом хурикъунут. А псом и щIыIужкIэ, абы и хъуржыным къралъхьащ дыгъуэпшыхьрей щыщу къэнамрэ щIакхъуэ Iыхьэшхуэрэ. ИкIи уасэфI дыдэ кърatat мэракIуэм щхьэкIи, Iэгъэбэгум щхьэкIи.

– Умыгузавэ уэ, Дунай! – едэхащIэрт ар и ныбжьэгъум, жыг хадэм къыщыкIуэцIырыкIыжым щыгъуэ. – Мыдэ зэ къуршым дызэрынэсыжу уи Iыхьэр къыплъысынщ. Сэ пщэдджыжьышхэ хъарзынэ пхуэзгъэхьэзыращ уэ.

Дунай щIалэ цIыкIум иIыгъ хъуржыныр къипэмыхьащ икIи ар щоджэным хуабжьу хуэарэзытэкъым къигъэувыIэу тIэкIу зэригъэгувахэр.

– Дауэ хъуа-тIэ, пщэдджыжьышхэ уагъэщIа?

– Ауэ сытми! Тхьэразы къыпхухъу.

– Ахъшэри къуатакъэ? – къеупщIащ ар пыгуфIыкIыурэ. – Сегъэплъыт мыдэ, – дапщэу пIэрэ абыхэм уэ къуатар? А мэракIуэ тIэкIум щхьэкIэ куэдыIуэ къуамытауэ пIэрэ, жызоIэ сэ.

ЩIалэ цIыкIур къэшынауэ щоджэным худэплъеящ, и

фIэщу пIэрэ мыбы, жыхуиIэу. Ауэ щоджэным и нэгумкIэ ар къэщIэгъуейт.

– СщIэркъым, – жиIащ абы, укIытарэ темыгушхуащэу. – Дадэ жиIам хуэдизщ сэ... МэракIуэм и закъуэтэкъым абы, Iэгъэбэгухэри и гъусэт.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, ахъшэр зейр уи адэшхуэращ?

– Хьэуэ, сэращ зейр. Абы схузэхуихьэсу аркъудейщ, лъейрэ къатыррэ къысхуищэхун щхьэкIэ. НэхъыбэIуэ къысхуэлэжьамэ, езыми джанэщIэ къищэхунут. Ауэ абы щхьэкIэ ахъшэ Iэджи ухуейщ.

– ГурыIуэгъуэщ, – жиIащ щоджэным, къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу. – НтIэ, ар къохъулIэн щхьэкIэ, мэ, мыр а Iуэхум лъабжьэ хурехъу.

Ар жиIэри, щIалэ цIыкIум и бохъшэм дэлъ гъуаплъэ ахъшэ жыгъей зытIущым хужьыпсу жьгъей зыбжанэ къыхилъхьащ.

– Апхуэдэу щIэмычэу мэракIуэ щыдыбгъэшхкIэ, сэри мы ди жыг хадэм къикIа зыгуэркIэ узгъэхьэщIэну сыхуейщ, – жиIэри, хъупауэ кхъужьышхуитI абы Палко къритащ.

ЩIалэ цIыкIум занщIэу мурад ищIащ зы кхъужьыр дадэ хуихьыну. Гуапэу ехъуэхъуу къежьэжа нэужь, зэуэ къэувыIэжри ар щоджэным къыхуеплъэкIыжащ.

– Сыт иджыри узыхуейр, си щIалэ цIыкIу? Зыгуэр къыпщыгъупщауэ ара? – къеупщIащ ихьэхуауэ абы къыкIэлъыплъ щоджэныр.

– Хьэуэ, зыри сыхуейкъым, ауэ зыгуэркIэ сыноупщIыну арат. Сэ сощIэ, уэ ущоджэнщ, цIыхухэр уи деж гуэныхьгъэгъу къокIуэ. гуэныхь бгъэгъуну апхуэдэ хуитыныгъэ уиIэр пэж, нытIэ, уэ?

„Хьэуэ“, – жыхуиIэу и Iэр ищIащ зыкIи зыпэмыплъа упщIэм къигъэуIэбжьа щоджэным.

– ЛIо, си щIалэ цIыкIу, уи гуэныхьхэр къысхузэIупхыну ара?

– Сэри? Хьэуэ! – ЩIалэ цIыкIум и нэхэр лыдт. – ПщIэрэ, сэ мис а Иордан щыпсэу лъэпкъым хуэдэу сщIащ: псомкIи Исус зыхуэзумысыжащ, икIи Абы сэ къысхуигъэгъуащ гуэныхьу хъуар. Сэ сынымщIоупщIыр си щхьэракъым, Исус елъэIухэмэ, я гуэныхьхэр Абы къазэрыхуигъэгъунур зымыщIэ цIыхухэм щхьэкIэщ. Уэ ящхьэщыпхыфыну, нтIэ, ахэм я гуэныхьхэр? Апхуэдэ хуитыныгъэ уиIэ? Зэгуэр Тхьэм къыбжиIа уэ мыпхуэдэу: „Мыр сэ фIыуэ слъагъу Си Къуэрщ, федаIуэ Абы?“

Щоджэным и Iэр щIалэ цIыкIум и щхьэм гуапэу трилъхьауэ и нэ къуэлэн къабзэхэм гуапэу щIэплъэрт. Ар сытым дежи цIыхубэмрэ сабийхэмрэ я щыжакIуэ пэжт икIи куэдрэ жиIэрт лъэпкъым и къэкIуэнур зэлъытар сабийхэрауэ зэрыщытыр. Абы зэхищIэрт мы къуажэдэс щIалэ цIыкIу тхьэмыщкIэм гурыщIэ лъагэрэ псэ къабзэрэ зэриIэр.

– ПщIэрэ, си щIалэ цIыкIу, гущIэгъур зи бэу Тхьэм сэ апхуэдэу зэи къызжиIакъым. Исус Христос и закъуэщ Тхьэм и Къуэу щыIэр, мис Абы дедэIуэн хуейуэ псоми ди къалэнщ. Абы иIа хуитыныгъэм хуэдэ сэ, дауи, сиIэкъым. Сэ цIыхубэм яжесIэну сызыхуитыр зыщ: псапэ зыпылъ Iуэху куэд ялэжьмэ, гущIэгъур зи бэ Тхьэм ахэм я гуэныхьхэр зэращхьэщихынур.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, цIыху къызэрыгуэкIым дежкIэ щоджэныр псори зезыгъакIуэу псори зэзыгъэзэхуэж Тхьэкъым?

– Хьэуэ, хьэуэ, зиунагъуэрэ! Хэт апхуэдэ делагъэхэр уэ къыбжезыIар?

– Лишкэ дадэ къызжиIащ. Ауэ гу щIэгъур зи бэ Тхьэм фэ къыфхуигъэгъуну къыщIэкIынщ, зыгуэркIэ фелъэIу хъужыкъуэмэ. Абы щхьэкIэ фэ фIы куэд фолэжь. Уэ яжепIэри сэ себгъэгъэшхащ, абы и щIыIужкIэ, джанэ уасэ къызэптащ. Уэ Тхьэшхуэми Исус Христос Тхьэми уазэрыхуэпэжыр хьэкъщ!

– Уэзджынэ къоуэ, сэ сыкIуэн хуейщ, – жиIащ зэуэ зигъазэри щоджэным. ЩIалэ цIыкIум зэ к#ыхуепл#э-кIыжри, абы и щхьэр къыхуищIыжащ. Арати, Палкорэ Дунайрэ ежьэжри бгым кIэрыхьэжахэщ.

„Уэ Тхьэм узэрыхуэпэжыр хьэкъщ, – къиIукIырт щоджэным и гущIэм, чылисэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIауэ ризницэм здыщIэтым.

– О, сэ сызэрыцIыкIу лъандэрэ къэслъыхъуэри сызы-щIэхъуэпсри а щIалэ цIыкIум жыхуиIа дыдэрщ! Пэжу, сэ зы фIы гуэрхэри сощIэ, ауэ Уэ, пщIэшхуэ зыхуэсщIу Тхьэм и Къуэ, уи унафэм нэгъэсауэ сыщIэткъым икIи сынодаIуэркъым. Си гуэныхьхэр сэ сщхьэщахакъым, ар фIыуэ сощIэж, нобэ си деж гуэныхьгъэгъу къэкIуэну цIыхухэм я гуэныхьхэр зэращхьэщызмыхыфынури пыIэныгъэр я гум зэризмылъхьэфынури зэрысщIэм ещхьу. Ауэ, дауэ мыхъуами, чылисэм и лэжьакIуэу сыщыщыткIэ, сэ ар сщIэну си къалэнщ. ГъэщIэгъуэн-ракъэ, дэнэ а щIалэ цIыкIум апхуэдэ гупсысэ къабзэхэр, Христос теухуа фIэщхъуныгъэ иныр къыздрихар?“

Гупсысэ куум здыхэтым, абы къищтащ тхьэрылъэIу тхылъыр*. Тхылъыр къызэрызэIуихыу, и нэр хуэзащ Матфей и ИнджылымкIэ мис а мелыIычым Иосиф мып-хуэдэу къыщыжриIэм деж: „ЩIэуэ Абы фIэпщынщ Исус, сыту жыпIэмэ Абы И цIыхухэр езыхэм ящIа гуэныхьхэм къригъэлынущ“. Щоджэным а псалъэхэр апхуэдизкIэ зэхищIати, Тхьэм елъэIуну къэкIуа цIы-хухэр къызэрыпэплъэр щыгъупщэж пэтащ.

„Гуэныхьым къегъэлыфын-мис аращ сэ езыр апхуэди-зу сызыщIэкъуу сызыщIэхъуэпсыр, ауэ къызэхъулIэн слъэкIкъым. А къегъэлыкIэр зыщIэри къэзыгупсысари Исусщ, ауэ дауэ сэ Абы и деж сызэрынэсынур?“

---

* ТхьэлъэIу лэжьыгъэ – богослужение.

Апхуэдэ гупсысэхэм щIагъэнауэ Малинэ щоджэным тхьэхуэIу лэжьыгъэр* и чылисэм щригъэкIуэкIым, мыдкIэ Палко и бгъуэнщIагъым щIэсу и тхылъым еджэрт. Апхуэдэурэ, сыхьэтхэр блэлъэтащ. Къуршым къыщхьэщыгъуэлъхьащ уафэгъуагъуэ уэшх къэзышэ пшагъуэ фIыцIэжьхэр. Уафэ щIэлъэныкъуэр иджыри дыгъэм къигъэнэхурт, адреймкIэ уафэр щыгъуагъуэрт, щыхъуэпскIт. Палко и „дыгъэ лъахэри“ дыгъэм къигъэнэхум хыхьэрти арат къыхэмыщту еджэу щIыщысыр.

И щхьэр щIэгуауэ къуршым дэкI лъагъуэм ирикIуэрт зы гъуэгурыкIуэ. Ар-Лессингт. Уэшх къэсам имыуфэнщIу къыщынэн гъущапIэ къилъыхъуэрт абы, ауэ къэзыухьуреихь дунейри а уэлбанэ къыщхьэщыхьари къызэрыфIэIуэху щымыIэуи къыпщыхъут. Абы и нэгур зэхэзыгъэуа гуауэм и пшагъуэр куэдкIэ нэхъ фIыцIэт мы щIым къытегъуэлъхьа пшагъуэм нэхърэ.

Абы щыгъуи, илъэс зыкъомкIэ узэIэбэкIыжмэ, мис мыпхуэдэ уафэгъуагъуэ уэшхышхуэ щыIауэ щытащ. ФIы фIэкIа имылэжьу гъащIэ псо къипсэуами, къыхуэмыпшыныжын щIэпхъаджагъэр щилэжьа а махуэм. А гупсысэ хьэлъэхэм ар къаутIыпщтэкъым, пыIэгъуи къраттэкъым, абы къыхэкIыуи жыжьэ къиIукI уафэгъуагъуэ макъхэр абы къызэрыщыхъур апхуэдизу фIыуэ илъагъуу щыта цIыхур лIауэ зэрыщIалъхьэмкIэ хъыбарегъащIэу Iу тхьэгъуш макъыут.

Къызэпхидзу хуежьа уэшх ткIуэпс пIащэ зэрызхэмкIэ къапщIэрт уалбанэшхуэ зэрыхъунур. Лессинг и хъуреягъкIэ зиплъыхьу щIидзащ, щIэувапIэ гуэр к#илъыхъуэу. И щхьэратэкъым ар щIэгузавэр – и щыгъынырщIэ тIэкIурат. Абы къилъэгъуащ лъэбакъуэ тIощI нэхъ пэмыжы-

* ТхьэрылъэIу тхылъ – молитвенник.

жьэу къыщцыт къырыр: абы щIэувапIэ гуэр имыIэну пIэрэ? Лъэбакъуэ псынщIэкIэ щыбгъэдыхьэм, абы гу лъитащ бгъуэнщIагъым ухуэзышэ зэгуэзыпIэшхуэ къырым зэриIэр. БгъуэнщIагъым щыщIэплъэм, абы къилъэгъуар пхуэмыIуэтэным хуэдизу телъыджэт: и Iэр Дунай ешэкIауэ Палко щIым, щылът, хуабжьу дихьэхарэ зимыщIэжу зы тхылъ гуэрми еджэрт.

ЩIалэ цIыкIур абы фIыуэ илъагъущэтэкъым, имылъагъущэр сыт, – сэ папцIэ къыхаIуам хуэдэу, зэрыIуплъэ къудейри къехьэлъэкIт. Абы зэгуэрым къуэ цIыкIу иIащ, ауэ гуэныхь телъым и зэранкIэ ар фIэкIуэдауэ щытащ. Иджы сыт – нэф хъухукIэ ирегъи пэт фIыщэу илъагъу и къуэ цIыкIум щхьэкIэ, – абы къэгъазэ иIэжкъым. Мывэм зыкIэригъащIэри, ар, хуей-хуэмейми, щIалэ цIыкIум еплъу уващ.

„Шэч хэмылъу, мыбы и ныбжь хъуну къыщIэкIынут иджыпсту си Мишко“. ЯхуэмыIуэтэщI гуауэм зэщIиубыдауэ, абы и нэгур зэхуищIащ дэрыгъум зэщIищта Iэхэмкiэ. ИтIанэ ар щIалэ цIыкIум зыгуэркIэ зыIэпишащ. Ар хуейт еджэу щыс щIалэ цIыкIум бгъэдыхьэу IэплIэ хуищIыну.

ХъуэпскIыр къэлыду къызэгуэч хуэдэ уафэр ину къыщызэщIэгъуагъуэм, хьэр зэуэ къэушащ. Абы и щхьэр къиIэту зей цIыхухэм ящыщ зэрыщытыр щилъагъум, и кIэр игъэджэгуу къыпежьащ.

– Уэ мыдэ – Лессинг! – къыщцылъэтри, гуфIэурэ жиIащ Палко. – Дэнэ укъикIа мыр?

Мыпхуэдэ уэшхышхуэм деж, дэтхэнэри щIохъуэпс цIыху гуэр щIыгъуным. Палко зэрыукIытэхри езы дыдэм щыгъупщэжат.

– Сэ уэшхым зезмыгъэуфэнщIын щхьэкIэ сыкъэкIуащ, ауэ фэйтIум щыфщIэр сыт мыбы? – Лессинг япэ дыдэу еупщIащ щIалэ цIыкIум.

– Ар сэ иджыпсту ныбжесIэнщ, ауэ моуэ нэхъ къэ-

кIуатэ. Мыбдежым нэхъ къыщыптемышхэу къэнэнущ. КъэтIыс, мыр си шэнтщ, мыр си Iэнэщ.

– Пэшым ещхьыркъабзи мыр. АтIэми уэ иджыри къызжепIакъым мыбдеж щыфщIэр. Дадэ и гугъэщ уэ мэракIуэрэ Iэгъэбэгурэ къэпщыпу.

– Ар зэфIэзгъэкIакIэщ сэ, – жиIащ Палко, – мэракIуэр яхуэсхьри къэзгъэзэжащ, ухуеймэ.

– Зыгуэр пшха, нтIэ, уэ?

– О, щоджэным деж пщэдджыжьышхэ бэлыхь щыдагъэщIащ дэ. Пэжкъэ, Дунай, уигу ирихьакъэ уэри?

Хьэр гуфIэу дэлъеящ – дэпкIеящ, зыIурыбзаерэ и кIэр игъэджэгуу.

– Си фIэщ мэхъу фызэрагъэшхар, ауэ ар нышэдибэщ, ауэ иджыпсту сыхьэтиплIым нэблэгъащ. Сыт унэм умыкIуэжу мыбдежым ущIыщысыр?

– КIуэжыпIэ згъуэтакъым. Нобэ тхьэмахуэ махуэщи, дадэ сэ къысхуейкъым, арати, сэ мыбы сыкъэкIуащ нэхъ псынщIэIуэу мы фIыщIагъэ лъапIэм седжэну. О, мыр сыту хуабжьу хъуэпскIрэ икIи гъуагъуэрэ мы уафэр. Япэм сэ хуабжьу сащышынэрт абыхэм, ауэ Исус Тхьэр зэрысщIыгъурэ, хъуэпскIми уафэ гъуагъуэми сащышынэркъым. Догуэт, Дунай! Ар ещхьщ Езы Тхьэ дыдэр къыдэпсалъэм.

Лессинг и нэр къыхутечтэкъым щIалэ цIыкIум.

Сыту щIалэфI цIыкIу мыр! Япэм щыгъуэ сэ абы зы мащIэкIи гу лъыстакъым“.

– Мыдэ сегъэплъыт, сыт а уэзджэр? ЗаветыщIэ! Дэнэ мыр къыздипхар? Ди пщыIэм сэ мыпхуэдэ лъэпкъ щыслъэгъуакъым?

– Пэжщ, ауэ, ухуеймэ, и нэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс бжесIэжынщ сэ ар къэзгъуэтынкIэ щIэхъуар.

– ИIэт, къызжеIэжыт.

Палко бгъуэнщIагъ лъэгум итIысхьэри жиIэжу щIидзащ, дыгъэм и лъахэр къилъыхъуэурэ, ар мы бгъуэнщIа-

гъым къызэрыхуэзар, абы мы тхыгъэ лъапIэр щIэлъу къызэригъуэтар, иджы, и тхылъым еджэурэ, дыгъэм и лъахэ дыдэм хуэзышэ гъуэгур къызэрилъыхъуэр.

Лессинг тхылъыр къызэIуихри, япэ тхьэпэм ит псалъэхэр куэдрэ къызэпиплъыхьащ.

– Нобэ сыт-тIэ уэзджар?

– Нобэ сэ куэд сыкъеджащ. Сыкъеджэурэ, аргуэру сынэсащ абыхэм хьэзабыр трагъэлъурэ Ар зэрылIам. АдкIэ итыну къыщIэкIынущ Ар къэхъужу кхъэ мащэм къызэрикIыжар. Сэ сыхуейщ Марк и ИджылкIэ зэджэ мы тхылъыр нобэ сыухыну.

– Мо пшэ фIыцIэр блэкIрэ тIэкIу нэхъ хъумэ, сэ сыкъыпхуеджэнщ, куэди къэнэжакъым абы, – жиIащ Лессинг.

Абы и псалъэхэр зэхиха хуэдэ, дыгъэм и бзийхэр пшэ фIыцIэм къызэпхридзащ, ауэ иджыри уэшх къешх щIыкIэт.

– О, сыту си гуапэ хъунут, – гуфIэрт Палко. – Плъагъурэ, Дунай, сэ бжесIатэкъэ адкIэ къэхъуар къызэрытщIэнур, – жиIэри абы зыхуигъэзащ хьэм.

Лессинг къыпыгуфIыкIащ.

– Лессинг зы лъэныкъуэмкIэ, Палко адреймкIэ тIысащ, Дунаи къакIуэри а тIум я зэхуакум къыдэгъуэлъхьащ, ари мы Iуэхум Iэмал имыIэу хэтын хуей хуэдэу. Еплъыххэмэ, – „дыгъэм и лъахэр“ къыщылът, дэплъейхэмэ, – уафэ хъуэпскIыр я щхьэгум щылыдт. КъухьэпIэмкIэ дыгъэр къыщыблэрт, къуэкIыпIэмкIэ, куэбжэ домбейм ещхьу, зэмыфэгъуиблу зэхэт лэгъупыкъур щыплъагъурт. Дунейм пкъыщIэ къыщIэзыгъэувэ уэшхыр хуэм-хуэмурэ нэхъ кIащхъэ хъурт. Тафэм къыщылыдырт тIкIуэпс бжыгкэншэхэр – Лессинги къеджэрт а тхьэмахуэ пщэдджыжь телъыджэу динкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхубзищыр, Тхьэм и хьэдэм дагъэ лъапIэ щахуэн мурадкIэ, Абы и кхъэлэгъунэм бгъэдыхьэу, кхъэлэгъунэм и щIыхьэпIэм

Іулъа мывэр къыІугъэукІуриикІарэ хьэдэри щІэмылъыжу зэрыхуэзам; Ар, жорым кІэраІулІауэ щытар, зэрыпсэур икІи ахэм я деж Галилей къызэригъэзэжынур мелыІычым къажриІауэ зэрыщытам. Ар къеджэрт къэхъужа КъегъэлакІуэр я деж къызэрыкІуэжам, япэ щІыкІэ Марие Магдалинэ деж, итІанэ ар Абы и гъэсэнхэм деж къэхъуар яжриІэну зэригъэкІуам, абыхэм зэхахар я фІэщ зэрымыхъуам. Япэ щІыкІэ Ар къахуэхутащ и гъэсэнхэм яшыщу тІум, итІанэ пщыкІуэми яІу щІэри егияще, Ар зылъэгъуахэм жаІар я фІэщ зэрымыхъуам щхьэкІэ. ИтІанэ Абы и гъэсэнхэм къалэн ящищІащ мы дунейр къызэхакІухьуръ цІыхухэр Инджылым щІагъэджыкІыну... нэгъуэщІхэми... нэгъуэщІ Іэджэхэми... Лессинг къеджащ щІалэ цІыкІуми фІэгъэщІэгъуэныпэ хъуа гуэрхэми: Исус уафэм дэкІуейуэ Тхьэм и ижьрабгъукІэ зэрытІысам.

Палко уафэм дэлъеящ. ИкІэм-икІэжым, абы къищІащ Исус здэкІуар, псэу щхьэкІэ, Ар щІыгум афІэкІа щІытемытыр. Ар щыІэт абы, мо зэмыфэгъуиблу зэхэлъ лэгъупыкъу-куэбжэм адкІэ. Абы Уафэм и Адэм щиІэщ щІыхь бжаблэр, Исуси Абы и ижьрабгъумкІэ къыщысщ.

– Сыту фІыт, иджы сэ псори сощІэ! – жиІащ абы гуфІэжу. – Дыгъэм и лъахэ дыдэр зыдэщыІэр аращ, мо куэбжэм адкІэщ, мыбы щыІэр абы и щІэдзапІэ, и нэз къудейуэ аращ, пэжкъэ, Лессинг?

Лессинг зыри жиІакъым, ауэ абы къыфІэщІащ щІалэ цІыкІум жиІэр пэжу. Тхьэм теухуа тхыгъэхэм ар мыІейуэ щыгъуазэт. ЕджапІэм ар къыщалъытэу щытащ нэхъ еджакІуэфІ дыдэу, конфирмацием щыгъуи-аращ. Абы ищІэрт Исус зыдэкІуар, ауэ а Іуэхум зэи егупсысатэкъым. Абы дежкІэ Христос зрикІт, чыристэнкІэ зэджэжу, куэд ящІэу, еджауэ, атІэми Абы зэ нэхъ мыхъуми игъащІэм щІэмыгупсысауэ псэу мелуанхэм я дежкІэ мыхьэнэ зэримыІэм ещхьыркъэпсу...

– ЕІ, – жиІащ Палуо, – нэхъ щІэхыІуэу щІэзджыкІа

мыгъуэщэрэт а тхылъыр! АрщхьэкIэ лIо, – зы сатырэ къэзмыгъанэу сыкъеджэн хуейщи, схухэгъэщIкъым, икIи зыгуэр дэзгъэхункIэ сошынэ, сыту жыпIэм сэ сщIэркъым дыгъэм и лъахэ дыдэм ухуэзышэ лъагъуэм щытепсэлъыхьыр дэнэ дежми.

– Лъагъуэри, пэжри, гъащIэри сэращ, – жиIащ Лессинг, къигупсысыжри.

– Абы сэри сыкъеджащ, ауэ къысхуэщIэркъым Абы ар къызэрыгурыIуэр. Е Абы и мураду пIэрэ Езыр къакIуэрэ си Iэпэр иубыду гъуэгур сигъэлъагъуну, ар нэхъ тыншу къэзгъуэтыным щхьэкIэ?

А зэрыжыпIэм хуэдэу щытынкIи мэхъу. Ауэ, мис, Ар къызэрыхъужам дыкъыщеджэм гу зэрылъыптащи, Тхьэр апхуэдизкIэ лъагэщ, дэ тпэжыжьэщи, дауэ апхуэдэ къызэрыхъунур?

Зы тэлайкIэ щIалэ цIыкIур еплъу щыташ уафэ куэбжэм. Ар, пэж дыдэу, хуабжьу лъагэт, жыжьэт, езыр мыдкIэ апхуэдизкIэ пэжыжьэрэ лъахъшэу щытти, мыпхуэдэу емы гупсысын лъэкIакъым: сыту жыжьэIуэ щыIэ-тIэ Исус!

– Ар уи фIэщ умыщI! – къэкIиящ ар, и нэхэр къилыдыкIыу, – Ар уафэм и закъуэкъым здэщыIэр! Дэ дыкъеджа къудейщ Абы и гъэсэнхэм мыпхуэдэу жриIэу зэрыщытам: „Сэ фэ махуэ къэс сыфщIыгъунущ, фыпсэухукIэ“, – ар жиIэрти, зэуэ нэрымылъагъу хъужт. ЛIо Исус апхуэдэу щIимыщIыфынур? О, сэ фIэщхъуныгъэшхуэ хузиIэщ Абы!

Жыжьэу уафэр къыщыгъуэгъуащ, макъ IэтакIэ лIыбэм жаIэ „Iэминым“ ещхьу.

– АдкIэ итыр къэпщIэн щхьэкIэ, ухуеймэ, иджыри сыкъыпхуеджэнщ сэ мы тхылъым?

– КхъыIэ, къысхуеджэ, – гуфIауэ къыхэкIиикIащ Палко. Уэ апхуэдизкIэ фIыуэ, Iэдэбу укъоджэри, псалъэ дэтхэнэми я мыхьэнэр куэдкIэ нэхъыфIу къызгуроIуэ.

Ауэрэ сыхьэтитIи щыи блэкIащ, ауэ абы гу лъатэххакъым мыйтIум: Лессинг еджэн зэпигъэууэ тхылъыр лъэныкъуэкIэ щигъэтIылъам, уэшхыр теужакIэт. Палко зы гъэщIэгъуэным адрей гъэщIэгъуэныр къыкIэлъыкIуэурэ, куэд къыгурыIуат. Абы ищIакъым Лука и Инджылым апхуэдэ хъыбар хьэлэмэтыщэхэр хэту. Псалъэм папщIэ, Iэхъуэ зызыщIу щIым къытехьа мелыIычхэр губгъуэм зыдитым, шхалъэм дэлъу Сабий къызэрагъуэтар. Палко къыщиуду гъыным тIэкIунитIэщ иIэжар, апхуэдизкIэ телъыджэт ари. Илъэс пщыкIутI фIэкIа Исус Иерусалим зэрыкIуауэ щытар-щэ?!

– ИгъащIэкIи си гугъэнтэкъым, сэ сэщхьу, Ари зэгуэрым щIалэ цIыкIуу щытауэ, – жриIащ абы Лессинг. – Абы щыгъуэ, дауи, Ар хуабжьу жыIэдаIуэу, абы къыхэкIыу псоми фIыуэ къалъагъуу щытагъэнщ.

Палко апхуэджэу псори фIэгъэщIэгъуэну зэрыщытым щхьэкIэ, Лессинг къыщыхъуащ игъащIэм зэхимыха Iуэхугъуэщ Iэхэм теухуа гуэрхэм къеджауэ, абы къыхэкIыуи и псэр гуфIащ.

– Мы тхылъыр Iэмал имыIэу мыбдеж щхьэ къыщынэн хуей, нтIэ? – щIэупщIащ ар, къыщежьэжым. – Къыздэтщтамэ, махуэ къэс зы Iыхьэ деджэурэ тщIы хъунут, дади къедэIуэнт. Мис итIанэ къэтхьыжмэ, зэфIэкIакъэ? Тхьэмахуэ махуэхэм мис мыбы дыкъакIуэурэ дыкъыщеджэнт.

Палко игу ирихьащ абы къыжриIар.

– Сэ зэи сытегушхуакъым а тхылъыр къыздэсщтэу унэм нэсхьыну, – жиIащ абы, къыздэкIуэжхэм. – Ауэ, Исус Тхьэм димыгъэкъуэншэжынумэ, си гуапэщ.

Ахэр кIасэфIу къэсыжащ, ауэ Палко Лессинг зэрыщIыгъуар къыщищIэм, дадэ зыри жиIакъым. Палко и пщыхьэщхьэшхэр зэфIигъэкIщ, къилэжьа ахъшэр дадэ иритщ, кхъужь къызэрыхуихьамкIэ игъэгуфIэри, езыр жеину гъуэлъыжащ.

Здэжейм, Палко пщIыхьэпIэу илъэгъуащ щIалэ цIыкIу дахэ гуэр. И Iэр къыхуищIэурэ, щIалэ цIыкIум абы къыжриIэрт: „НакIуэ си гъусэуи, сэ усшэнщ уэ дыгъэм и лъахэм“. ЩIалэ цIыкIуэ и ужьым иувэри, ар бгы лъагэ гуэрым дэкIащ. Ауэ бгым и щхьэ дыдэм щынэсам, абы къилъэгъуащ жорищым кIэрыIулIауэ кIэрылъ а щIалэ цIыкIу дыдэр. Ар Исуст. Здэжейм, щIалэ цIыкIур апхуэдизкIэ ину къэгъати, Лессинг ар къимыгъэушу хъуакъым.

– Сыт ущIэгъыр, къыпщыщIар сыт?

– Еууей, абы Iэджэуи къемыузарэ ар! Си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым!

Лессинг нэгъуэщIкIэ еупщIакъым абы. „Зыгуэрым епщIыхьагъэнщ“, – егупсысащ ар.

– О, си Исус, фIыщэу слъагъуу си гущIэгъулы Исус, дауэ я гум техуа абыхэм апхуэдиз бэлыхь Уэ птрагъэлъыну? – Iущащэурэ жиIэрт щIалэ цIыкIум – Уэ псори плъэкIыр пэжмэ, мыр къызгурыгъаIуэ: сыт Уи Адэ Уэгурысым. Уэ укъыщIримыгъэлар? Абы Уэ фIыуэ укъилъагъурти!

Палко зэрыIурихыжрэ зыкъом щIат, ауэ абы и псалъэхэм Лессингхуабжьу ягъэпIейтеят: сыт Христос бэлыхь щIишэчар? Сытым щхьэкIэ лIа Ар? Тхьэшхуэм щхьэ ида апхуэдэу ар лIэныр? А упщIэхэр абыи куэдрэ зритыжт. Ауэрэ абы къищIэжащ а тхылъым и япэ тхьэпэм ит мы псалъэхэр: „Iэдэбу, зы сатыри думыутIыпщыкIыу еджи, мыбы уэ уигъэлъагъунущ дыгъэм и лъахэм ухуэзышэ лъагъуэр“. Адрей упщIэхэм жэуап хуетыну пIэрэ абы, мис а имыщIэххэрэ пэмыплъауэ и гум къизэрыхь упщIэхэм?

А махуэм къыщыщIэдзауэ Юрига и пщыIэм махуэ къэс фIыцIагъэ лъапIэм къыщеджэ хъуащ. Ахэм а Iуэхум хухахащ шэджагъуашхэ ящIа нэужь, загъэпсэзхуу щыщыта зы сыхьэтыр.

Юрига лIыжьым игъэщIагъуэрт езы щоджэн дыдэм ехьэехуэу Лессинг зэреджэфыр. Абы Лишки жриIакIэт Палко тхылъ къызэригъуэтар, а тхылъым и пэщIэдзэм псэлъафэ гъэщIэгъуэн зэритыр. Япэ махуэхэм Лишкэ ауэ сытми фIэгъэщIэгъуэнурэ къэкIуащ, ауэ иужькIэ зэи дигъэхуакъым. ЕдэIуэн щыщIадзагъащIэм, лIыжьитIым я тутын ефэн абы щхьэкIэ къагъэнакъым, ауэхуэмхуэмурэ ахэм я гум из хъуащ Тхьэм и Псалъэхэр. Хъури, абы щедаIуэкIэ, тутын зэи ефэжакъым; я пыIэхэр зыщхьэрахарэ дихьэхакуэ ахэр даIуэрт. Куэд щIауэ, адэ я щIалэгъуэ лъандэрэ, зэхэх икIи зыщыгъуазэ псалъэт ахэр, ауэ, зы псалъи, зы сатыри дамыгъэхуу къазэрыхуеджэм къыхэкIкIэ, къащыхъут щIэуэ икIи куэдкIэ нэхъ купщIафIэу. Зыгуэрым къарита къудейуэ щытамэ, ахэр апхуэдизу елIалIэу къемыджэнкIи хъунут а тхылъым, ауэ и къэгъуэтыкIэр зэрыгъэщIэгъуэнми абы иту хъуамкIи щIалэ цIыкIум фIэщхъуныгъэшхуэ зэриIэми къыхэкIыу, мохэри тегушхуэртэкъым абы итхэм шэч гуэр къытрахьэнуи. КъыфIэбгъэкIмэ, щылажьэхэм дежи, Лишкэрэ Юригэрэ тепсэлъыхь хъуат Тхьэм и пэжагъэхэм.

– Щоджэным гуэныхь игъэгъуну хуитыныгъэ иIэ, жиIэу фи щIалэ цIыкIур къызэрызэупщI лъандэрэ сэри абы согупсыс. Дауи, ар деркIэ ТхьэкIъым, япэм къызэрысщыхъуу щытам ещхьу. Сэ сощIэ си гуэныхьхэр сщхьэщамыхауэ зэрыстелъыр, Тхьэм ирагъэкIужахэм сазэрыщымыщыр, абы къыхэкIыу и согупсыс: сыткIэ си сэбэп сэ а гуэныхьгъэгъу лъэIури езы гуэныхьгъэгъури?

Юрига хэгупсысыхьыпауэ и щхьэр ищIащ.

– Хэт ищIэрэ, Iуэхум и пэжыпIэ псори а тхылъым къыщытщIэнкIи мэхъу.

– ПщIэрэ, зымахуэ а узым зэпкърихам теухуа хъыбарым Лессинг къыщытхуеджэм, сигукIэ сехъуэпсащ Исус хуахьу зи гуэныхьхэр Абы зыщхьэщиха цIыхум.

Зыри къысщымыхъуу мы дуней псор къызэхэскIухьынт, Ар къэзгъуэтыну сщIамэ.

– Дадэ, – жиIащ Палко, етIуанэ Iыхьэм къеджа нэужь, – мы плIанэпэ сэ сыщыжейр икIи си унэщ, икIи си пщыIэщ, пэжкъэ?

– Цыт щIэмыпэжыр, – ар Дунайрэ фэрэ фи пщы тэхъуанэщ, – жиIащ дыхьэшхыурэ лIыжьым.

– Сэ уэ сыпхузарэзыщ! – жиIэри, щIалэ цIыкIур зэуэ щым хъуащ.

Пщыхьэщхьэм, балигъхэр лэжьакIуэ къыщикIыжам, ахэм ягъэщIэгъуащ Палко и „пщы тэхъуанэм“ ирищIар: ар зыдэлъ плIанэпэр къабзэу пхъэнкIат, пIэр екIуу зэлъыIухат. Адрей плIанэпэм дэтт, къыпачагъащIэ губгъуэ удз гъэгъа дахэхэр зэрыт кхъуэщыныр. ТIроцэм* деж зэращIым ещхьу, бжэр гъэщIэрэщIат.

– Уэ хьэщIэ гуэрхэм уапэплъэу къыщIэкIынущ, си щIалэ? – къеупщIащ абы Лессинг.

– Сыпоплъэ. Ар къэкIуэнущ икIи ди деж къыщынэнущ, сыту жыпIэмэ Ар сэ къезгъэблэгъакIэщ, зэгуэр Марфэ зэрищIам ещхьу. ЦIыхухъуитIыр къыпыгуфIыкIащ, Ауэ мо плIанэпэ зэлъыIухам езыхэм я плIанэпэхэр хуабжьу къащхьэщыкIти, ахэми я пIэхэр зэщIакъуащ, итIанэ Юрига Палко хуищIащ пэшыр зэрыщыту къипхъэнкIыну.

Палко и фIэщыпс хъурт, Зиусхьэныр* къызэрыкIуар. Езыр имылъагъу щхьэкIэ, абы зэхищIэрт Ар къыпэгъунэгъу дыдэу зэрыщыIэр. МэракIуэ, Iэгъэбэгу къищыпыну щыкIуэкIи, ар лъаIуэрт: „Ди Тхьэ, кхъыIэ сщIыгъуу накIуэ, сыту жыпIэмэ Уэ усщIымыгъуу сэ сыкIуэфынукъым!“

---

* ТIроцэ – троица

* Зиусхьэн – Господь.

# ЛЕССИНГ И ГУАУЭР

Аргуэру махуэ зыбжанэ блэкIат, аргуэру тхьэмахуэт. Лессинг зигъэхьэзырт унэм кIуэжыну. Абы и гуращэт къытригъэзэжу тхьэмахуэ зытIущкIэ иджыри щыIэну.

– СфIэфI дыдэу игъащIэкIэ сыкъэнэнт, – жиIащ абы, – мыбы хуабжьу фIыщ ущыIэну, мы къуршхэм.

– Си щIалэ, – жиIащ хэгупсысыхьауэ Юрига, – ар апхуэдэу къытщыхъуу щыщIидзар Тхьэм и Псалъэм деджэу зэредгъажьэрэщ. Уэ жыпIащ Библиер зэрыщыту унэм ущиIэу; къытхуздумыхьыфыну пIэрэ ар мыбы?

– Ар сэ схуэгъэзэщIэн Iуэхущ: ди деж зыми къыщигъэсэбэпыркъым.

– ЛIо, къеджэф зыри фимыIэу ара?

– Си анэм ерагъкIэ хьэрфхэр зэхицIыхукIыу аращ.

– Сыту, фыз уиIэкъэ уэ? – куэд щIат Юрига а упщIэр абы иритыну зэрыхуейрэ, ауэ щхьэусыгъуэ къыхуэмыгъуэтурэ екIуэкIт.

– Фыз къыумышауэ ара-тIэ, уэ? – къытригъэзэжри еупщIащ лIыжьыр, сыту жыпIэмэ Лессинг жэуап къритатэкъым.

– Сыт щIызимыIэр, сиIэщ, – жэуап кърitыжащ абы, ауэ Лессинг и макъым къыхэщт и гур зэрыгъу дыдэмкIэ къызэреупщIар.

Ахэр илът мэзым хэт ху ейм. Лессинг и Iэхэр и щхьэм щIигъэкъуащ.

– НтIэ, ари къемыджэфу ара? – аргуэру къыщIидзащ Юрига.

– Фэ, зи щIалэгъуэхэм, щIэныгъэ нэхъ фиIэщ, зиунагъуэрэ, дэ лIыжьхэм нэхърэ.

– Къеджэфу щытащ ар, – жиIэри Лессинг нэщхъейуэ жэуап къитащ.

– Къеджэфу щытащ, жыхуэпIэм къибгъэкIыр сыт? – аргуэру еупщIащ Юрига. – Щыгъупщэжауэ ара – тIэ?

– НтIэ, щыгъупщэжащ. Псори щыгъупщэжа мыгъуэщ абы! Ауэ, сынызолъэIу, кхъыIэ, абыкIэ фыкъызэмыупщI: хьэлъэщ а псор сэркIэ.

Юрига ар къыгурыIуащ икIи фIэгуэныхь хъуащ Лессинг, сыту жыпIэмэ и къуэм хуэдэу илъагъут абы ар. Тхьэмахуэ зыбжанэ хъуат ахэр зэгъусэу зэрыпсэурэ, ауэ иджыщ абы къыщищIар ныбжьэгъу къыхуэхъуа щIалэ гуауэшхуэ гуэр зэриIэр.

– ПщIэрэ, си щIалэ, – жиIащ абы гуапэу, уи гум илъыр зыгуэрым къыхузэIупхмэ, уи псэр нэхъ щытынш куэдрэ къохъу. Хэт ищIэрэ, уи гуауэр нэхъ шэчыгъуафIэ хъункIи хъунщ, абыкIэ сэ укъыздэгуашэмэ.

– О, дадэ, дадэ, сэ си бампIэр шэчыгъуафIэ зэрыпщIыфын Iэмал щыIэкъым. БлэкIар блэкIащи, къыпхуегъэзэжынукъым, – жиIэри аргуэру щыч хъуащ.

– Си щIалэ цIыкIур дэнэ щыIэу пIэрэ? – жиIащ Юрига, тэлайкIэ тIури щыму щыта нэужь.

– Палкой? – къеупщIащ Лессинг, жей хьэлъэм къыхэкIа хуэдэ.

– Куэд щIакъым и „дыгъэ лъахэм“ кIуэну ежьауэ зэрыслъагъурэ. Инджылыр иIыгърэ Дунай къыбгъурыту.

– А щIалэ цIыкIур ФIыцIагъэ ЛъапIэм фIэкIа зэгупсыс мы дунейм теткъым, ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, – дауэ пIэрэ абы итхэр абы къызэрыщыхъур, къызэрыгурыIуэр.

– Сыщымыуэмэ, ар ещхьщ Зиусхьэным и гъэсэнхэм щапхъэ къытрахыну зэгуэр яригъэлъэгъуа щIалэ цIыкIум. ФIыцIагъэ ЛъапIэм ит псалъэ дэтхэнэри и фIэщ мэхъу абы.

– ЛIо, дэ ди фIэщ мыхъуу ара?

– Хъуркъым, дадэ! – жиIэри Лессинг и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

– Дэ ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ нэс диIэу щытамэ,

нэгъуэщI зыгуэру дыпсэунут. Хьэмэрэ уэ уи фIэщ хъурэ гуэныхьу птелъар Христос и цIэкIэ пщхьэщахауэ?

– Ар пэжкIэ пэжщ, – жиIащ леыжьым, и щхьэм щIэтIахъуэурэ, – икIи сэ, пцIы щхьэ упсын хуей, – щIагъуэу къызгурыIуэркъым ахэр. Зиусхьэн Тхьэр къабзэщ, сэ – сыцIыху гуэныхьлыщ. Гуэныхьу стелъыр зыхуэдизыр сэ къыщысщIэжар, си щIалэ цIыкIум а тхылъыр къигъуэту деджэу щIэддза нэужьщ. Пэжщ, абы, шэч лъэпкъ къытримыхьэу, псори и фIэщ мэхъу.

– Аращ-тIэ, дадэ, ФIыцIагъэр абы и фIэщ мэхъу, а фIэщхъуныгъэм пэкIуэу абы и гуэныхьхэри къыхуэгъунущ.

– Уэ-щэ, си щIалэ?

– Сэри? – жиIэри и щхьэр щIигуащ Лессинг. – Сэ си гуэныхьхэм гъэгъупIэ иIэкъым. А си гуэныхьхэр сэ апхуэдизкIэ къыстохьэлъэри, мы си бгъэм къурш псо къытрагъэукIуриянми ярейщ. Мы къуршым сыщыщыIэм деж, си гум нэхъ зегъэпсэху сэ, ауэ унэм згъэзэжу злэжьа щIэпхъаджэр слъэгъуа нэужь, Иов щIыгъуу мыпхуэдэу жысIэн хуей хъунущ: „Зэпыту укIуэ сэ сыкъыщалъхуа махуэр!“

– Сыт, си щIалэ, апхуэдизу уи щхьэр фIэбудыжыну уэ пщIа щIэпхъаджэр зищIысыр? Уэ апхуэдизкIэ уцIыху гуапэщи, кIузаракъэ, гъуэтыгъуейщ уэ уэщхь цIыху. – Ар жиIри, Юрига Лессинг и Iэр гуапэу иубыдащ.

– Сэ сщIари? – Лессинг и Iэр зэуэ лIыжьым къыIэщIихыжри, и нэкIур зэхуищIащ. – Сэ сщIари, дадэ? Сэ си фызыр и акъылым икIыным нэсхусащ!

– Сыт жыпIэр, хъарып? Дауэ ар зэрыхъуар? – Лессинг зэрыукIытамкIэ лIыжьым къыгурыIуащ абы жиIэр зэрыпэжыр. – ЛIо, фIыуэ плъагъуу щымытауэ ара? Хьэмэрэ, адрей лIыхэм зэращIым хуэдэу, абы утешхыхьу, и жагъуэ пщIыуэ щыта? – пкърыупщIыхьырт ар.

– О, сэ фIыуэ, фIыщэу слъагъурт ар, мы дуней псом

тетэкъым сэркIэ абы нэхърэ нэхъ фIыгъуэшхуэ. ёэгум
исy къесхьэкIыну сыхьэзырт.

– Апхуэдэу щытмэ, дауэ-тIэ уэ ар делэ хъуным зэрынэпхусар?

– Сэ гурыщхъуэ хуэсщIт абы. КъысфIэщIт зыгуэрым скIэщIидыгъукIыну хэту. Иджы къызгурыIуэжащ ар сэ къысхуэпэжу, гукIи псэкIи къысхэщIыхьауэ зэрыщытар. Ауэ абы щыгъуэ сэ ар си фIэщ схуэщIыртэкъым. Схуэшэчыртэкъым зыгуэрым къыбгъэдэувыIэрэ ауэ сытми епсалъэуи. Уи фIэщ хъурэ, – ар сэркIэ узыфэ бзаджэм хуэдэт. Апхуэдэурэ абы сызыщIишапэри, сэ зысхуэмыубыдыж хъуащ. Абы и щIыIужкIи цIыхухэм сыкъызэщIагъэстт. О, сэ абы щыгъуэ Зиусхьэн Исус, нэгъуэщI мыхъуми, моуэ мис иджы фIыцIагъэ тхылъым деджэурэ къызэрысцIыхуам хуэдэу сцIыхуу щытамэ, къыздэIэпыкъуну Абы седъэIунт! Ауэ дэ Ар тцIыхутэкъыми, си анэр Iэзэ-гъуазэ жиIэу дэтащ, сэри хуэмурэ аркъафэ сыхъури сежьэжащ,

Лессинг кушуэ щатэри аргуэру щым хъуащ.

– ЖыIэ, си щIалэ уэ, жыIэ. Уи псэр нэхъ тыншынущ итIанэ, – жиIэурэ тригъэгушхуэрт лIыжьым.

– Тхьэм бын, щIалэ цIыкIу, къыщыдитым си гур тIэкIу нэхъ тепыIат, – къыпищащ Лессинг. – Ауэ сабиймы сыкъхужьэдэкъуакъым сэ иужькIэ. Ар дауэрэ делагъэу къыпщымыхъуми, сэ апхуэдизкIэ гурыщхъуэщI сыхъуати, сабий дыдэм есфыгъулIэрт ар, апхуэдизу зэрыхуэгуапэм щхьэкIэ. КъыфIэбгъэкIмэ, адрейхэм я сабий лIауэ щызэхэсхым деж, сэри дыдейр лIэным сыщIэхъуэпсу пIэрэ, зыхужысIэж хъуат, афIэкIа абы емыубзэрэбзэн, емыгуэпэн, лъагъуныгъэуи гуапагъэуи хэлъыр сэ къысхуэгъэзауэ щытын щхьэкIэ. О, сэ зыми къыхуэсIуэтэжыфынукъым абы щыгъуэ хьэзабу стелъар зыхуэдизыр. Сэ сщIэжт зыIуридзэн гуэр къэзылъыхъуэ аслъэн губжьам ещхьу шейтIан къыстекIуам сыкъызэри-

уфэрэзыхьыр, ауэ сэ абы сыкъыпэщIэжыртэкъым, сыкъыIэщIэкIыну, сызэрызыIэпишэм зыкъезгъэлыну сыхэттэкъым. Апхуэдэххэурэ, сигуми си псэми тепщэ яхуэхъуащ а узыфэ бзаджэр.

Зымахуэ, зи акъыл икIар Тхьэм зэригъэхъужам дыкъыщеджэм, хьэкъсщыхъуащ сэри а щIэпхъаджэм ауэ сытми сызэрыхуэмыкIуар, атIэ шейтIаным и къарум сызэрыхуишар.

Сэ уэ бжесIэжыфынукъым ар зэрекIуэкIа псор, ауэ, сощIэж: тхьэмахуэ псокIэ щIэчэ симыIэу сефат. Зэгуэрым сефауэ сыкъэкIуэжри, щхьэгъусэм имыщIэу сабийр зыщIыпIэ схьащ. Тхьэм и закъуэт ар здэсхьар зыщIэр. Сэ къысхуэгубзыгъыжыр зыщ: адэ къуршым зызмыщIэжу сыщылъу сыкъыщагъуэтыжа хуэдэу жаIэ. Сабийр сщIыгъужтэкъым. ИтIанэ тхьэмахуитI хуэдизкIэ зыгуэрым и пщыIэм сыщIэлъащ. ИужькIэ зэрызэхэсхыжамкIэ, сэ щIыIэ техьэгъуэ къызэуэлIауэ щытащ абы щыгъуэ. Зы тхьэмахуищ хуэдиз дэкIыу къыщызгъэзэжам, гузэвэгъуэр зытелъ си фызыр къызэупщIу щIидзащ сабийм щхьэкIэ, ауэ сэ къысхуэгубзыгъыжтэкъым ар дэсхауи, зыщIыпIэ къыщызнауи.

ПхужыIэнкъымар дэ иужькIэ къызэрытлъыхъуам и куэдагъыр! Ауэ щIыр зэгуэхуу дэхуами ярейт! Си анэмрэ си фызымрэ я гугъэт ар сэ стхьэлъжауэ. Ауэ, я гугъэ щхьэкIэ, сагъэтIысынкIэ шынэхэрти, ар хэIущIыIу ящIыртэкъым. Арати, цIыхум я гугъэр ди сабийр кIуэда къудейуэ арат, ахъумэ, сэ сызэрыщымыIар ящIэрти, гурыщхъуэ къысхуащIтэкъым. Пэжыр жыпIэмэ, псоми дэ дакъызэрыщыхъур цIыху пэжхэут. ЯщIэрт зэзэмызэ сызэрефакъуэр, ауэ абы мыхьэнэшхуэ ираттэкъым.

Гуауэ иныр хуэмыхьу, си фызыр и акъылым икIащ. О, сытым хуэдэу гухэщI ар апхуэдэу плъагъуныр, абы щыгъуэми езыр щIалэ дыдэрэ дахащэу. Зэзэмызи, лажьэ имыIэ хуэдэ, абы къабзэу унэр зэлъыIуех, ауэ тIэкIу

зэрыдэкIыу, IэлъэщIыр зэтреубгъуэри, сабийр къилъыхъуэжыну докI. ГущIэгъу зыхэлъ цIыху къыхуэзэурэ куэдрэ къытхуашэжащ ар, ешарэ къару лъэпкъ имыIэжу. Псори къысхуогузавэ а къытщыщIа гуауэм щхьэкIэ, ауэ зыми ищIэркъым абы и щхьэусыгъуэр.

ЖэщкIэрэ сыкъэушу, гущэ нэщIым сабий хипхэ хуэдэу щыс си фызыр щыслъагъукIэ, сыкIуэу щхьэ хабзэм зезмытрэ, жысIэу куэдрэ сыкъохъу. Апхуэдэхэм деж си анэм сыкъызэтрегъэувыIэж, уэри тутнакъым урагъэтIысхьэмэ, хэт итIанэ мыбы кIэлъыплъынур, жеIэри. Ари пэжщ: хабзэм деж зесткIэ, дэ ди сабийр дгъуэтыжынукъым, ауэ щыхъукIэ си фызым и Iуэхури нэхъ тынш хъунукъым абы щхьэкIэ.

Аращ, псори бжесIащ. Иджы уэ къэпщIакIэщ тхьэмахуэ зыбжанэ хъуауэ уи пщыIэ щIэбгъэс цIыхур зыхуэдэр. СыщIэпхуну ухуеймэ, щхьэусыгъуэ щыIэщ.

– Iагъу, апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ, си щIалэ? Дауэ сэ апхуэдиз насыпыншагъэ къызыщыщIа цIыхур зэрыщIэсхужынур?

– Ар жиIэри, лIыжьым и нэпсыр щIилъэщ IыкIащ. – НтIэ, уэ къыпхуэмыгубзыгъыххэу ара сабийр зэрыхъуар? УмыукIар пэж, хьэмэ?...

– ЗдэкIуар ныбжесIэфынукъым, ауэ мы си IитI плъагъумкIэ ар зэрызмыукIамкIэ тхьэ ныпхуэсIуэфынущ, – жиIэри и натIэм къытрикIута пщIэнтIэпс щIыIэр Лессинг трилъэщIыкIащ.

– А сабий мыгъуэри щхьэ къэпщтат, насыпыншэ? Сытыт абы епщIэну узыхуейр?

– Мис ар къысхуэщIэркъым сэри. БжесIаи, – сэ зызмыщIэжу сычэфащ. Зы закъуэ къысхуогубзыгъыж: гъыуэ зэрыщIидзэу, щIакхъуэ Iыхьэ IэщIэслъхьат Иджыпстуи слъагъу хуэдэщ сэ ар: дахэ дыдэрэ пIырыпI гъэпщцам хуэдэу. И нэпсыр нэкIум тегъущыкIатэкъым, ауэ итIани къысхуэгуфIэрт. Си щхьэр къыхэузыкIыу щыщIидзэм, сэ

зызгъэукIуриящ, – адкIэ дауэрэ хъуами сщIэркъым. ЗыщIыпIи щамыгъуэтакIэ, хьэкIэкхъуэкIэ къыхуэзэу зэпкърачагъэнщ, жызоIэ, сщIэ мыгъуэркъым...

Модэ Лишкэ къокIуэ, зэкIэ къэгъанэ а хъыбарыр. КъезмыгъащIэмэ нэхъыфIщ абы ар. Хабзэм зест щымыхъукIэ, зыми схужеIэнукъым.

Лессинг зэуэ къыщылъэтри, Лишкэ къэхмыс щIыкIэ, мэзым хыхьащ.

Юрига зигъэукIуриижри, и нэхэр зэтрипIащ.

„Мыр жейуэ къыщIэкIынщ“, – жиIэу егупсысри, Лишкэ щIэкIыжыну хуежьат, ауэ Юрига жейртэкъым. Лессинг къыжриIапр апхуэдизкIэ зэхищIат, къыхэкIыфтэкъыми, Лишкэ епсэлъэну хуэмейуэ арат. Абы хуабжьу фIэгуэныхь хъуат ар. Иджы лIыжьым къыгурыIуат, ныбжькIэ щIалэ пэтми, Лессинг гъащIэр фIэмыIэфIрэ нэщхъеирилэу щIыщытыр. Хьэуэ, дэнэ абы и гум псэхупIэ щигъуэтынур? Араи ар сытым дежи я унэм нэщхъейуэ къыщIикIыжыр. О, сыту хьэл мыгъуэу цIыхум яхэлъ мы ефэныр, сыту мыгъуагъэрэ гуауэу куэд къахуихьрэ абы цIыхухэм. Лессинг тхьэмыщкIэI Ар иджыри щIалэ дыдэщ, атIэми сыту хуабжьу хьэлъащэ абы и гъащIэр. И сабийр иджы абы игъащIэкIэ игъуэтыжынукъым, и фызри ихъужыкIынукъым и къеузым!

– ПщIыхьэпIэ Iей гуэр плъэгъуауэ къыщIэкIынщ уэ, дадэ? – жиIащ Лишкэ, и дамэм къытеIэбэри. – Апхуэдизу кууэ ущэтати!.

– Пэжщ, ныбжьэгъу, слъэгъуащ, фIыуэ пщIащ сыкъызэрыбгъэушари.

– Уэ щхьэ уи закъуэ-тIэ? Лессингрэ щIалэ цIыкIумрэ дэнэ щыIэ?

– Лессинг моуэ куэд щIакъым зэрыщIэкIрэ, Палко, дауи, и тхылъыр иIыгъыу и „дыгъэ лъахэм“ щыIэщ.

– Зыхуумыгъэгусэ абы, щрыреIэ! Дэ щытщIыгъум дежи, а и „дыгъэ лъахэм! щыIэ хуэдэщ ар. Езыри дыгъэ

бзий телъыджэм ещхьщ а цIыкIур. Дыгъуасэ, къуажэм къыздикIыжым, сыкъыкIэлъыщIыхьат сэ абы. Хуабжьу нэжэгужэт, уэрэд цIыкIу гуэри кърищт. Апхуэдэурэ здэкIуэм, абы и нэр хуэзэщ гъуэгу напщIэм Iут удз гъэгъа цIыкIу гуэрым. Щхьэщыувэри, нэхъыфIу хъызэпиплъыхьын щхьэкIэ, зигъэщхъащ.

– ЛIл абдеж къыщыплъыхъуэр? – сеупщIащ сэ абы. Ар тIэкIуи укIытагъэфэт.

– Зыри, мы удз гъэгъа цIыкIум пэгъунэгъуу лъэкъуампIэ щыIэрэ щымыIэрэ зэзгъэщIэну арат.

– Хэт и лъэкъуампIэ.

– Мис Абы? Езым и лъэкъуампIэ.

Сэ занщIэу къызгурыIуащ, абы зи гугъу ищIыр.

– ЛIо, нобэр къыздэсым КъегъэлакIуэм къыщикIухь уи гугъэ мы щIым? Уафэм дэкIуеижу Тхьэм и ижьрабгъур тIысыпIэ зэрыхуэхъуар умыщIэу ара уэ?

– СощIэ, ауэ уэ пщыгъупщъжауэ ара Абы дыкъызэригъэгугъар: „Сэ фэ сыфщIыгъущ игъащIэкIэ?“ ИкIи шэч лъэпкъ къытезмыхьэу сэ сощIэ Ар зэрысщIыгъур икIи сяпэ иту зэрыкIуэр. Дыкъеджати дэ абы, и мэлхэр къыщIигъэкIа нэужь, ахэм япэ иту Ар зэрыкIуэм. Ар сэ си Iэхъуэ Гуапэщ, сэ Абы и мэлхэм сыразыхэзу аркъудейщ. Ауэ щыхъукIэ, иджыпсту и Ар сяпэ итурэ къэкIуащ. Сэ къэсщIэну сызыхэтар зы закъуэщ: Ари еплъауэ пIэрэ ап удз гъэгъа цIыкIум? Шэч хэмылъу, еплъащ, сыту жыпIэмэ Абы и фIыуэ елъагъу удзхэр.

– Дэнэ уэ щыпщIэр Абы удз фIыуэ зэрилъагъур? – жысIэри сеупщIащ сэ абы.

– Ахэр абы игу ирихьу щытащ, дауи, сыту жыпIэмэ, епэрхэм щатепсэлъыхьым деж, Абы жеIэ Соломон и нэхъ щIалэгъуэ, дахэгъуэ дыдэу щыщытами апхуэдэу дахэу зихуапэу къыщIэкIынтэкъым, жеIэри. Хьэмэрэ Аракъэ дэ чэнджэщ къыдэзытар, удз гъэгъахэм деплъырэ ахэм щапхъэ къатетхыу дыщытын зэрыхуейр?

– Сэ сызэрегупсысыращи, а щIалэ цIыкIур губзыгъэIуэщ, дадэ, уэрэ сэрэ хуэдэу мэзауэл къудейуэ къэбгъэнэнкIэ.

– Ар пэжкIэ пэжщ, ауэ лIо сыбгъэщIэнур? Си джанэжь закъуэр сщэжыну сыхьэзырщ сэ абы щхьэкIэ, ауэ сыт?... СлъэкIынуращи, сэ зыхэсщIыкIым хуезгъэсэнщ.

– Ар сощIэ мыгъуэ. ИтIани апхуэдиз губзыгъагъ зиIэ щIалэ цIыкIур апхуэдэу кIуэдыныр сфIэигъуэджэщ. Ар щIэсарэ моуэ зыгуэрхэр къыджиIауэ щытамэ хъарзынэтэкъэ. Тхьэм ещIэ иджыпситу арн зыдэуэршэрыр. А Iуэхугъуэхэм зыхутемыпсэлъыхьу блигъэкIыр мащIэщ абы.

# ЗЭIУЩIЭ Г'ЭЩIЭГ'УЭН

Лессинг щыуатэкъым, Палуо и „дыгъэ лъахэм“ щыIэу къыщIэкIынщ, щыжиIам. ЩыIэт. Ауэ ар мы зэм бгъуэнщIагъым щIэстэкъым, атIэ бгы джабэр къызэхикIухьрэ бжыгъэншэу мыбы къыщыкI удз гъэгъахэм еплъу, дэкIуей, къехыжу кIэрытт. Къримычу, ар епсалъэрэ еубзэрабзэу яхэтт абыхэмрэ хьэндрабгъуэ цIыкIу блэлъэтхэмрэ. ИтIанэ ар псым кIуащ, и лъакъуэхэр итхьэщIы ну. Псы фIыуэ зымылъагъу Дунай къызэхижыхьыу тафэм итт.

– Дунай, сыт а удзыр щIызэхэбутэр? – егиящ ар хьэм. – Ара къыпфIэщIрэ ахэр къыщIэгъэгъар? Бзу цIыкIухэри щIэбгъащтэр сыт? Еплъыт ахэм уэ бэлыхьу ятеплъхьам. ДяпэкIэ сэ зэи мыбы укъыздэсшэнкъым... Умыгузавэ уэ, си хъарып цIыкIу, – жиIэурэ едзхащIэрт ар шынауэ хьэм еплъ бзу цIыкIум. – Дунай гущIэгъуншэкъым, тIэкIу зэрану аращ. Дэнэ щищIэрэ абы апхуэдэ пщIэным гуэныхь зэрыпылъыр, – ар хьэ къудейуэ аращ.

Абы апхуэдэ къыгурыIуа хуэдэ, бзу цIыкIур нэжэгужэу, къудамэхэр хуримыкъуу пкIэрэ лъэуэ ежьэжащ.

– Хьунщ иджы ар нобэкIэ, – яжриIащ Палко удз гъэгъахэм, хьэндрабгъуэхэм, хьэпIацIэхэм. – Иджы си гугъу лъэпкъ къэвмыщI, сэ седжэну сыхуейщ.

Зы пащтыхьыкъуи нэхъ пIэщхьагъыфI игъуэтыну къыщIэкIынтэкъым иджыпсту, Палко и щхьэр зытрилъхьам нэхъри: ар – къэдабэ дахащэ теубгъуа фIэкIа умыщIэну жыглыц Iув щабэ зытет къыр дзакIэрт. ИхъуреягъкIэ гъурцыр къызэщIэгъэгъауэ итт. Хужьрэ тхьэмбылыфэу гъэгъа ахэм я къудамэхэр Палко къытещIауэ къыщхьэщытт. ДэнкIэ умыплъами, – акъужь гуапэм дещIэ удз гъэгъащ. КъыпфIэщIынт ахэми заущэхуарэ тхылъъым къеджэну зызыгъэхьэзыр щIалэ цIыкIум пэплъэу.

Нобэ абы щапхъэ къатрихат афIэкIа зыхуэмышыIэу тхылъым и кIэухым къеджэ е зэмыджэу къэнэжар зэIызыпщIыкI балигъ язынықъуэхэм.

– Ягъэ кIынкъым, – жиIащ Палко, езым и пащхьэм зыщигъэзэхуэж хуэдэ, – Лессингрэ сэрэ, IэмаI имыIэу зэрытхылъу щIэдджыкIынущ, сэ ауэ сытми и кIэух дыдэм тIэкIу сыкъеджэну сыхуеяуэ аращ, сыту жыпIэмэ абдежым гъэщIэгъуэн гуэр итщ.

Арати, Палко къеджэу щIидзащ: „ИтIанэ сигъэлъэгъуащ Тхьэмрэ Тхьэтыхьщынэмрэ* я пащтыхьыгъуэм къикI, ущызэкIэщIэплъу къабзащэ псым, гъащIэм и псым. Псы IуфитIымкIи щегъэкIэкIауэ ар къызыдэж уэрамым тетт зы илъэсым къриубыдэу пщыкIутIрэ къызыпыкIэ жыгхэр, гъащIэ жыгхэр. Абы пыт пщIащэхэри цIыхум я дежкIэ хущхъуэгъуэт. А дунейм щыIэнукъым Тхьэм и ней зытехуа лъэпкъ. Ауэ Тхьэмрэ Тхьэиыхь-

* Тхьэтыхьщынэ – Агнец.

щынэмрэ я пщыгъуэр щыIэнущ икIи Абы хуэжыIэщIэнущ и блыгущIэтхэр. Иралъагъу ахэм Абы и нэгур, я натIэм тетхауэ щрырет. Абы и цIэр“.

О, сыту хъарзынэ ар! Абы и гу пIащIэ цIыкIум къищIакIэт ар зытепсэлъыхьыр „дыгъэм и лъахэ“ дыдэр зэрыарар. Абы щыIэт Тхьэмрэ Тхьэтыхьщынэмрэ къабгъэдэкI псы щэджащэр, псы къабзащэр.

„Хэт ар езыр а уэгум пащтыхьыгъуэ щызиIэ Тхьэтыхьщынэр? – жиIэу егупсысри ар уафэм дэплъеящ. Аращ Тхьэтыхьщынэр, Тхьэм и тыхьыр... – жиIэри щIалэ цIыкIум игу къэкIыжащ. – Иуан ЖортещIым апхуэдэу фIищауэ щытащ Исус Тхьэм, апхуэдэущ уафэми Абы къызэрыщеджэр: Тхьэтыхь, Тхьэм и тыхь. Абы къыщыкIырт зэпымычу пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэр. Ауэ сыту пIэрэ абы къикIыр, Тхьэм и ней зыщыхуа лъэпкъ щыIэнукъым, жыхуиIэм? Зыгуэрхэм ешхыдэрэ псалъэ фIей жызыIэрэ щыIэнукъым, жыхуиIэу арагъэнщ! – егупсысащ щIалэ цIыкIур шынауэ. – Апхуэдэу щытмэ, ди гъунэгъу къомым яжеIэн хуейщ афIэкIа абыхэм апхуэдэ лъэпкъ жамыIэну. Тхьэм къехьэлъэкIыу къыщIэкIынущ, мы щIыгум щызэхих псалъэ фIей къомымрэ хъуанэцIанэмрэ, абы къыхэкIыуи апхуэдэ къызыжьэдэкI цIыхухэр а дунейм тригъэхьэнукъым.

Мыбдежым аргуэру зэ и гугъу щещI Тхьэтыхьым и пщыгъуэм рэ Абы Iуэхутхьэбзащ Iэхэр зэриIэмрэ. О, сыту си фIэфIыщэу Iуэхутхьэбзащ Iэ сыхуэхъунут сэ Абы, сыкъищта закъуэмэ. О, – игу къэкIыжащ щIалэ цIыкIум, – сыкъэтэджын сыщхьэхыурэ сыту куэдрэ сыхэжае у щыта сэ пщэдджыжькIэрэ, дадэ псы къыхуэхьын, зегъэтхьэщIын зэрыхуейр сщIэж пэтми. Е сытым хуэдизрэ Дунай щIыгъуу мэзыр къызэхэджыхьыу дыщIэтт, пхъэ къэсщыпыным и пIэкIэ. Рацга дадэ мыбы сыкъыщигъанэм къызжиIауэ щытащ сэ Юрига дадэ Iуэхутхьэбзащ Iэ жыIэдаIуэ сыхуэхъун хуейуэ, сыт щхьэ-

кIэ жыпIэмэ и Тхьэ еплъауэ сэ абы сызырешалIэ, ауэ щыхъукIэ, жиIэр тIу сщIы хъунукъым“.

– О, щIыхь зыхуэсщI Исус, – жиIащ абы, и Iэхэр и бгъэгум щызэтридзэри, – къысхуэгъэгъу абы IуэхутхьэбзащIэ нэхъыфI сызырыхуэмыхъуам щхьэкIэ. Иджы куэдкIэ нэхъыфIу сыхуэIуэхутхьэбзэщIэнущ сэ абы, дыгъэм и лъахэм сынэса нэужькIэ Уэ IуэхутхьэбзащIэу сыкъэпщтэн щхьэкIэ! О, сыту сыхуейт сэ уэ уи бжаблэм* пэгъунэгъуу сыщытыну!

ЩIалэ цIыкIум аргуэру тхылъыр къызэIуихащ. Абы итт: „Ирыреплъэхэ Абы и нэгум, я натIэхэм Абы и цIэр тетхауэ щрет“.

– ИтIанэ сэри Ар слъагъунущ! – жиIащ абы гуфIауэ. – Догуэ, си натIэми къритхэну пIэрэ Абы и цIэр? СщIэркъым. О, сыту пщIэшхуэ ар, атIэми сэ зыми имыщIыс сыщIалэ жыIэмыдаIуэ цIыкIу къудейуэ аращ!

Палко зэуэ гу лъитэжакъым, макъкIэ къеджэ къудей мыхъуу, ар макъкIи зэрыгупсысэм. И гущхьи къэкIакъым, езым нэмыщI мыбдеж нэгъуэщI цIыху щыIэу, ауэ и нэIуасэ гуэр къызэрилъэгъуар Дунай и банэ макъ гуфIэр къызэхэщам къыуигъащIэрт. Аращ, и щIыбагъымкIэ зыгуэр къыщыпсалъэм, ар къыщIэмыщтари:

– ЛIо уэ апхуэдэу щIалэ цIыкIу жыIэмыдаIуэу зыкъыщIэплъытэжыр, Палко?

ЩIалэ цIыкIур къыдэплъейри, къэуIэбжьауэ къыщыплъэтащ. Ар абы пщIыхьэпIэуи илъэгъуат, мис и „дыгъэ лъахэм“ щыхуэзэнкIэ хъуну... алина щоджэным.

– Уэ дауэ мыбы укъыщыхута, щIыхь зиIэ щоджэн?“ – игъэщIэгъуащ абы.

Щоджэным и нэгу зэхэуа фагъуэр гуфIэкIэ гуапэм зэлъыIуихащ.

---

* Бжаблэ – престол.

– ЛІо-тІэ уэ уи закъуэ уи гугъэж мы къуршхэр зейр, хьэмэрэ сэ жьы къабзэкІэ сыбэуэн щхьэкІэ си жыг хадэм сыкъыфІэкІ мыхъуну ара?

– Хьэуэ, сэ апхуэдэ лъэпкъ си гугъэкъым, – жиІащ Палко укІытауэ, – ауэ мыр хуабжьу жыжьэщ, ноби тхьэмахуэщи... Хэт-тІэ нобэ чылисэм къекІуалІэхэр, Тхьэ езыгъэлъэІур?

– Плъэгъуа инквизитор цІыкІу! Шэджагъуэ хъуху Тхьэ сахуелъэІури, итІанэ, дохутырым и чэнджэщкІэ, мыбы сыкъэкІуащ. махуэ зытІущкІэ сыщыІэн мурад сиІэу. ТІэкІу сыгукъыдэмыжщ.

– Уэ мыбы ущыпсэууэ ара-тІэ? Дэнэ? – еупщІащ щІалэ цІыкІур, игъэщІагъуэу.

– Мэзхъумэм и унэм.

– Ар жыжьэкъым. Ауэ, къысхуэгъэгъу, сэ зыгуэркІэ сыноупщІынут, – жиІэри, мывэмтетІысхьа щоджэным щІалэ цІыкІур бгъурытІысхьащ. – Дэнэ уэ къыщыпщІар мы „дыгъэ лъахэр“ мыбызэрыщыІэр?

– „Дыгъэ лъахэ“ жыпІа? – къеупщІащ игъэщІагъуэу щоджэныр.

– Мы аузым ара-тІэ зэреджэр?

– НтІэ... хьэуэ, сщІэркъым апхуэдэуми, – жиІащ Палко укІытауэ. – Ар сэ къэзгупсысыжа къудейуэ аращ, сыту жыпІэмэ мыбы щыІэщ уафэм и куэбжэр, а куэбжэм адэкІэ къыщылъщ дыгъэр зэи щыкъуэмыхьэж лъахэ.

– ЗэрыжыпІэмкІэ, уафэм и куэбжэр мыбдежыращ.

Щоджэным къызэхиплъыхьт къурш щхьэгуху дахащэхэмрэ жыг зэщІэгъагъэхэмрэ.

– Пэж дыдэу мыбы куэдкІэ нэхъ щызэхыбощІэ тхьэІэрыкІ* дунейм и теплъэхэр. АтІэми, уэ сыт, си щІалэ, апхуэдэу къыщІэплъытэр? – гуапэу еупщІащ ар щІалэ

* ТхьэІэрыкІ – божественный.

цIыкIум, и щхьэм Iэ дилъэурэ. Уэ, дауи, зыщIыпIэ щызэхэпхагъэнщ апхуэдэ лъахэ, „дыгъэм и лъахэ“, зэрыщыIэр?

– Хуит сыкъэпщIмэ, и пэм къыщыщIэдзауэ сэ бжесIэжынщ ар зэрыхъуар, – жиIащ щIалэ цIыкIум, и нэхэр къищIыщхъукIыу.

Щоджэныр жыглыц щабэм хэгъуалъхьащ, зиукъуэдийри, и нэхэр щIалэ цIыкIум къытримыгъэкIыу едаIуэу щIидзащ абы жиIэхэм. Таурыхъхэм хэт дыгъэ лъахэр къилъыхъуэурэ, мыбы къызэрыкIуар, и бгъэм кIэрикъузауэ иIыгъ а фIыцIагъэ лъапIэр къызэригъуэтар, „дыгъэм и лъахэ“ дыдэм теухуа куэд абы къызэрыриджыкIар, уафэгъуагъуэуэшх къыщыхъуам щыгъуэ, зэмыфэгъуиблу зэхэлъ уафэ куэбжэр и нэкIэ зэрилъэгъуар.

Палко гу лъитакъым а зэхиххэр и гуапащэ зэрыхъуам къыхэкIыу щоджэным и нэхэм нэпс къызэрекIуам.

Абы жиIэжащ иджыпсту къызэджари: Тхьэ Исус зэрелъэIуар, Абы и IуэхутхьэбзащIэхэм яхибжэну.

– Сыгъэлъагъут мыдэ а тхылъыр! – жиIащ щоджэным. – Мыр мы бгъуэнщIагъым къыщIэбнэ хъунущ, япэм зэрыщIэлъам ещхьу. Сэри зыкъомрэ сыкъакIуэурэ, уэ уэщхьу, сфIэфIыпсу сыкъеджэнт, моуэ- щэ, зы сатырэм сатырэр кIэлъыкIуэу, икIи уэрэ сэрэ къызэдэтлъыхъуэнт нурым и лъахэ дыдэу дыгъи мази зыхуэмыныкъуэр, нур мыухыжу Тхьэтыхьыр здэщыIэр. ТIэкIурэ гупсысэри, щIалэ цIыкIум моуэ жиIащ:

– Хъунщ, сэ къыщызнэнщ мыбы апр, Арыншами, Лессинг пщэдей къуажэм мэкIуэж, сэ, нэгъуэщIхэм сакъыхуеджэн хуэдэу, апхуэдэу и фIыуэ зэкIэ сесакъым. мыбы сыкъакIуэурэ си щхьэм сыкъыщыхуеджэ хъунущ. Мыбы ущыIэу сыкъыпхуэзэмэ, уэ, дауи, укъысхуеджэнщ, хъункъэ?

– СфIэфIыпсу, си щIалэ цIыкIу. Иджыпстуи сыкъыпхуеджэнщ, ухуеймэ. Ауэ нэхъапэ щIыкIэ уи бгъуэнщIагъэ щэхур сыгъэлъагъу.

Ахэр къэтэджащ. Щоджэныр и гъуэгугъэлъагъуэ щIалэ цIыкIум ерагъкIэ кIэлъыщIыхьэу арат. ЩIэх дыдэуи нэсащ ахэрбгъуэнщIагъым.

– ГушыIэншэу, сыту хуабжьу зэпэщ мыр! – жиIащ щоджэным, илъагъур фIэтелъыджэу. – Пэж дыдэу, пэш кIуэцIым ещхьщ. Мыри шэнт къудейуэ къэнэжкъым, – тахътэщ. Сытуи дахэу зэлъыIупха, удз гъэгъахэмкIэ екIуу бгъэщIэрэщIа мыр! Уи унэ цIыкIур дахэу ухуейщ уэ, дауи?

ХьэщIэм къызэпиплъыхьт къабзэу зэлъыIухарэ удз гъэгъахэмкIэ гъэщIэрэщIэжа бгъуэнщIагъыр, щIалэ цIыкIум и тэхъуанэр.

– Сыхуейщ, Зиусхьэн Исус кыддэщIыгъуу псэуну сыкъигъэгугъащ, абы игу ирихьым хуэдэу згъэпсыным сыщIелIэлIари аращ, – жиIащ Палко.

– Догуэ, пэж дыдэу уэ уи фIэщ хъурэ Ар сытым дежи узэригъусэр? – щоджэным и щIэупщIэкIэр зыкIи ещхьтэкъым дадэрэ Лессингрэ я щIэупщIэкIэм. Ар, пэжыр жыпIэмэ, жэуап зэтыгъуаафIэ упщIэкIэ, абы къыхэкIыуи щIалэ цIыкIур гугъу дехьакъым жэуапым.

– Мэхъу, щIыхь зыхуэсщI щоджэн, мэхъу Ар сытым дежи, иджыпстуи зэрыдигъусэр.

– „ЖыIэзэфIэщыгъэ лъапIэ!“ – жиIэщ, кууэ щатэщ, етIысэхри, и Iэхэр и жьэпкъым щIэгъэкъуарэ Тхьэ елъэIу хуэдэ зы тэлайкIэ щысащ.

Палко тегушхуакъым ар игъэпIейтеину. А сыхьэтым абы игу къэкIыжащ дадэ щхьэкIи зэхуихьэсауэ мамкъут пабжьэм къызэрыхинар. Дадэ, дауи и гуапэ хъунущ, ар зригъэшхар къиищIа нэужь. Пхъэ бжэмышхышхуи иIыгът абы, кхъуэщынышхуэм кърихыурэ ирырикIутэу. Пэжу, тепщэч иIэтэкъым, ауэ япэмыжыжьэу щилъэгъуат тепщэч папщIэу къэбгъэсэбэп хъун тхьэрыкъуэфышхуэхэр.

Палко къиихьащ кхъуэщынитIри. ФIыуэ итхьэщIри,

цIыкIум псы изу ирикIащ. Адрейм илът къызэрипщIрэ куэд мыщIа мамкъутхэр. Бжэмышхри фIыуэ итхьэщIщ, щэкI кIапэкIэ фIыуэ илъэщIыжри, апхуэдэ цIыхушхуэ зэригъэхьэщIэнум иригушхуэу бгъуэнщIагъым къигъэзэжащ.

И тхылъым еджэу щоджэныр зэрыщысыр щилъагъум, имыгъэпIейтеин щхьэкIэ, макъ лъэпкъ иримыгъэщIурэ абы и пащхьэм тхьэрыкъуэфышхуэр ирилъэхьэри мамкъут зэрылъ кхъуэщыныр бгъэдигъэувэжащ.

Щоджэным и щхьэр къиIэтри, и нэкIу фагъуэ зэхэуам гуфIэкIэ гу апэр къытехутащ. КъэIэбэри, абы иубыдащ щIалэ цIыкIум и Iэр.

– ЛIо, сыбгъэхьэщIэну ара?

– Аращ. Шхыт, кхъыIэ. Фи деж сынэкIуэху къэс жыхуаIэм хуэдэу, фэ сывогъашхэ. Иджы сэри сыхуейт сызыхуэхьэзырымкIэ узгъэхьэщIэжыну!

– Упсэу. Уи хьэщIагъэм селъэпауэу къыпщымыхъун щхьэкIэ, къэгъэкIуатэт мыдэ а уи мамкъут IэфIхэр, тепщэч удзыфэм искIутэнщи...

О, сыту гухэхъуэшхуэт ар Палко дежкIэ! Щоджэным мамкъут IэфIхэр ишхыурэ псы трифыхьыжт. ИтIанэ и IэмпIэм иIэбэщ, щIакхъуэ хужь Iыхьэшхуэ кърихри, щIалэ цIыкIумрэ Дунайрэ яритащ.

– Сэ укъэзгъэгугъатэкъэ зы Iыхьэ сыкъыпхуеджэну. КъэтIыси къедаIуэ, ахъумэ сэ зысIэжьащэ хъунукъым. Пщэдеи укъэкIуэну уэ мыбы?

– СщIэркъым... Си фIэщ хъуркъым. Сэ Лессинг щежьэжкIэ, и хьэпшыпхэр къыдэсщтэу згъэкIуэтэжын хуейщ.

– Ауэ щыхъукIэ, мы уи тхылъыр пщэдей пщIондэ къыздэсщтэ хъунущ сэ. Пщэдджыжьым е шэджагъуэ нэужьым нэхъ фIэмыкIыу къэсхьыжынщ.

ИтIанэ щоджэныр къеджащ Зиусхьэн Исус уафэм зэрыдэкIуеижам, Абы къызэригъэзэжынур и гъэсэнхэм мелыIычхэм къызэрыжраIам. Ауэ, Езым къигъэзэжын

япэ, Абы цIыхухэр къигъэгугъащ. Псэ Нэхур* къахуигъэкIуэну.

– Ар хэт езыр, а Псэ Нэхур? – еупщIащ щIалэ цIыкIур, бгъуэнщIагъым къыщыщIэкIыжхэм.

– Ар Исус Христосу ди Зиусхьэным и псэрщ, – жиIащ жэгупсысыхьауэ щоджэным, – А Псэр хыхьауэ щытын хуейщ дэтхэнэ чыристэнми; мы тхылъым жиIэри аращ: Христос и Псэр зыхэмыхьар Абы ейкъым.

– Уэ, дауи, а Псэр къыпхыхьащ, пэжкъэ? – къыфIэмыIуэхуурэ щоджэным и нэм щIэплъэурэ еупщIащ щIалэ цIыкIур. – Шэч хэмылъуи, уэ Абы урейщ.

КъеупщIар нэгъуэщI зыгуэру щытамэ, абы ар жэуапыншэу къигъэнэнтэкъым. ЛIо, абы жорыпсщIэгъауэ* хуащIакъэ? Ар щыщхъэ диным и щыжакIуэ пэж закъуэу къэна котоликхэм я чылисэм? Хьэмэрэ ар зэдзарэзыуэ хаха щоджэнкъэ?

– ПщIэрэ, Палко, сэ абы и жэуапыр нэхъ иужьыIуэкIэ уэстынщ, мы тхылъым сыкъеджэурэ, си Iуэху зытетыр нэхъыфIу къызгурыIуэжа нэужь.

Зы тэлайкIэ ахэр щыму кIуащ.

– ЛIо узэгупсысыр? – жиIэщ, и Iэр иубыдри, щоджэныр щIалэ цIыкIум еупщIащ.

– Сыт сэ сщIэн хуейр, Зиусхьэн Исус и Псэ Нэхур згъуэтын щхьэкIэ? – къеупщIыжащ щIалэ цIыкIур абы.

– Мы тхылъым зэритымкIэ, Уэгурыс Адэм Псэ Нэхур ирет абы къыщIэлъэIуу Езым къыхуэжыIэщIэ дэтхэнэми

– Ар пэж дыдэщ. Хэт къемылъэIуами, Абы псоми псори яхуещIэ. Сэри сыщIелъэIуауэ Абы къысхуимыщIа щыIэкъым. ауэ Псэ Нэхур Зиусхьэн Исус къабып зэрытщIым ещхьу тщIы хъуну пIэрэ?

---

* Псэ Нэху – Святой Дух.

* ЖорыпсщIэгъауэ – крещение.

– Зи гугъу пщIыр къызгурыIуэркъым, Палко?

– Зи гугъу сщIыри? ПщIэжкъэ, Марфа и унэм иригъэблэгъауэ щытаи Зиусхьэн Исус?

– АбыкIи жыпIэну узыхэтыр къызгурыIуэркъым, Палко.

– Дауэ? Марфа и унэм иригъэблэгъакъэ Исус Христос? НтIэ, сэри, сымылъагъу щхьэкIэ, Ар къезгъэблэгъауэ ди пщыIэм щIэсщ. СощIэ ар къакIуэу сэ сщIыгъуу къызэрынар.

Зэхихар телъыджэ къыщыхъуарэ жам хуэдэу зэщIэувыIыкIри, щоджэным и нэхэр иуфIыцIащ.

– Хьэуэ, – жиIащ абы, зы тIэкIу дэкIа нэужь, моуэ и щхьэм хужиIэж щIыкIэу. – Христос и Псэ Нэхур уи унэм и закъуэкъым къыщегъэблэгъэн хуейр, – уигуми къыщегъэблэгъапхъэщ.

– Псэ Нэхур сэ си гум щыпсэуфыну-тIэ?

– НтIэ, си щIалэ цIыкIу. Плъагъуркъэ мо къухьэж дыгъэ дахащэр? Иджы къеплъ мис мы уэсэпс ткIуэпс цIыкIум. Сыт плъагъурэ?

– Дыгъэр. Мы ткIуэпс цIыкIу закъуэм зыщIишэфащ а дыгъэр зэрыщыту, пэжкъэ, щIыхь зыхуэсщI щоджэн?

– Пэжщ, си щIалэ цIыкIу; ауэ иджы нэхулъэфI укъикI. Арати, зэплъэкIыу къызэплъэкIыжыху жыхуаIэм ещхьу, щIалэ цIыкIур и закъуэ къэнащ.

Ар хуэмурэ лъэгуажьэмыщхьэу етIысэхащ.

– Зиусхьэн Исус, – Iущащэрт ар, – кхъыIэ, Уи Уэгурыс Адэм схуелъэIу, сэри Абы и Псэ Нэхур къызитыну! Уэ, дауи, уощIэ Уей сыхъуну сытым дежи, сызэрыщIэхъуэпсыр! Сэ Ар къэсщтэну сыхуейщ мис а уэсэпс ткIуэпсым дыгъэр къызэрищтам ещхьу. Мисм абыи ептыну сынолъэIу Ар. Хуабжьу сынолъэIур! Амин!

# ЛЕССИНГ И ГЪУЭГУГЪУСЭ ЦIЫКIУ

Нэху зэрыщу, Лессинг, щIалэ цIыкIур щIыгъу, къуршыр къибгынащ. Лессинги плIэм илъу хьэлъэфI гуэр ихьт, зыгуэрым кIуэцIыпхауэ Палко иIыгът абы и щыгъынхэр.

– Уэ щIэх къэбгъэзэжыну, Лессинг? – гуапэу еупщIащ абы щIалэ цIыкIур.

– СщIэркъым, Палко. – Ар хэтт гупсысэ хьэлъэхэр зыщхьэщихуну.

– СыкъыщыкIуэжкIэ, сэ Iэмал имыIэу зыгуэрхэр къыпхуэсхьынщ. Сыт къыпхуэсхьыну нэхъ узыхуейр?

– КхъыIэ, хъунумэ, зы къэрэндащрэ зыгуэрхэр зэрыстхэ хъун тхылъ цIыкIурэ къысхуэхь.

– Хъунщ, а уи лъэIур схуэгъэзэщIэнущ сэ, сыту жыпIэмэ уэ езыр куэдрэ укъыздэIэпыкъуащ. Дадэ сэ къызитащ ахъшэу къэблэжьар, кIэстум зэфIэт къыхуэщэху, жиIэри, сэри фурашкIэ къыпхуэсщэхуну си мурадщ. Къатыр пхуащIынуи гурыIуакIэщ, ауэ щыхъукIэ щIымахуэм уэ еджапIэм укIуэ хъунущ, игъащIэм зэхыумыхахэр къыщыпщIэнщ.

– Сэ фурашкIэщIэ къысхуэпщэхунуи? Сыту гуфIэгъуэшхуэт ар си дежкIэ. Армыхъумэ си пыIэжьыр зэфIэтхъыпащ. Дадэ, арыншамри, куэд къыстрегъэкIуадэ сэ. А къысхуищIэ къомым пэхъун зэгуэр хуэсщIэжыфыну пIэрэ Абы?

– Сэщу? Ин ухъумэ, Тхьэм жиIэм, щIэгъэкъуэн ухуэхъунщ. Иджыпстуи хъарзынэу удоIэпыкъу абы уэ. Абы къызэрызжиIамкIэ, и къуэхэр псори Америкэм кIуауэ щопсэу, ипхъухэр унагъуэ ихьащ. Уэ уи адэ-анэр дэнэ здэщыIэр? Уэ, дауи, Юрига лIыжьым и къуэ е ипхъу гуэрым урейуэ къыщIэкIынщ?

– Абы и гугъу пщIыкIэ сытI Юрига дадэ сэ гущIэгъу къысхуищIри сызэришэлIауэ аркъудейщ. Сэ си адэшхуэм зэреджэр Рацгэт. ИлъэситI мэхъу ар зэрылIэрэ. Мы къуршым дыкъэкIуауэ сымаджэ къэхъури, емыхыжу къуакъым, сэ, мис, Юрига дадэ деж сыкъэнэн хуей хъуащ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, уэ узеишэнщ? Дэгъуэ хъунут-тIэ сэ си гъусэу унэкIуамэ, сэри си закъуэщ, – жиIэри Лессинг и Iэр щIалэ цIыкIум хуишиящ.

– ЛIо, уэ бын умыIэу ара?

– СиIэкъым. Бетэмал, нэхъ пасэIуэу дадэ сепсэлъэн хуеящ сэ. Хъарзынэу, мис, Лишкэ мыбыкIэ къокIуэри абы жриIэжынщ Юрига ди деж унэзэрыкIуар.

ЩIалэ цIыкIум зэуэ къыщыхъуат абы жиIэм утегушхуэ хъуну. ЩIыпIэ умыцIыхухэр плъагъуныр – ар хъарзынэщ, гъэщIэгъуэнщ. Ауэ, а зы напIэзыпIэр блэкIри, мыпхуэдэу Iуэхум егупсысыжащ: „Дадэ хуит сыкъимыщIу абы сыкIуэмэ, Зиусхьэн Исус дауэ къыщыхъуну пIэрэ? Хэт дадэ хуэпщэфIэнур, псы фалъэ хуэзышиинур?“

– Хьэуэ, Лессинг, Тхьэр арэзы къыпхухъу! Нэхъ щIэхыIуэу къэгъэзэж, дэ дыпхуэзэшы нущ.

Сэ-щэ? Сэри хуабжьу сыпхуэныкъуэнущ, – жиIэурэ Лессинг щIалэ цIыкIум елъэIуащ, ауэ къыхутегъэхьакъым.

Палко жиIэр захуэт: дауэт дадэ зэрыхъунур итIан

– НтIэ, кIуэиджы гъэзэж, ахъумэ кIыфI къыптехъуэнщ. мыр сэ нэсхьэсынщ, – жиIэри Палко иIыгъ зэкIуэцIыпхамкIэ Iэбащ, ауэ щIалэ цIыкIум къыхуидакъым:

– Уэ, ар хэмытми, птелъыр пхурокъу. Сэ лIо, – сыкъыщIэпхъуэжынщи, жэкIа сыкъэкIуэжынщ.

– Ар пэжщ, ауэ, плъагъукъэ, жэщыр мазэхэщ, кIыфIым угъуэщэнкIэ хъунущ.

– Умыгузавэ уэ, а гъугум Iэджэрэ къыщыскIухьащ сэ.

Рацга дадэ жиIэрейуэ щытащ: „Къуршым къыщагъуэта сабийр а къуршым зэи щыгъуэщэнукъым.

– Дауэрэ хъуми сыкъыфкIэщIыхьащ, – жиIэри Лишкэ и макъ къэIуащ. – А пIыгъыр сэ къызэти, псынщIэу кIуэж уэ, си щIалэ цIыкIу, ахъумэ кIыфI къыптехъуэнщ.

– НтIэ, апхуэдэу щыхъуакIэ, гъуэгу махуэ вжызоIэ. Лессинги уэри – жиIэщ, салам ярихыжри, щIалэ цIыкIум къигъэзэжащ.

– Дадэ сэлам тхуехыж! – къыкIэлъыкIиящ ахэр абы.

Арати, щIалэ цIыкIур, кIуэуэрэ, дыгъэ бзий пакIэ хуэдэ, къуршым хэбзэхэжащ.

## МЭЗХ’УМЭМ И УНЭМ

– ПщIэрэ, Юрига, дыгъуасэ щезгъэжьэжым, Лессинг и щытыкIар къызгурыIуакъым, – жриIэжырт етIуанэ махуэм Лишкэ и ныбжьэгъу лIыжьым. – Гъуэгум и кIыхьагъкIэ зы псалъэ къыжьэдэкIакъым. Зы гуауэ гуэр телъу арауэ пIэрэ абы?

„ТхьэмыщкIэ, – егупсысащ Юрига. – Ар зыгъэнэщхъеин иIэ мыгъуэщ“. Ауэ Лишкэ жриIар нэхъ мащIэщ: ун эм къигъэна и фызыр сымаджэщи, абы иронэщхъей.

– Тхьэм узыншэ дыдэ ищIыж, итIанэ нэхъ щIэхыу къытхыхьэжынт езыри. Дэ абы хуабжьу дыхуэзэшынущ, сыту жыпIэмэ десащ.

Ахэр щыуатэкъым. Лессинг зэрыщымыIэр ахэм хуабжьу зэхащIэрт, абы и щIыIужкIэ Палкои щыIэтэкъым.

Мэзхъумэм къигъакIуэри щIалэ цIыкIур иригъэшат, я деж щыIэ щоджэным и Iуэхутхьэбзащlэу щытын, мэзхэм къыщыщикIухькIэ, гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъун щхьэкIэ, сыту жыпIэмэ Палко имыцIыху гъуэгурэ лъагъуэрэ абы щыIэтэкъым.

– КхъыIэ, нэгъакIуэ мыр, пумыубыду, жиIэурэ лIыжьымкъелъэIут, апхуэдэ пщэрылъ иIэу щоджэным къигъакIуэ мэзхъумэр. – Щоджэным ауэ сытми жиIэркъым ар. Абы сабийхэр хуабжьу фIыуэ елъагъу, фи щIалэ цIыкIури щытыншынущ.

Юрига къищIэну хуейт абы теухуауэ езы Палко жиIэнур икIи игъэщIэгъуащ щIалэ цIыкIур а Iуэхум зэрыщыгуфIыкIар. Ар щызэхихым, мы дуней гуфIэгъуэр иIэу щIалэ цIыкIур дэпкIеящ.

– А зиусхьэныр хуабжьу цIыхуфIщ, – жриIащ абы дадэ, – икIи сэ ар фIыуэ солъагъу!

Арати, Палко къахуэзэщымыгъэхъуным хуэдэу и гъащIэм зэуэ зыкъызэридзэкIащ. Мэзхъумэм и унэм щыIэху, ар Малина щоджэным щIыгъуу зы пэшым щыжеящ.

Сыту фIыIуэт ар! ПщэдджыжькIэрэ ахэр шэ ефэрт. ИтIанэ унэгуащэм ахэм я хъуржыным гъуэмыIэфI дыдэ къахурилъхьэрти, къэкIухьакIуэ ежьэхэрт. Палко щоджэныр къыщришэкIт, къуэкIий куухэм я бжьэпэм, псыхэм зэпрыкIт, къыр джабэ задэхэм дэпщт. Палко дэнэ мыкIуэми, щоджэныр абы иужь итт. Абы иIыгът IэмпIэшхуэ икIи зэхуихьэст удз, къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, жыглыцхэр икIи хуабжьу щIалэ цIыкIум щытхъут, щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэр къызэригъуэтыфым щхьэкIэ.

КъакIухьыурэ еша нэужь, къыздащта алэрыбгъу цIыкIум тегъуалъхьэрти, щоджэным зигъэпсэхут. Апхуэдэхэм деж, абы щIалэ цIыкIум къыжриIэрт къэкIыгъэхэм я цIэр, нэгъуэщI куэдми хуригъаджэрт.

Палко мыIейуэ къызэреджэфым гу лъита нэужь, тхьэкIэмрэ есыпэмрэ кърigъащIэу щIидзащ.

Зэм-зэм щоджэныр тIэкIу щхьэукъуэну щыгъуэлъи щыIэт. Ар щхьэукъуэху, палко Iэгъэбэгу зэхуихьэст, унэгуащэм IэмпIэ нэщI иримытыжын щхьэкIэ.

ЩIалэ цIыкIур хуабжьу иригуфIэрт и хьэр абы къызэрыхуигъэнам. Дэнэ мыкIуэми, Дунай ахэм ящIыгъут. Хьэм къищIакIэт къыщыкIуэну пIалъэр икIи махуэ къэс мэзхъумэм я унэм а зы зэманым къекIуалIэрт. Адрей хьэхэм заремызэгъым къыхэкIыу, жэщкIэрэ ар абы къыщынэртэкъым. Абы теухуауэ щоджэным жиIэрт: цIыхухэр ещхьыркъабзэу, хьэхэри зэзэгъкъым.

Палко дежкIэ нэхъ дакъикъэфI дыдэхэр – щоджэныр абы Инджылым къыщыхуеджэхэрат. Абы ар сытым дежи къыздрихьэкIт, куэдри еджэрт. Палко къыгурымыIуэ псалъэ зыкъоми къыхэкIт абы. Апостолхэм (Исус и гъэсэнхэм) я лэжьыгъэм теухуа хъыбархэм дихьэхат ар. Дауи, гурыIуэгъуэщ: Псэ Нэхур къахуемыхауэ щытамэ, абыхэм ящIа гъэщIэгъуэн къомыр яхуэщIэнутэкъым. Ауэ абы къыкIэлъыкIуэрт „Урымхэм я деж“ жыхуиIэ тхылъыр. Мис абы щыщу Палко къыгурыIуа щIагъуэ щыIэтэкъым. Ауэ щоджэныр нэхъыбэ дыдэу дэзыхьэхар арат, къыщеджэкIи, зэпигъэууэрэ куэдрэ хэгупсысыхьт. Псом хуэмыдэжу, игу ирихьт мы усэ сатырхэр: „Ауэ Тхьэм къытхуиIэ лъагъуныгъэр дэ нэрылъагъу тщещI, дыгуэныхьлыхэрэ пэт, Христос дэр щхьэкIэ зэрызигъэлIамкIэ“.

– ПщIэ зыхуэсщI щоджэн, сэ сыхуейт абы къикIыр къызгурыIуэну, сыту жыпIэмэ, си псэм ещIэ, – ар зы фIы гуэрщ!

– Узахуэщ, си щIалэ. Христос дэр щхьэкIэ зэрызигъэлIам нэхърэ нэхъ пэжагъ лъапIэ цIыхум дежкIэ щыIэкъым!

– Дэр щхьэкIи? – игъэщIагъуэу щIэупщIащ Палко. – НтIэ, абы ящыщ имыукIын щхьэкIи, Тхьэм унафэ къахуищIащ, дэтхэнэ хьэзрэIил унагъуэми щынэ зырыз фIагъэжу абы и лъыр бжэблыпкъхэмрэ пхъэпщэххэмрэ щахуэну, мелыIыч-укIакIуэм лъыр зэрилъагъуу блэкIын хуэдэу.

– КъыбгурыIуа, Палко: фирхьэуным журтхэр къиутIыпщын щимыдэм, дэ псори ди гуэныхьхэм датекIуэдэн хуейуэ щытащ. Ауэ Тхьэуэ зи гущIэгъур иным и гухэлъ IэфIыр дэ къытлъигъэсри, гуэныхьлыуэ дызырыщытыр ищIэ пэтми, Христос дэр щхьэкIэ зигъэлIащ. Абы зылъигъэсащ дэ къытхуэкIуэн хуея ажалыр. Мис абы щыгъуэщ, дунейм цIыхуу тетым ятелъ гуэныхьыр Езым къищта нэужькIэщ, Ар Тхьэм и Тхьэтыхь щыхъуар.

Абдежым Палко и нэкIуэр и IэхэмкIэ зэхуищIащ.

– О, Зиусхьэн Исус, фIыуэ съагъуу си Исус гуапащэ, – жиIащ абы, зэщыджэу гъыуэрэ. – Мис иджы сэ къызгурыIуащ гущIэгъу къыпхуищIынкIэ уелъэIуу Абы ушеджэм щыгъуэ, Уи Адэм ажалым укъыщIримыгъэлар. Уэ, къызэрыщIэкIымкIэ, хьэзрэIил сабийм и пIэкIэ фIагъэжа щынэм ещхьу, сэ стелъ гуэныхьхэм щхьэкIэ уагъэлIэн хуейт. Араи уэ гуэныхьхэр бгъэгъуну ущIыхуитыр: дэ ттелъ гуэныхьхэращ уэ узытекIуэдар!

ЩIалэ цIыкIур щым хъуащ. Ар етIысэхри зы тэлайкIэ а зэрыщымым хуэдэу щысащ икIи гу лъитакъым апщIондэху и ныбжьэгъум ищIэм. Ауэ къыщытэджыжам, абы и закъуэт. Тхылъыр зэIухауэ щIым щылът, нэпс теткIуахэр тхылъымпIэм телыдыкIыу.

А махуэм къыщыщIэдзауэ щоджэныр нэхъ псэлъэгъуей хъуащ. Унэм щыщыIэми бгым щитхэм дежи, ар куэдрэ Тхьэм елъэIурт, и ныбжьэгъур апхуэдэу зэрыщытыр щIалэ цIыкIуми хуабжьу фIэфIт. ЖэщкIэрэ къыщыушхэм деж, Палко илъагъут ар пхъэм къыхэщIыкIа жореIулI* цIыкIум худэплъейрэ лъэгуажьэмыщхьэу зэрыщысыр.

Апхуэдэхэм деж езы Палко и епсалъэу щIидзэрт езым И КъегъэлакIуэм, абыкIи и гур загъэрт икIи псэхурт.

* ЖореIулI – распятие

ЕтIуанэ тхьэмахуэр и кIэм нэсарэ щабэт махуэу Палко зэхихащ мэзхъумэм и фызым мыпхуэдэу къызэрыжриIар:

– Щоджэныр мыбы къыщIэкIуар зигъэпсэхуну аращ, ауэ, сщIэркъым, – зы махуэм нэхърэкъыкIэлъыкIуэм нэхъ фагъуэ икIи нэщхъей хъууэрэ макIуэ. Сыщымыуэмэ, ар зы гуауэ гуэрым ещх. Пщэдеи, мес, цIыхум Тхьэ яхуелъэIун хуейуэ къыпэщылъщ. Абы хуемыжьамэ нэхъыфIт, апхуэдэу щыгукъыдэмыжкIэ.

– ПщIэрэ, си псэм хуэдэ, сэ фочыншэу, уэ бэлагъыншэу дызэрымыпсэуфынум ещхьу, ари псэуфынукъым цIыхум Тхьэ яхуемылъэIуу. Адрейхэм ещхь гуэру щытамэ, а жыпIэр хъунут, ауэ мыр зи къалэным пэжу хущыт цIыху гу къабзэ щхьэ къабзэщ.

ИужьыIуэкIэ, Палкорэ щоджэнымрэ къакIухьу мэзым здыхэтым, щIалэ цIыкIур еупщIащ абы:

– Гуауэ гуэр уиIэу жыхуаIэр пэж уэ, щIыхь зыхуэсщI?

– Хэт апхуэдэ къыбжезыIар, мси щIалэ?

– Мэзхъумэм и унэм щыжаIэу зэхэсхащ. Ахэм я унэгуащэр хуабжьу тогузэвыхь мыпхуэдэу фагъуэ узэрыхъуам. КъафIощI усымаджэу.

– КъыфIэщIми, щыуакъым, си щIалэ: сэ си псэм седжэу сысымаджэщ. А къызэфыкI узым хущхъуэгъуэ хуэхъуни сыкъезыгъэлыни щыIэкъым.

– Езы Зиусхьэн Исус дыдэри къыбдэмыIэпыкъуфынуи? – шынауэ къеупщIащ абы Палко, дыгъэм иса и Iэ цIыкIухэмкIэ щоджэным и Iэ хужьыр иубыдри.

– Езы Зиусхьэн Исус дыдэри! жэуап къитыжащ щоджэным, щIалэ цIыкIум и нэ гущIэгъурэ пIейтеиныгъэкIэ гъэнщIахэм ящIэплъэурэ.

– Пэжу, сэ Ар къыздэIэпыкъуфынут, ауэ...

– О, нэхъ псынщIэIуэу елъэIу нтIэ, Абы! Уэ хъарзынэу уощIэ Абы деж какIуэу хъуар игъэхъужу зэрыщытар. КъемылъэIухарэ пэт, игъэхъужа мис а узым лъэрымыхь

дыдэ ищIауэ щытам нэгъунэ. Иджыпсту занщIэу делъэIумэ, щхьэ мыхъурэ Абы?

– Тхьэм укъызделъэIуну ухуейуэ ара?

– СигукIи си псэкIи сфIэфIрэ мис Капернаум щыщ щууищэ пашэм* къигъэкIуа мыпхуэдэу жызыIам: „Абы къелэжь и жыIэм Уэ уедэIуэну“.

– Хьэуэ, Палко, уэ апхуэдэу Тхьэ укъыщIысхуелъэIун щыIэкъым, сыту жыпIэмэ Абы и гущIэгъум сыхуафащэкъым сэ.

– Дауэ-тIэ сэ уэ сызэрыбдэIэпыкъунур? НтIэ, Абы делъэIумэ щхьэ мыхъурэ, мис а Тхьэунэм* щIэтрэ жыжьэу къэувауэ, и нэгур уафэм хуигъэзэнкIи темыгушхуэу щытамещхьу? УощIэж уэ ар, – мис а фарисейр (Пасэрей Иудеем щыщ журт къулейхэм ящыщу динщIэкъу-фанатик пагэу зэпсэлъар?

– Узахуэщ уэ, си щIалэ; ар дэркIэ Тхьэ елъэIукIэ нэхъыфI дыдэщ. – Щоджэныр афIэкIа абы тепсэлъыхьакъым икIи а зэм пасэфIу унэм къагъэзэжа.

Щоджэным Палко къыжриIащ шэджагъуэ нэужьым я деж щыкIуэжкIэ, ари щIыгъуу кIуэуэ абы нэху къызэдыщекIын, етIуанэ махуэм Юрига дадэ деж еблагъэу тхьэмахуэ махуэр абы щагъэкIуэну зэрыфIэкъабылыр.

„Ар хъарзынэт, ауэ мыпхуэдэу бэлэбанэу абы сызэрыригъусэ нур дауэ? – егупсысащ занщIэу Палко. – КIэстум зэфIэтрэ фурашкIэри сиIамэ!“

Шэджагъуэ нэужьым, мэзхъумэм и фызым дэIэпыкъуу здэщысым, Палко и гурыгъухэр абы жриIащ:

Умыгузавэ уэ, Палко. Сэ абы сегупсысакIэщ, ди бынхэм я щыгъынхэм сахэплъэри зыгуэрхэр къыпхухэсхащ. Уэ ар къолэжь, сыту жыпIэмэ щоджэным

* Шууищэ пашэ – стоник

* Тхьэунэ – храм

щыIэщIэу ухуоIуэхутхьэбзащIэ, сэри укъыздоIэпыкъу сытым дежи.

Абы Палко къритащ хужьрэ гъуэншэдж щIыхурэ, и кIэстумыр хуижьыщIагъэххэт езы щIалэ цIыкIум имыщIэххэу. Пэжу, кIэстумыр яжьыщIа нэужь, мащIэу хэпкIат, ауэ зыщитIагъэри тIэкIурэ зэрыщыгъыу зэуэ и плIэм хуэфI хъужащ. Гъуджэ папщIэу псым щыхэплъам, абы ерагъкIэ зыкъыхуэцIыхужауэ аращ. И вакъэхэр езым идыжщ, щоджэным и вакъэхэм ящIыгъуу игъэкъабзэри, лъэпсыщIи ярилъхьат. Ауэ щыхъукI, бъгэщIэгъуэн хэлътэкъым а псом иужькIэ Палко гуфIэр и нэгум итрэ хъуржын зэпедзэкIыр и дамэм тэлъу, и зиусхьэн бгъурытуь гуфIэпсыжу зэрыкIуэм. Ари къыщыгуфхжкхырт абы.

– ФIыуэ къысхуэпщIа псом щхьэкIэ Тхьэр арэзы кыпхухъу, Тхьэм укъихъумэ! – жиIэщ, фIыуэ IукIуэта нэужь къызэплъэкIри, Палко къэгуоуащ, мэзхъумэм и фыз къакIэлъыплъу щытым зэхихын хуэдэу.

– Дунайрэ уэрэ къызэрыфкIухь хабзэ нэхъ гъуэгу кIэщI дыдэмкIэ сышэ, Палко, – жиIащ щоджэным.

– О, а жыхуэпIэм дэ щIэх дыдэу къуажэм дынэсынущ! – гуфIэурэ жиIащ щIалэ цIыкIум. – Ауэ умышынэ, ар гъуэгу хъарзынэщ. Арыншамэ, сэ усшэнутэкъым а гъуэгумкIэ, сыту жыпIэмэ сэ мэзхъумэм быдэу къызжиIащ гъуэгу зыхуэкIэ усшэну.

Щоджэныр пыгуфIыкIащ.

– Уэрэ сэрэ къыщыдмыкIухьарэ дызыдэмыпщарэ зэрыщымыIэжыр абы къищIатэмэ, Палко!... Ауэ умыгузавэ, сэ абы зыри жесIэжынкъым. Удз гъэгъа нэхъ дахэ дыдэхэр къыщыкI хабзэр щыхупIэм и бжьапэ дыдэхэрщ. Ауэ, аузым дыдыхьэн ипэ къихуэу, зыгуэрхэр къызжепIамэ, ягъэ кIынутэкъым. Псалъэм папщIэ, япэ дыдэу „дыгъэ лъахэм“ уэрэ сэрэ дызэрыщызэхуэза щIыкIэр. Е уи къекIуэкIыкIам, уи адэ-анэм ятехуауэ зыгуэрхэр.

Палко гуфIэрт, щоджэныр афIэкIа зэрымынэщхъейм,

гуфIэр и нэгум къызэрихьам къыхэкIыу икIи фIэфIыпсу жриIэжащ илъэситI и пэкIэ ар Рацга дадэ щIыгъуу мы къуршым къызэрыкIуар; иужькIэ дадэ сымаджэ зэрыхъуар, унэм кIуэжу абы зэрыщылIар, итIанэ Юрига дадэ ар зэрызэришэлIэжар.

Щоджэным игъэщIагъуэрт щIалэ цIыкIум и адэ-анэм ар зэрадар.

ИтIанэ щIалэ цIыкIум жиIэжащ, анэ пэлъытэ хуэхъуа Аннэ ар къуршым къызэрыщигъуэтар, зейр щамыгъуэтым, къуэ ищIу зэрипIар.

Щоджэныр дихьэхауэ абы жиIэм щIэдэIут.

– НтIэ, Юрига дадэ лIэмэ, дэнэ итIанэ уэ уздэкIуэнур?

ЩIалэ цIыкIур къэуIэбжьарэ зэхихар хуабжьу зэхищIауэ къэувыIэщ, и нэ къуэлэнитIымкIэ ихъуреягъыр щтэIэщтаблэу къызэхиплъыхьри, жиIащ:

– Зиусхьэн Исус адкIи къыздэIэпыкъуну сыщогугъ, а мэзым сыщыщIэгъуэщыхьам щыгъуэ Абы Аннэ къзэрысIуигъэщIам ещххьу. Аннэ лIа нэужь, Рацга дадэ сыкъыхуэнащ, ари щылIэм, Юрига дадэ сызэришэлIэжащ. Къуршым щыIэ пщыIэр, дадэ псэуху, дыдейщ, ауэ къуажэм дэт унэр зейр и къуэхэрщ. Ар сэ увыIэпIэ схуэхъуну къыщIэкIыныкъым зэи. Ауэ, Тхьэм и шыкуркIэ, сэ иджы, апхуэдэу сыкIыкIужккъым, IуэхутхьэбзащIэ сыкъэзыщтэн гуэр къыкъуэкIынщ. Уэ Iэхъуэ цIыкIу ухуеинкIэ хъумэ, си гуапэу уи деж сынэкIуэнт сэ, щIыхь зыхуэсщI щоджэн.

– Си дежи? – къэгуфIащ щоджэныр. – Ар дэгъуэхъунут! Хъарзынэщ! Хэт ищIэрэ, уи дадэ лIэрэ сэ псэууэ сыкъанэмэ, си деж мыхъумэ, нэгъуэщI зыгуэрым деж умыкIуэ. Псалъэ быдэ къызэт нэгъуэщIым и деж умыкIуэну!

О, сыту фIэфIыпсу аразы техъуа абы жиIам щIалэ цIыкIур!

Ахэм я зэпсэлъэныр зэпагъэун хуей хъуащ, цIыхубз

зыбжанэ къащыхуэзэм. Унэм нагъусыжыху щоджэным щIыгъуащ ахэр.

Пщыхьэщхьэм, фIыуэ шхэуэ гъуэлъыжынхэ щыхъум, щоджэным щIалэ цIыкIур ишащ езыр щыжей пэшым.

Гъуэлъыжын япэ, ахэм гъуэрыгъуэурэ ваннэм зыщагъэпскIащ, мо гъуэгуанэ кIыхьым тетахэм япкъми псы хуабэм псэщIэ къыхилъхьэжащ.

Тхьэм елъэIуныр ерагъкIэ яуха къудейуэ арат щIалэ цIыкIур щыIурихам. Хъарпшэрурэ абы зэхищIащ щоджэным шхыIэныр къызэрытIипIар, итIанэ и щхьэм Iэ къыдилъэу баи къызэрыхуищIар. А зы напIэзыпIэр блэкIри, Палко жей IэфIым хилъэфащ.

Пщэдджыжьым дыгъэр къыщыкъуэкIым ирихьэлIэу, Палко къэущащ. Щоджэныр къимыгъэушын щхьэкIэ, макъ лъэпкъ иримыгъэщIурэ къэтэджу зихуэпэну хуежьат щIалэ цIыкIур, ауэ зэуэ къилъэгъуащ ар къэтэджарэ зихуэпагъэххэу щхьэгъубжэм зэрыбгъэдэсыр. Абы и куэщIым илът фIыцIагъэ лъапIэр, ауэ еджартэкъым. Абы и нэхэр зэтепIати, мыдэ пщIыхь IэфIым хэтым хуэдэу, къыпыгуфIыкIырт.

Щоджэным и нэкIур къагъэнэхурт пщэдджыжь пшэплъым и нурхэм.

Хуэм дыдэурэ зихуапэри, щIалэ цIыкIур лъэпэпцIийуэрэ пэшым щIэкIащ: псыкъуийм деж зыщитхьэщIщ, зилъэщIыжщ, и щхьэцыр ижьри, унэм къигъэзэжащ.

Щоджэныр нэтIэ ещхьу щхьэгъубжэм бгъэдэст, ауэ иджыпсту абы и нэхэр зэтехарэ дихьэхыпауэ еплът дыгъэ къыкъуэкIым.

ЩIалэ цIыкIур хуэмурэ щоджэным бгъэдыхьэри, апхуэдэу щIищIри къыхуэмыщIэжу, щоджэным и лъабжьэм лъэгуажьэмыщхьэу щIэтIысхьащ.

– Мыр лIо, уэ укъэтэджагъэххи, Палко? – жиIащ щоджэным, щIалэ цIыкIум и щхьэм Iэ дилъэурэ.

– Къэтэджыгъуэ пфIэщIкъэ-тIэ? Нобэ хуабжьу тхьэ-

махуэ пщэдджыжь дахэщ. Мис а къэхъужа Къегъэлакlуэр Марие къыщыхуэкlуэжам ещхьыркъэпсщ. Нобэ уэ гуауэ лъэпкъ уиlэжкъым, пэжкъэ?

– Ноби? Хьэуэ, си щlалэ цlыкlу, нобэ сэхуабжьу сынасыпыфlэщl. Бзыщl хэмылъу сэ уэ ар щlыбжесlэр, си гуфlэгъуэр зыхуэдэр къыбгурыlуэнущ, къыздэбгуэшыфынущи арат. Сэ ныжэбэ къэзгъуэтащ „дыгъэ и лъахэ“ дыдэм ухуэзышэ лъагъуэр! Иджы сэ схужыlэнущ: Сэ згъуэтакlэщ Христос и Псэр! Мис иджыщ сэ, зэгуэрым Марфэ къызэрехъулlам, уэсэпс ткlуэпсым дыгъэ иныр зэрызэщlишам ещхьу, Зиусхьэн Исус къыщыспкърыхьар. Сэ сщlыгъуу Тхьэм схуехъуэхъу, жор къыстрищlэу И lуэхутхьэбзащlэу сыкъызэрищтам щхьэкlэ!... Иджы сэ тlэкlу зызгъэпсэхуну сыхуейщ, сыту жыпlэмэ жэщ псом си нэбдзыпэ зэтеслъхьакъым. Ауэ ари lуэхукъым. Мы жэщыр сэркlэ къэзгъэщlа псом нэхъ дахэрэ нэхъыфlу хэтауэ къызобж!

Лъэгуажьэмыщхьэ зрагъэури, ахэр зэщlыгъуу Тхьэм. Итlанэ щоджэныр диваным игъуэлъхьащ. Ар щилъагъум, Палко къыхуихьащ абы щхьэнтэ.

– Уэ сыхьэт зыбжанэкlэ фlыуэ ужеин хуейщ, ахъумэ цlыхубэм Тхьэ уазэрыхуелъэlунур дауэ апхуэдэу?

Щоджэным щlалэ цlыкlур и бгъэм щlикъузащ:

– Цlыхубэм Тхьэ сазэрыхуелъэlунури? Зэи хуэмыдэу згъэзэщlэнущ сэ нобэ а къалэныр. Си гъащlэм къриубыдэу нобэ япэ дыдэу нэгъэсауэ згъэзэщlэнущ си Тхьэм и щыхьэт къалэныр.

Палко хуабжьу хуэзэшат и дадэм. Тхьэмахуитl блэкlам къриубыдэу абы ар зэрилъэгъуар тlонейт: зэ-адэ къуршым, пщыlэм, етlуанэу – мэзым.

– Сэ уэ хуабжьу сыпхуэныкъуэщ, – къыжриlат абы щыгъуэ Юрига. – Ауэ а зи деж ущыlэ цlыхухэм фlыуэ яхущыт, яхуэжыlэщlэ. Къыщыпщьэпэжынуlэ хъунущ уэ ар гъащlэм.

Нобэ Палко зыхуигъэхьэзырат дадэ деж кIуэуэ илъагъуну. Пщэдджыжьышхи имыщIу ежьэжын и гугъэу, ар хуэм цIыкIуурэ унэм къыщIэкIащ, ауэ Iуэхузехьэ фызыжьым гу къылъитакIэт. Шэрэ щIакхъуэрэ фIыуэ иригъэшхри, щIалэ цIыкIур иутIыпщыжащ абы.

# ТХЬЭМ И IУЭХУТХЬЭБЗАЩIЭ ЦIЫКIУ

Зи гугъу тщIа зэманым къриубыдэу, ахэм я пщыIэм гу зылъытапхъэ Iуэхугъуэ гуэр къыщыхъуащ: Юрига Павел лIыжьым письмо къыIэрыхьащ, ауэ ар къызыбгъэдэкIыр Америкэм щыIэ и къуэхэратэкъым, атIэ Лессингт. Юрига щыгуфIыкIыжащ Лессинг и фызым теухуауэ Лишкэ тIэкIухэр жриIауэ зэрыщытам, сыту жыпIэмэ письмом къыхуеджэну ар Лишкэ емылъэIуу хъуакъым, письмом Лессинг и фызым теухуа гуэрхэр итт.

Юрига Лишкэм къыгуригъэIуэн хуей хъуащ Лессинг и фызыр тIэкIу и акъылым зэрикIар, сыту жыпIэмэ письмом мыпхуэдэу итт: „Си фызым и узыншагъэр мыIейуэ сыкърихьэлIэжащ, ауэ си анэм сыниутIыпщкъым, сэ си закъуэ абы сыпэлъэщынукъым, жеIэри. Уэ зэрыпщIэщи, сэ абы зы нытезмыгъэзэжу хъунукъым, арынщамэ хуабжьу Iуэхум сыхилъэфэнущ. Арати, сэ сыкъегупсысщ-сынегупсысри, мурад сщIащ си щхьэгъусэри ныздэсшэну. СынызэролъэIунурат: ярэби, уи щIалэ цIыкIур махуэкIэрэ схубгъэдумыгъэсыфыну пIэрэ? А цIыкIур хуабжьу цIыху гуапэщ икIи моуэ, сщIэркъым, сэбэп хуэхъун хуэдэу къысщохъу. МахуэкIэрэ щIыгъуу къикIухьми хъунут, и гъусэ зэпыту щытами нэхъыфIыжт. Сэ къыстенэнтэкъым ар. Тхьэр фщIэмэ, дэ тхьэмыщкIитIым гущIэгъу къытхуэфщIи, мы си лъэIумкIэ сыкъэвмыгъэщIэхъу.

Палко зыдэлъ плIанэпэр дэ къыдиту езыр уэ пщIыгъуу жей хъунут. Абы къищынэмыщIауэ, си фызыр дэищыми тхуэжьыщIэу, тхуэпщафIэу, адрей унагъуэ Iуэхухэри зэфIигъэкIыу щытынут. А Iуэхухэр мыбыи хъарзынэу щещIэ абы. А щIалэ цIыкIур абы щIыгъуну къэсщIамэ, Тхьэм и мелыIыч-хъумакIуэр къытхуэкIуауэ къысщыхъунурэ, си гур псэхужынут. Дыгъуасэ Исай бегъымбарым и тхылъым сыкъыщеджащ сэ мы псалъэхэм: „ИкIи сабий цIыкIум къришэкIынущ ахэр“.

Абы сыкъыщеджам, сэ си нэгум занщIэу Палко къыщIыхьащ. Си псэм ещIэ: дэ Тхьэм дыхуэзышэну сабий цIыкIу хъъужыр аращ.

О, сыту сэркIэ насыпт абы хэлъ фIэщхъуныгъэм хуэдэ схэлъыныр!

Письмом къыздеджэм, Лишкэ зыбжанэрэ и нэпсыр щIилъэщIыкIащ.

– Пэж дыдэщ: сабий цIыкIум ишэнущ ахэр; а сабий цIыкIу хъужри – аращ.

Юрига къылъысу иригуфIэрт Лессинг щхьэпэ зэрыхуэхъуфынум. Тхьэм и шыкуркIэ, егъэзыпIэ ягъуэтынущ, кърырешэ, хэт ищIэрэ, Тхьэуэ зи къарур иным фIэкъабылмэ, Палко зэригъусэнур сэбэп хуэхъункIэри мэхъу.

ЩIалэ цIыкIур зыкIи щыгъуазэтэкъым унэм къыщыпэплъэ хъыбарым. Сытри идэнут абы, ауэ мыр?... КъызэрыщIэкIымкIэ, ар афIэкIа къакIуэфынукъым фIыуэ илъагъу и щоджэным деж.

Щоджэным хуиIэ гурыщIэм и инагъыр Палко къыщыгурыIуар, абы деж игъэзэжыныр дадэ къыхуимыда нэужьщ. Абы Палко къыжриIащ, блыщхьэ махуэм шэджагъуэ нэужьхэм деж Лессинг и фызыр къыздишэу къызэрыкIуэжыр, махуэкIэрэ, езы цIыхухъухэрп лэжьакIуэ щыIэху, а фызым щIыгъун зэрыхуейр. ЩIыгъу къудей мыхъуу, и гъусэу унэм къанэу сыткIи дэIэпы-

къун, Iэгъэбэгу щыпэ кIуэ хъужыкъуэмэ, и гъуэсэу кIуэн хуейт.

Палко лIыжьым къыгуригъэIуэну пылъащ щоджэныр абы хуабжьу къызэрыхуэныкъуэр, зэрысымаджэр, къуршым щыкIуэкIи щIыгъун зэрыхуейр, ауэ зыри къикIакъым. Езы щоджэнри махуэ зытIущ къудейт мэзхъумэм и унэм зэрыщыIэжынур.

– Щыгъэтыж иджы мы уи щоджэным теухуауэ къэббжххэр? – тэкIиящ абы лIыжьыр. – А щоджэныр уэ уи дежкIэ хамэ цIыхущ, католикщ.

АтIэми Лессинг дыдейщ, инджылырыгъуазэщ. Ауэ щыхъукIэ, абы удэIэпыкъуну уи къалэнщ уэ. Уэракъэ щIэмычэу жызыIэр: Тхьэр дэ сытым дежи къытщIыгъущ, псори зэхех. НтIэ, Абы игу ирихьыну пIэрэ Лессинг хуэдэ цIыху насыпыншэм удэIэпыкъуну узэрыхуэмейр.

Блыщхьэ пщэдджыжьым дахэм хуэдэрауэ мэзхъумэм я деж укIуэнщи яжепIэнщ, дяпэкIэ узэрымыкIуэфынур. АфIэкIати зэхызумыгъэх зы псалъэ!

Палко кхъуэщыныр къищтащ, псы къыхьыну. Псынэм зэрынэсу, удзыпцIэм зыхиIубэри, ар гухэщIу гъащ. И IитIыр и жьэпкъым щIигъэкъуауэ здэщылъым, абы жриIэрт: „Догуэ сэ псоми сахуэлIуэхутхьэбзэщIэн хуейуэ ара-тIэ? Лессинг и фызыр унэм къигъанэ хъунутэкъэ? Сыт мыбы нэс ари къыщIишэр? Иджы Уэри си деж укъыщезгъэблэгъэфынукъым сэ, Зиусхьэн Исус. Марфи, и унэр трахауэ щытамэ, уэ уригъэблэгъэфынутэкъым. Иджы, мис, сэ си плIанэпэ тIэкIур абыхэм страх, дадэ деж сэ сагъэгъэзэжу Лессингрэ и фызымрэ абдеж егъэзыпIэ хуащIын щхьэкIэ! Хьэуэ, сэ сыарэзыкъым абыкIэ! Дунай щIыгъуу бжэIупэм деж сыщыжейми нэхъыфIщ абы нэхърэ! А псом и щIыIужкIэ, дадэ жиIэр плъагъукъэ: щоджэныр уэркIэ цIыху хамэщ, жи! Сыт щIызихамэр?! ЛIо, Лессинг ди Iыхьлыуэ ара-тIэ

иджы дэ? ЗыкIи къыдгухьэркъым! Бэлыхь хъуати, дадэ и гъусэу лажьэмэ?! Езы дади сэ си адэшхуэкъым. ЦIыху хамэ защIэ сакъыхэхутауэ сахэт мыгъуэу аращ сэ!

Ахэр жиIэри, щIалэ цIыкIур аргуэру къэгъуэгащ.

– ЛIо апхуэдизу ущIэгъыр, Палко, – щIалэ цIыкIум и щIыбагъымкIэ къыщыIуащ дадэ и макъыр.

Ауэ щIалэ цIыкIум зригъэгъэудэIунуи хэттэкъым.

– Согъ, сызыэзылъхуауи къыздалэхуауи и зыри сиIэкъым, зэпымычу цIыху хамэхэм садэпсэун хуейуэ къысхуихащи, – жэуап къритащ абы, зэщыджэурэ.

Юрига фIэгуэныхь хъуащ щIалэ цIыкIур.

– Хъунщ, хъунщ иджы, увыIэжыт, – жиIащ абы гуапэу. – КъэтIысыт моуэ, сэ зыгуэрхэр бжесIэну сыхуейщ уэ. – ЛIыжьым и макъ гуапэм нэхъ тригъэсэбырэжащ щIалэ цIыкIум игу къыдэвеяр икIи, жиIэм едаIуэри, дадэм бгъурытIысхьащ.

– Сыт апхуэдизу ущIэгъыр, щоджэным деж зэрозмыгъэгъэзэжым щхьэкIэ? Ар къулейщ, уэрыншэуи, нэгъуэщI гъуэгугъэлъагъуэ къыхуэщтэнущ. Лессинг апхуэдэкъым: къулейсызщ, гуауэшхуи иIэщ. Дэ фIыцIагъэм иту дыкъеджаи, КъегъэлакIуэр сытым дежи тхьэмыщкIэхэм къащыжу, ядэIэпыкъуу щытащ, жиIэу. Уэ, мис, – Лессинг удэIэпыкъуну ухуейкъым. Сэ си гугъакъым уэ уапхуэдэу!

– Сыт уэ Лессинг тхьэмыщкIэу къыщIэплъытэр, абы псори иIэщ! – темыгушхуащэкрэ жигащ Палко. Абы къыгурыIуэжат зэрымызахуэр, сыту жыпIэмэ Исус ищIынутэкъым апхуэдэу.

– Сэ бжесIэнщ ар тхьэмыщкIэу къыщIэслъытэр, ауэ абы теухуауэ Лишки Лессинги яжепIэжкIа хъунукъым.

– Тхьэм къысхуимыухкIэ, дадэ, – си жьэм къыжьдэзгъэкIынкъым, – жиIэри Палко и Iэ цIыкIур лIыжьым и Iэ лэрыгъу защIэм трилъхьащ.

– НтIэ, къэдаIуэ абы щыгъуэм: Лессинги щIалэ

цIыкIу иIауэ щытащ, ауэ ар кIуэдащ. Абы и фызым апхуэдизкIэ гуауэр зэхищIати, тхьэмыщкIэр делэ ихъукIащ. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу яфIожажьэ сабийм и лъыхъуакIуэ. Аращ Лессинг ар мыбы къыщIыздишэр: и закъуэ дэкIыу мыгъуэщэн щхьэкIэщ. Мыбыи къыщилъыхъуэнущ абы и сабий цIыкIур. Мис апхуэдэхэм деж абы удэщIыгъун, укIэлъыплъын хуейуэ аращ уэ.

– СыдэщIыгъун къудейкъым, къыдэслъыхъуэн хуейщ! – къыщылъэтри макъ лъагэкIэ жиIащ цIыкIум. Абы и нэкIущхьэ цIыкIухэм иджыри къытецIуукIт нэпсыр, ауэ и нэхэм къащIихт гуфIэгъуэмрэ гугъапIэмрэ я хъуэпскIыр.

Юрига иригуфIэрт, абы жиIэр щIалэ цIыкIум хьэкъ зэрыщищIам. Иджы Палкорэ цIыхубз сымаджэмрэ зэщIыгъуу къызэдалъыхъуэ хъунут сабий гъуэщар. Юрига ищIэрт щIалэ цIыкIур афIэкIа зэи щоджэным деж мыкIуэу унэм зэрыщIэсынур.

– Ауэ зыщумыгъэгъупщэ, – игу къигъэкIыжащ абы дадэ, – Лессинги нэгъуэщIи щыту а сабийм и гугъу лъэпкъ къэбгъэхъей хъунукъым.

– Лессинг и фызми сыхутепсэлъыхь хъунукъэ?

– Абы... Абы хъунущ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, ар щIалэ цIыкIут, ара? Ин хъуат ар, хьэнэ? Ар сщIэн хуейщ сэ, зыщIыпIэ сыщыхуэзэ хъужыкъуэмэ, къэсцIыхужын щхьэкIэ.

– ЦIыкIунитIэт, зы джанэ тIэкIу фIэкIаи щыгъакъым.

– ТхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ, – жиIащ Палко, ар фIэгуэныхь хъуауэ.

Апхуэдэу зэпсалъэурэ, ахэр я пщыIэм нэсыжащ. ЩIалэ цIыкIум гу лъитэххакъым дадэ кхъуэщын зэриIыгъым, апхуэдизкIэ а зэхихар игуми и псэми хыхьати. Дадэ дэIэпыкъуурэ тIури зэрыхуэн пIэшхуэ ящIащ.

– Дадэ, мы пIэм Зиусхьэн Исуси хэхуэнкъэ, къытхуеблагъэ хъужыкъуэмэ?

– Хэхуэнущ, си щIалэ цIыкIу, ди гуапэуи къедгъэблэгъэнщ, къакIуэ закъуэмэ. Абы ейщ мы ди пщыIэр зэрыщыту.

ЗэрыгурыIуэгъуэти, етIуанэ пщэдджыжьым мэзхъумэм я деж кIуэри щIалэ цIыкIум яжриIащ афIэкIа къакIуэ зэрымыхъунур. Ар хуабжьу нэщхъейт, псом хуэмыдэжу щоджэныр зэрыщымыIэм, сэлам зэрыримыхыжыфынум щхьэкIэ.

Апхуэдэу къызыфIэщIа Палко сытым хуэдиз гуфIэгъуэр иIэт, щоджэныр, езым япэ къэсыжауэ мэзхъумэм я деж щыIэу щыхуэзам. ЩIалэ цIыкIур зэрилъагъуу, ар гуапэу къыпежьащ:

– Уузыншэм, Палко! Нобэризэм сэ нэхъ жьыуэ сыкъэтэджати, уэ нэхъ кIасэу укъэкIуаи?

– Сэ сыпщIыгъуну ара мыгъуэкъым сыкъыщIэкIуар, – жиIащ щIалэ цIыкIум, нэпсым къыпхыпсэлъыкIыурэ. – Дадэ щхьэщэ къыпхуещI икIи бжесIэну сыкъигъэкIуащ, нэгъуэщI щIалэ цIыкIу гуэр гъуэгугъэлъагъуэу къэплъыхъуэмэ зэрынэхъыфIыр, сыту жыпIэмэ сэ ар унагъуэ Iуэхук Iэ къысхуейщ. Уэ пхуэдэ зиусхьэн дапщэщи нээгъуэщI къыпхуэгъуэтынущ ахъшэкIэ, жиIащ абы.

– Апхуэдэ нэгъуэщI Палко сэ ахъшэкIи къысхуэгъуэтынукъым, жиIащ щоджэным, щIалэ цIыкIум и щхьэм Iэ дилъэурэ.

– Сыт уэ дадэ узэрищIынур? Сэ сыкIуэрэ селъэIумэ, къысхутемыгъэхьэну пIэрэ ар? Бэрэжьей пщIондэ мыбы сыщыIэ хъунут сэ.

– О, абы зыри къикIынукъым, – кууэ къыхэщэтыкIащ Палко. И нэпсыр щIилъэщIыкIри, абы кIэщIу щоджэным жриIащ, иджыпсту унэм къыщIыщыхуэныкъуэхэр, зи Iуэхутхьэбзащ Iэу щытын хуейр. АбыкъыдэкIуэу, щIалэ цIыкIум жиIащ и щызэхихам щыгъуэ хуабжьу зэыринэщхъеяр. – Иджы тIэкIу дыдэ и

гуапэ сымыщIэжу хъунукъым, ауэ нэхъ сыщIэгузавэр зыщ: Зиусхьэн Исус зыгуэркIэ игу зэзмыгъэбгъауэ пIэрэ?

Щоджэныр пхъэдакъэ щылъым тетIысхьащ, Палко, зэрихабзэу, абы и лъабжьэм деж удзыпцIэм хэтIысхьэри, и щхьэр щоджэнвм и куэм кIэрикъузащ.

– И жагъуэ умыщIауэ пIэрэ уэ Абы?...

– Хьэуэ, хьэуэ, ищIынкIэ Iэмал иIэкъым, – Ар уи щытыкIэм къигъэуIэбжьа къудейуэ къыщIэкIынут – жиIэри езым и упщIэм жэуап иритыжащ, щоджэным.

– КъигъэуIэбжьауи? Сыт къыщIигъэуIэбжьынур?

– Уэ апхуэдэуи куэд щIакъым Абы и Iуэхутхьэбзащiэу ущытыну псалъэ зэрыптрэ. ЖыпIэр и фIэщ хъури, Абы уэ Iуэхутхьэбзащiэу укъищтат. Сэ си деж Iуэхутхьэбза-щIэу ущылажьэу щытамэ, уэ сэ уздэзгъакIуэу хъуам укIуэн, жысIэу хуари пщIэн хуейт.

– О, сыту сыгуфIэжу згъэзэщIэнут сэ уэ жыпIэу хъуар, ауэ нэхъ сфIэфIыжу згъэзэщIэнущ Исус къалэн къыс-щищIхэр!

– Мис аращ-тIэ, палко. Абы уэри сэри мыпхуэдэу къыджеIэ: „Уи жорыр уи плIэ илъхьэжи, Сэ сяужь къиу-вэ“. Ар фIэфIыпсу къэнэнут фIыуэ илъагъу И гъэсэнхэм ящIыгъуу, ауэ И Уэгурыс Адэм Абы кыжриIат: „Мы жор хьэлъэр зытелъхьи и Голгофа хьы, икIи абы ураIулIыну хуит щIыхэ!“ Сытыт-тIэ абы ищIар? Тхьэ Адэм къы-жриIар игъэзэщIащ.

– НтIэ, зэрыжыпIэмкIэ, сэри Зиусхьэн Исус-ар фарз къысщищIарэ уэ укъэзгъанэу а цIыхуббзым Iуэхутхьэ-бзащIэ сыхуэхъун хуейуэ ар сэ си жору аращ?

– Аращ, си щIалэ, къызэрысщыхъумкIэ, аращ. ПфIэ-фIу телъхьэ ар уи дамэм. Зиусхьэным, дауи, ещIэ абы и псэр уэ къыщIыпхуигъакIуэр, сэ Iуэхутхьэбзащiэу укъы-щIсхуигъэкIуауэ щытам и щхьэусыгъуэр ищIэу пэры-щытам ещхьыркъыбзэу!

– Ауэ щыхъукI, сэ зи Iуэхутхьэбзащ Iэ дыдэу сыщытынур Аращ?

– Шэч хэмылъу. Уэ Абы и Iуэхутхьэбзащ Iэ цIыкIуу ущытынущ.

– О, хэт ищIэрэ, Ар сэ къыздэIэпыкъункIи хъунщ, а фызым и щIалэ цIыкIур къыхузгъуэтыжынымкIэ! – жиIащ, Палко гуфIэурэ.

– Сыт щIалэ цIыкIу?

– Хьэуэ, хьэуэ! сэ абы теухуауэ зыми зыри жесIэ хъунукъым. Ухуей мэ езы Лессинги Лишки. Апхуэдэу ун афэ къысхуищIащ дадэ... АтIэми... уэ уи гугъу дадэ ищIакъым... ауэ щыхъукIэ... бжесIэжми ягъэ кIыну си гугъэкъым. И-и?...

Палко псори щоджэным жриIэжащ. ЩIалэ цIыкIум игъэщIагъуэт ар зыкIи къемыупщIрэ гъэщIэгъуэну къеплъу зэрыщысыр.

– Илъэс дапщэ ухъуагъэт уэ, Палко, Аннэ укъыщыгъуэтам щыгъуэ? – къеупщIащ ар, зы тэлайкIэ щыму щыса нэужь. – Абы къызэрызжиIамкIэ, зы илъэсрэ ныкъуэрэ хуэдиз сыхъуауэ къыщIэкIынт.

– Лессинг и сабий кIуэдари щIалэ цIыкIут?

– НтIэ, ауэ цIыкIунитIэт, зы джанэ цIыкIу фIэкIаи щыгътэкъым.

– О, Тхьэм и гъуэгур къыпхуэхутэнукъым! НтIэ, сэ къызэрысщыхъумкIэ, Зиусхьэн Исус а цIыхубз насыпыншэм и сабийр къэбгъуэтыжынымкIэ къыбдэIэпыкъунщ. ХуэжыIэщIэ уэ а цIыхубзым, хуэжыIэщIи, зэман дэкIа нэужь, Тхьэм фIыщIэшхуэ хуэпщIынщ, Абы ар пщIэну хуитыныгъэ къуэзэритам щхьэкIэ!

И щхьэусыгъуэр къыгурымыIуэу, щIалэ цIыкIум и гум зы хьэлъэ гуэр телът. И IэгухэмкIэ и нэгур зэхуищIри, зы тIэкIурэ ар щыму щыташ. ИтIанэ зыхуигъэзащ щоджэным:

– О, сыту хуабжьу сыхущIегъуэжа сэ!

– Сыт узыхущIегъуэжар?

– А Iуэхум Тхьэм сызэрыхуриджэр занщIэу къызэрызгурыммыIуам, Абы и жыIэр занщIэу зэрызмыгъэзэщIам.

– Уэ аIуэхум узэрегупсысар, дауи балигъхэм ди Iуэху еплъыкIэм хуэдэущ. Дэ Тхьэр къыдогъэгугъэ, сыткIи Iуэхутхьэбзащiэ дыхуэхъуну, ауэ дыздэкIуэну тфIэмыфI щIыпIэ гуэр дигъэкIуэну щыхуежьэм деж, зыдогъанэри, дедэIуэжыну дыхуейкъым. Дэ тщогъупщэж абы и псалъэхэр: „Уи щхьэм къыфIэкIи, Сэ си ужькъиувэ?“ Ауэ иджы уи щхьэр фIумыудыж, си щIалэ, – абы зыри къикIыжынукъым. УзэремыдэIуам узэрыхущIегъуэжамкIэ Тхьэм зыхуэмыусыж, къыпхуигъ эгъуну елъэIуи, итIанэ Абы хуэжыIэщIэ а фызым ущригъусэнркм деж, сэ укъыщыздэщIыгъум Ар зэрыбгъэпэжам хуэдэу!

КъытригъэзэжурэщIыжриIэн щхьэусыгъуэ щымыIэу, Палко ар зэуэ къыгурыIуащ икIи псомкIи занщIэу Исус и пащхьэм зыщиумысыжри, и нэхэм нэпсыр къекIуауэ псалъэ быдэ итащ, дяпэкIэ пэжагъэ гу къабзагърэ хэлъу Абы зэрыхуэжыIэщIэнумкIэ. Щоджнри Тхьэ елъэIуащ, езыр Абы зэрыхуишаммм ещхьу, Лессингрэ и фызымрэ хуишэфынымкIэ Тхьэр Палко къыдэIэпыкъуну.

ИтIанэ щоджэным Палко ба хуищIщ, и нэпсыр, хуилъэщIри, жриIащ:

– Умыгузавэ, уэ дэ тIури зы Зиусхьэным дриIуэхутхьэбзащIэщ, зэныбжьэгъуфIу дыкъэнэнщ икIи дыщытынщ. Къуажэм унакIуэ хъужыкъуэмэ, Iэмал имыIэу уэстыжынщ, абы ухуеинущ уэ иджыри. Унэм сэ библие щIэрыпс, иджыри библие куэд пошткIэ къезгъэхьыну си мурадщ.

Щоджэным и жыпым тхылъ лъапIэр кърихщ, гум хыхьэу и Iупэм кIэрикъузэри, итIанэ и ныбжьэгъу цIыкIум хуишиящ.

– О, мыбы сэ си гум щиIа лъэкIыныгъэм хуэдэ хэт

дежи щигъуэтамэ! – жиIащ абы, и нэхэм нэпсыр къыщIэуvауэ.

Ахэм зэщIыгъуу къагъэзэжащ мэзхъумэм я унэм икIи сэлам ярихыжащ лIыжьым Палко зэришэжыр хуабжьу зи жагъуэ хъуа мэзхъумэмрэ абы и фызымрэ. Ауэ щоджэным яжриIащ ахэр мыгузэвэну, сыту жыпIэмэ абы гъуэгууи лъагъуэуи мыбы щыIэр къицIыхуакIэт а махуищ къэнэжам гъусэншэуи къыхуэкIухьынут.

Мэзхъумэм и фызым Палко тыгъэ къыхуищIащ Дунай ирефиин щхьэкIэ кIэфий цIыкIурэ зэщIэлындэжу зы кронрэ (Австрием я ахъшэ жыгъей). Абы къыдэкIуэу къритащ ерагъкIэ къыхуэIэту зы зэкIуэцIыпхаышхуэ, хьэпшыпыфIу кIуэцIымылъ щымыIэу.

– Ди дежкIэ ублэкIынкIэ хъумэ, Iэмал имыIэу къыдыхьэ, – жиIащ абы, – ищэн лъэпкъ умыIыгъыу щытми.

Палко и гуапэ хъуауэ, абыкIэ къигъэгугъахэщ.

Щоджэным щIалэцIыкIур я пщыIэм нэс къишэжащ. Ар къыщIэкIуар къыхуищIа IуэхутхьэбзэмкIэ лIыжьым ехъуэхъуну арати, ехъуэхъури, зы дыщэ ахъшэ жьгъей щIэрыпси къритащ.

Щоджэныр нэхъ гъунэгъуу къицIыхуа нэужь, лIыжьым къыгурыIуащ. Палко апхуэдизу абы щIыдихьэхар. ЕтIуанэ къыпхуэмыгъуэтын, жыхуаIэм хуэдизу, ар хуабжьу цIыхуфIт икIи цIыху гуапэт. ЛIыжьым и гугъат и лъэжьыгъыфIым пэкIуэу щоджэным Палко кронитI къритыну, ауэ абы, зэуэ пщIы щIалэ цIыкIур гъэсэным трагъэкIуэдын щхьэкIэ, къаритащ.

Щоджэныр щIэкIыжа нэужь, Юрига къитIэтащ мэзхъумэм и фызым Палко кърита зэкIуэцIылъыр.

– Уэ, си щIалэ цIыкIу, къызэрыщIэкIымкIэ, Iуэхутхьэбзащ Iэ хъарзынэу уахущытащ абыхэмI Тхьэм фIыгъуэр къыхуищIэ мэзхъумэм и унэгуащэ мыпхуэдэ гулъытэ къытхуэзыщIам!

– Сэр щхьэкIэ гугъу зыщIебгъэхьын щхьэусыгъуэ

щыIэжккъым иджы, дадэ, пэжкъэ? Си щхьэпр дэнэ къэна, уэри зыгуэр къыпхузэлэжьыфынущ иджы сэ!

– Дауи, дауи, си щIалэ цIыкIу! Мыв кронипщIымкIэ щIымахуэ псом зесхьэн къатыр щIэрыпс къысхуэщэхунущ. сытым хуэдэу сыщIэгупсысрэт сэ а къатыр уасэр къыздисхынум. Иджы – мис! ФIыцIагъэ лъапIэм пэжу жеIэ: „Япэ щIыкIэ къэфлъыхъуэ Тхьэм и Пщыгъуэмрэ Абы и пэжымрэ, адрей псори абы кърикIуэнущ!“ Уафэм къысхуехуэхыну мы тыгъэм унафэ хуищIами ярейт., Иджы, Тхьэм и шыхуркIэ, мы щIымахуэм сыткIи дыхуэхьэзыру жыпIэ хъунущ дэйтIур. Шхыну къэпхьари тхьэмахуитIкIэ хуиту тхурикъунущ. Библием ауэ сытми жиIэркъым: „Тхьэр – ар лъагъуныгъэщ“.

## ЛЕССИНГ И ФЫЗЫР

Юрига лIыжьыр, дауи, щыгугъакъым и ныбжьэгъу щIалэм и фызыр къыпщIыгъуу упсэуныр тынш хъуну. Ауэ Лессинг хуиIэгу хуабагъэм и хьэтыркIэ ар хьэзырт гугъуехь гуэрхэри ишэчыну, сэбэп хуэхъуну ищIэ закъуэмэ. АтIэми, зэримыгугъэххауэ, псори хъарзынэу зэтеуващ.

Лессингрэ и фызымрэ пщыхьэщхьэ хуегъэзэкI хъуауэ къэсащ. Ахэр хуабжьу ешат, ауэ хьэнтхъупс къыхутрагъэувар яфIэфIыпсу яшхащ. ИтIанэ шхыIэн къыздахьахэмрэ щхьэнтэхэмрэ къызэкIуэцIыхщ, пIэ ящIри, запгъэпсэхуну гъуэлъыжахэщ.

ЕтIуанэ пщэдджыжьыращ Юрига бзылъхугъэ щIалэр нэхъ гъунэгъуу щызэригъэцIыхуфар.

– Е, тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ, – егупсыст ар, фIэгуэныхь хъуауэ, – сытуи щIалэ мыгъуэ, нэхъыбэ дыдэ хъуамэ, илъэс 26-рэ нэхъыбэ хъуакъым, дауи, Сытуи дахэ! Ауэ хэт, ярэби, ар зэщхьыр, хэт абы и теплъэм сигу

къигъэкIыжыр? Тхьэм и закъуэщ зыщIэр ар тщIыгъуу дэ дызэрыпсэуну щIыкIэр!

ЗэкIэ абы ахэр игъэпIейтейртэкъым. Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджри, хьэнтхъупс яхуигъэващ, къыздахьа дэлэнхэм щыщи Юригэрэ Палкорэ яритащ. ГуфIэгъуэ иIэрэ дэпкIей-дэлъейуэ ахэр къыэзыуфэрэзыхь Дунаи Iыхьэншэ хъуакъым. Палко щхьэкIэ дэи къихьат абы. Лессинг щIалэ цIыкIум къыхуихьа кIэстумыщIэмрэ фурашкIэмрэ къыщритыжам, ахэр зыщитIэгъэнымкIи фызыр Палко къыдэIэпыкъуащ. ЩIалэ цIыкIур зэрилъагъуу, абы игу ирихьат. Балигъхэм ар зэрепсалъэ щIагъуэ щыIэтэкъым, ауэ мы щIалэ цIыкIур щигъусэм деж, и бзэр къиутIыпщыжт. Абы макъ гурыхь иIэт, ауэ, пхъэхуейм и пщIащэхэм я щхъыщхъ макъым ещхьу, тIэкIуи нэщхъейр къыптригъауэрт.

Лишкэ къыщыкIуам, абыи зы дэлэн Iыхьэ лъысащ. Лишкэ къызэреупщIхэм цIыхубзым фIэфIыпсу жэуап яритт, ауэ абы IуплъэхукIэ, езы Лишкэ и нэхэм нэпсыр къыщIэувэрт.

– Дэгъуэу пщIащ, си щIалэ, мыр пщIыгъуу къызэрыпшар, – жриIащ Юрига Лессинг, зы тхьэмахуэ хуэдэ дэкIа нэужь. – ИкIи ущыуатэкъым, щIалэ цIыкIур абы игу ирихьыну щыжыпIам.

– О, хэтыт ар зигу иримыхьынур? – жэуап къитащ Лессинг. Иджы ахэр ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, нысащIэр зэшынкIэ мышынэжхэу лэжьакIуэ дэкIт. Зэшынуи зэман къыхудэхуэртэкъым абы. ЖьыщIын хуейуэ щыIэр къанэ щымыIэу ижьыщIащ. Абы и закъуэт: яхуэпщафIэрт, унэр зэлъыIуихт, Палкорэ езымрэ къащыпа Iэгъэбэгухэр иупщIатэрт, игъэгъут. ИщIэн щимыгъуэтыххэм деж, зыгуэрхэр идте идыжт. Лишкэ и джанэр нэгъунэ зэхидыжыхьат. Дэрэ дыжэ къудей мыхъуу, зыгуэрхэри хидыкIт.

Палкои лъэкI къимыгъанэу дэIэпыкъут фызым. И

„дыгъэ лъахэм“ теухуа гуэрхэри и жриIащ щIалэ цIыкIум абы. Нэху къызэрекIыххэрауи Палко ар а щIыпIэм ишащ. Иригъэлъэгъуащ и тхылъри, псалъэхэр зэрызэхэпщIыкIынур къыгуригъэIуащ. НысащIэр фIэфIыпсу къедаIуэрт абы жиIэхэм. Зэм-зэми ар гупсысэ хьэлъэхэм хилъасэрти, нэщхъей къэхъурт.

Палко къызэщигъэхъут и щIалэ цIыкIум теухуауэ ар зэгупсысхэр. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъыфIу илъагъурт Палко ар. ЗэщIыгъуу къыщакIухькIэ, сабиитI хуэдэ, ахэм я Iэпэр зэрыIыгът.

Зэгуэрым, и гупсысэ хьэлъэхэм хэту нысащIэр здэщысым, Палкои щхьэр абы и дамэм тригъэщIащ.

– Уэ, дауи, уи сабийращ узыщIэгупсысыр? Умынэщхъей, Iэмал имыIэу къэдгъуэтыжынщ дэ ар. Сэ абы теухуауэ Зиусхьэн Исус селъэIуакIэщ, Iэмал имыIэуи къыддэIэпыкъунущ.

Абы и псалъэхэм къагъэпIейтеяуэ, цIыхубзыр щIалэ цIыкIум къеплъри, зэуэ IэплIэ къыхуищIащ. IэлъэщIыр фызым и щхьэм техури, дыгъэм и бзийхэм зэуэ къагъэнэхуащ къызэпачауэ зэщхь нэкIу дахитIыр.

– Пэжу, къысхуэбгъуэтыжыфын уэ ар, Палко?

– Iэмал имыIэу къэдгъуэтыжынщ. Ауэ къэдгъуэтыжын щхьэкIэ, уэ сэ къызжепIэн хуейщ ар теплъэкIэ зэрыщытыр.

– Уэ уэщхьыркъэпст, ауэ ар цIыкIут.

– КъыхуэкIухьрэт? – къыпищащ Палко, и Iэ цIыкIуитIымкIэ фызым зришэкIыурэ. О, сыту хуабжьу хуэзэшат ар анэм и гуппагъэм!

– НтIэ, и Iэпэр сIыгъмэ, къызбгъурытурэ хъарзынэу къикIухьт; и закъуэуи къыхуэкIухьт мащIэу.

– Сытыт и цIэр фи щIалэ цIыкIум?

– Мишко. Арат дэ дызэреджэр.

– НтIэ, къыщытлъыхъуэжкIэ, Мишко, Мишко, жытIэурэ дыджэнщ. Уэ еджи, нэхъыфIщ, ахъумэ, хэт

ищIэрэ, апхуэдэу щыцIыкIукIэ, сэ къысщышснэнкIэ хъунщ, – жиIэщ, IэплIэ къыхуэзыщIауэ зыIыгъ фызым худэплъейри, еупщIащ:

– Дапщэщ а фи щIалэ цIыкIур щыффIэкIуэдар?

– Дапщэщ, жыпIа? – укIытауэ къеплъащ ар щIалэ цIыкIум. – Мис ар къысхуэгубзыгъыжкъым, Палко. Мы си щхьэр зы гъэщIэгъуэн гуэрурэ щытщ сэ. Куэдрэ къохъу ар щызу икIи апхуэдэхэм деж зыми сегупсысыфыркъым. Ауэ, зэхэсщIэу, мы къуршхэм нэхъыфI сыщыхъуащ. Сигури мыбы нэхъ щыIэдэбщ, унэм нэхърэ.

– ПщIэрэ, фыкъэнапэу фыщыIэм щIэмыхъур сыт фэ мыбы? ЩIымахуэхэм деж, къуажэм дехыжурэ унэм дыщыпсэунут. Ди унэр Iэхуитлъэгуитщ, псори дыщIэхуэнущ, Тхьэм и шыхуркIэ. Къуажэм дэ щыдиIэщ уни, пщэфIапIи, гуэнэщи. Хъарзынэу дызэхэзэгъэнуи къысфIэщIт сэ.

– Сэ сфIэфIыпсу сыкъэнэнт уэ пщIыгъуу. ЩIалэ цIыкIумм и нэхэм нэпсыр къекIуапщ. Абы зэхищIащ фIыуэ къызэралъагъур.

– Сэ фэ фIыщэу фызолъагъу, нэхъапэ щIыкIэ сыфхуэIуэхутхьэбзащIэну сымыдауэ щыта пэтми. Абыи щхьэусыгъуэ иIэт: щоджэныр къэзгъэнэн хуейт. Абы сэ куэдым сыхуригъэджащ, сэри сыщIыгъут сфIэфIыпсу. Ауэ фэри нгу ихакIэ сывбгъэдэтщ сэ, пэжкъэ? ИкIи сыщогугъ си Зиусхьэныр къысхуэарэзы хъуну. Стелъын хуей си жорыр арауэ щытми, сэ ар зыкIи къыстехьэлъэнукъым... АтIэми дэ фи щIалэ цIыкIурат дызэтепсэлъыхьыр.

– НтIэ, нтIэ... Ди къуажэдэсхэм хуагъэфащэ ар хьэкIэкхъуэкIэм зэпкъратхъауэ, ауэ сэ ар си фIэщ хъуркъым, – жиIащ абы, и щхьэр ирихьэр. – О, сэ фIы дыдэу сощIэ ар зэрыпсэур, къэслъыхъуэни зэрыхуейр. Ар зэпкъратхъауэ сэзыми си фIэщ хуэщIынукъым!

– ЩIэпщIыни щыIэкъым, – едэхащIэрт Палко абы, –

ар ауэ сытми хуагъэфащэу аращ. Сэри цIыкIунитIэу сыщыщытам, сызыпIа сянэм сыкъигъуэтауэ щытащ, зэрыжаIэмкIэ сыгъуэщауэ Вагталь и адрей лъэныкъуэмкIэ щыIэ мэзым сыхэту. Ауэ зы хьэкIэкхъуэкIи къызэмыIусэу Исус Тхьэм сыкъихъумащ. Ар Езыри Ирод гущIэгъуншэм иукIыну хэтат, ауэ Мариерэ Иосифрэ Ар нэгъуэщIыпIэ яхьри, кърагъэлащ.

– НтIэ, зэрыджыпIэмкIэ, уи анэм укъигъуэтыжащ уэ? – къэгуфIауэ жиIащ абы. – Дапхуэдэу ар зэрыхъуар?

– Ухуеймэ, зэрыщыта дыдэр ныбжесIэжынщ. Си анэ сызыпIар Iэгъэбэгу къищыпу мэзым хэтт. Къыздищыпым, абы зэуэ къызэхихащ сабий гъы макъ. Макъыр къыздиIукIымкIэ кIуэри, зы сабий гъуэгум ирикIуэу къилъэгъуащ. Абы зы джанэ цIыкIу фIэкIа щыгътэкъым, лъапцIэт, псыщхьэкIи лъаIуэрт. Абы сабийм иритащ щIакхъуи псыи. Арати, сабийр унэм ихьу зейр къыщыхуэмыщIэм, куейм и унафэщIхэм хъыбарыр ялъигъэIэсащ, ауэ зыри къэкIуакъым. КъыщымыкIуэIам, и Тхьэм еплъри, езым деж сыкъигъэнащ, мис мы Юрига зэгуэрым сызэрызэришэлIэжам ещхьу. Апхуэдэу щыщыткIэ, – гуфIэр и нэгум иту жиIащ абы, – хэт ищIэрэ, фи Мишкои зыгуэрым къигъуэту зришэлIауэ къыщIэкIынщ. АтIэми мы къуршхэракъым ар къыщылъыхъуэн хуейр!

ЦIыхубзыр къызэфIэувэщ, и щхьэр и IитIымкIи фIиубыдыкIыжри, гупсысэ хьэлъэм хэтурэ и щхьэм хужиIэжащ: „Тхьэм ещIэ мыгъуэ иджыпсту ар здэщыIэ“.

– Умыгузавэ уэ, – тхьэмыщкIэм и гур фIы хуищIырт Палко. – Тхьэм, шэч хэмылъу, ещIэ ар здэщыIэр. Абы делъэIунщ къыддэIэпыкъуну. Иджыпстукъуршым куэд щыIэщ, мис абыхэми деупщIынщ, сабий къэзыгъуэта ящIэрэ ямыщIэрэ. ИкIи, хэт ищIэрэ, а къэзыгъуэта дыдэм дрихьэлIэнкIэри мэхъу. А махуэм къыщыщIдзауэ,

Лессинг и фызымрэ Палкорэ махуэкъэс Мишко и гугъу ящI зэпытт. Палко фызым иригъэщIащ, и сабийр здэщыIэр къыжриIэн щхьэкIэ, ар Зиусхьэн Исус зэрелъэIун хуей щIыкIэр. Фызымм хьэкъыпIэ щыхъуат сабийр псэууэ икIи Iэмал имыIэу къигъуэтыжын хуейуэ. Абы лъандэрэ ар нэхъ къопсалъи и нэкIу фагъуэхэми лъы къыщIэлъэдэжу щIидзакIэт.

Юрига зэпымычу егупсыст: „Хэт мы бзылъхугъэр апхуэдизу зэзгъэщхьыр?“ Фывзыр къащыхэтым деж, щыми и гур загъэрт, абы игу фIы ящIын щхьэкIэ ялъэкI къагъанэртэкъым.

Лессингт абы нэхъ гугъу дехьыр. Нэхъапэхэм фызым зыщидзейуэ щыташ абы, иджыпсту апхуэдэу щытыжтэкъым. Мэзым кърихa пхъэ тыкъырхэр зэгуигъигъэзрэ бжэмыших къыхищIыкIыну Лессинг тIыса нэужь, зыгуэрхэр иду е иджы къыбгъэдэтIысхьэнти, язынықъуэхэм деж гуапэрэ гум къедэхащIэу къеплъу щысынт. Апхуэдэхэм деж, Лессинг апхуэдизкIэ гуфIэрти, и гуфIэгъуэр макъкIэ игъэлъэгъуэну хьэзырт.

ЗаветыщIэм Лессинг макъкIэ къыщеджэм деж, ар гъунэгъуу къыбгъэдэтIысхьэрти, и тхьэкIумэ тегъэхуауэ къедаIуэрт.

Лессинг фIэщхъуныгъэ иIэу зригъэсат, Тхьэр гуэныхь зытелъхэм зэрахуэгущIэгъулымкIэ, абы зригъэсакIэт, фIыуэ илъагъу и щхьэгъусэр игъэхъужыным щхьэкIэ, Зиусхьэн Тхьэм елъэIуфу.

Палко абы жриIэжат, а фIыцIагъэ лъапIэм и Iыхьэ гуэрхэм еджэурэ, щоджэным „дыгъэ лъахэ“ дыдэм ухуэзышэ лъагъуэр къызэригъуэтар.

Лессинги щIэхъуэпст ар къигъуэтыну; ауэ ар хуейтэкъым икIи лъэкIынутэкъым езым и закъуэрэ фIыуэ илъагъу и фызыр щIымыгъуу абы кIуэну. Дауэт ар Тхьэм и пащхьэм зэрыригъэхьэнур, апхуэдэ гузэвэгъуэ телърэ ХристоскIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ящыщ хъункIэ Iэмал

зымыгъуэт и фызыр мыдкIэ къигъэнауэ. Абы илэжьа гуэныхьращ езыр а фызым и акъылыр щIэутхъуар. Ахэм ящIэртэкъым Палко и закъуэ „дыгъэм и лъахэм“ щыIэу абы къызэреджари, и пэ дыдэм къыщыщIэдзарэ зы сатыр дамыгъэхуу ахэр еджэу щIадзащ фIыцIагъэ лъапIэм икIи кIуэтэхукIэ нэхъыфIу къагурыIуэ хъуащ. Уэлбанэ къэхъури, лIыхэр лэжьакIуэ дэкI мыхъуу, махуэ зытIущкIэ щысащ. АтIэми ахэм гу лъатэртэкъым зэманыр щэщIауэ зэрыкIуэм, апхуэдизкIэ дихьэхауэ фIыцIагъэ лъапIэм къеджэхэрти.

Лишкэ иджы абыхэ я деж щыгувэрт, жеин къудей щхьэкIэт и дщеж щIигъэзэжри. Зэзэмызэ абы Палко жэщгъуэлъу здишэрт икIи апхуэдэхэм деж жэщныкъуэхэм нэсыху а зэджахэм тепсэлъыхьыжу щылъхэт.

Лессинг кIуэтэхукIэ нэхъри нэхъ щIэхъуэпст къелыныгъэм ухуэзышэ гъуэгур къэхутэным. Ар Тхьэм елъэхут, и фызри а гъуэгум техьэным щхьэкIэ. И быныр къигъуэтыжыным абы и гугъэр хихыжат. Мартин хьэкъыпIэ щыхъуат и къуэ цIыкIур зэи мыкъутэж дунейм, „дыгъэ лъахэм“, зэрыщыIэр, мис абы щыхуэзэжынуи щыгугът.

## ЩОДЖЭНЫМ И УНЭМ

ЗэхуэIэфIрэ зэщыгуфIыкIыжу ахэр зэдэпсэу пэтми, щIалэ цIыкIур зыгуэрым хуабжьу хуэныкъуэт. ЗэмзэмкIэрэ ар щоджэным апхуэдизкIэ хуэзэшти, мыпхуэдэу жимыIэн лъэкIтэкъым: „Зиусхьэн Исус, тхьэусыхэ лъэпкъ хэмылъу схьыну сыхьэзырт сэ си жорыр, ауэ хьэлъэIуэ мыгъуэщ ар сэркIэ!“

Абы и гу пIащIэ цIыкIумкIэ зэхищIэрт, нэгъэсауэ ар къызыгурыIуэн мыбы зэрыщымыIэр. Ауэ щоджэным, шэч лъэпкъ хэмылъу, ар къыгурыIуэнут. Апхуэдиз зэма-

ным къуажэм кIуэну къыхуихуатэкъым. Япэ тхьэмахуэ махуэм уэшх къешхащ, етIуанэм – дадэ Лесингрэ Лишкэрэ щIыгъуу чылисэм кIуащ. Шэджагъуэнэужьу ахэм къыщагъэзэжам, щIалэ цIыкIур елъэIуащ мэзхъумэм я деж игъэкIуэну. А къыхуищIа тыгъэ къомым пэкIуэу япэ махуэм къищыпа Iэгъэбэгухэр хуихьыну арат. Дунай зыщIигъури, зэралъэкIкIэ ахэр щIэпхъуащ.

ГъущI хъарым къилъэтыжа бзу цIыкIум ещхьт Палко и гур, Дунаи абы дэгуфIэрт.

„ИкIэм-икIэжым, щоджэным и Iуэху зытетхэр къэсщIэнщ иджы“, – гуфIэгъуэр иIэу егупст Палко. Гъуэгум здрикIуэм, абы и жьафэр къемыхыу жиIащ Лессинг и фызым къригъэщIа уэрэдыр. ПсынщIэ дыдэу нэсащ ар мэзхъумэм я деж, мэзхъумэм и фызым и закъуэ фIэкIа щIэмысуи ирихьэлIащ.

– Дадэ фIэхъус къывехыж, сэри, мис, тыгъэ къыдэптахэр зыкIуэцIыпхауэ щыта IэлъэщIыр къыпхуэсхьыжащ. Ди гуапэ къызэрыпщIам пэкIуэуи мы Iэгъэбэгу тIэкIур къыпхуэсхьащ.

О, сыту хуабжьу Iэгъэбэгу хъарзынэ мыхэр! Дэнэ къыщыбгъуэтар, Iей, мыпхуэдэхэр? Щхьэщэ схухуэщIыж уи дадэ, сызэрыхуэарезыри схужеIэж. Моуэ къэтIыси кофе тIэкIу ефэ. Си закъуэ дыдэ сыкъыдэнауэ сэри созэш, тIэкIу сытеунщ. УэдэпIащIэIауэ къыщIэкIынкъым уэри?

– Хьэуэ, – жиIащ Палко. Ар иригуфIэрт щоджэным зэрыщIэупщIэнум. Адрей – мыдрейхэм тепсэлъыхьахэ нэужь, лъэIу зыхэлъ плъэкIэкIэ ар мэзхъумэм и фызым еплъащ:

– КхъыIэ, пщIэмэ, къызжеIэт: дауи щыт иджыпстукIэ щоджэныр?

– Ди щоджэнри? Хъарзынэщ, си щIалэ. Ауэ иужьрей зэманым абы хуабжьу зихъуэжащ, – жиIащ фызым, и щхьэр игъэсысри.

– Дапхуэдэу зэрызихъуэжар?

– Мы тхьэмахуэм зэрытхуелъэIуам хуэдэу ар зэи цIыхубэм Тхьэ яхуелъэIуу зэхэсхакъыс сэ. Адрей тхьэмахуэ блэкIами – ещхьыркъабзэт! – балигъ гуэр бгъэдэс фIэкIа пщIэнтэкъым мэзхъумэм и фызыр Палко зэрепсалъэр, езы щIалэ цIыкIури и тхьэкIумэр тегъэхуарэ хэгупсысыхьыпауэ абы жиIэм щIэдэIут.

– КъэсщIэжащ, къэсщIэжа, – а тхьэмахуэм и пщэдджыжьым сэри абы къызжиIат япэм емыщхьу цIыхухэм тхьэ зэрахуелъэIунур. ГурыIуэгъуэщ щIыжиIари: иджы абы къигъуэтакIэщ нэху мыункIыфIыжыр здэщыIэ „дыгъэ лъахэм“ ухуэзышэ лъагъуэр.

– КъызэрыщIэкIымкIэ, уэри къыпхутепсэлъыхьат ар абы? Пэж дыдэу, псалъэ гъэщIэгъуэныщэ куэд къыджиIащ дэ абы мы тхьэмахуэм. Уэ усабийщ, ахэр сыт щхьэкIэ бжесIэнт, ауэ тхьэмахуитIкIэ укъыкIэрымыкIыу абы ущIыгъуащ, жызоIэри аращ мыр щIыпхуэсIуатэр. Абы дэ къыджиIащ, зи хъушэм темыплъэкъукI мэлыхьуэ емызэшыжым ещхьу ар иджыри къэс къызэрытхущымытыфар; Тхьэм къызэригъэщIамкIэ фIэщхъуныгъэ иIэр игуми и псэми нэсу зэрыхэмыхьар, и гуэныхьхэр къыхуэгъуарэ къыхуэмыгъуарэ нэгъэсауэ зэкIэ зэримыщIэр. Зиусхьэн Исус теухуауэ ищIэхэр къыджиIэу щыта мыхъумэ, Ар игумрэ и псэмрэ нэгъэсауэ хыхьауэ зэрыщымытар. ИтIанэ абы къыджиIащ, Зиусхьэн Исус ди гумрэ ди псэмрэ хыхьэным дэтхэнэри хущIэкуэн зэрыхуейр, ар къыдэхъулIэным щхьэкIэ Зиусхьэным хуэкIуэ лъагъуэр IупщI тхуищIрэ дяпэ иувэу Абы дыхуишэну иджы ар зэрыхуэхьэзырыр, ыту жыпIэмэ къищтакIэщ. Сэ а псор дахэ-дахэу бжесIэжыфнукъым, си щIалэ цIыкIу, ауэ абы щыгъуи ноби Тхьэ зэрытхуелъэIуа щIыкIэр игъащIэкIэ сщыгъупщэжынукъым сэ.

Къысхуэмыгъэсыжу сыпэплъащ сэ нобэрей махуэм,

Тхьэм ухуэзышэ лъагъуэр абы зэрыдигъэлъагъуфыну щIыкIэр къэсщIэну сыхуейти. Нобэ абы дэ къыджиIащ Тхьэр зэрышэджащэр, зэрыгущIэгъулыр, дэ гуэныхьлыуэ дызэрыпэур. ИтIанэ абы дэ къыджиIащ, Тхьэм ди гупэрхуэдгъазэу Исус Христос ди щхьэр едмыхьэлIэмэ, дуней къэгъазэ димыIэу кIуэдыпIэр къызэрытпэплъэр.

Чылисэ кIуэцIыр апхуэдизкIэ щытми, мастэ пIэпыхуамэ, зэхахыным хуэдизт; зыри гупсысэртэкъым, ягуми я псэми хыхьауэ псори зэхахым щIэдэIут. БжесIакъэ, сэ зэрыщыта псор схуэIуэтэжынукъым, ауэ абы и псэлъэкIэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнт, удихьэхти, ар ди щоджэнырауэ къызэрыпхуэщIэн щыIэтэкъым. Чылисэм къыщIэкIыжа нэужькIи, цIыхухэм гуп-гуп защIарэ зэхахэм тепсэлъыхьыжу зыкъомрэ зэхэтащ. Ахэр апхуэдизкIэ игъэпIейтеят зэхахами, абы зи гугъу ищIа къемэт махуэ шынагъуэр къащхьэщыхьауэ фIэкIа пщIэнтэкъым. Тхьэ щелъэIум, абы зы тхылъ гуэрым ищIащ. ЗэрыжиIэмкIэ, а тхылъым еджэурэщ Тхьэм ухуэзышэ лъагъуэр абы къызэригъуэтар. Абы иту жыхуиIахэр сэ IупщI дыдэу къызгурыIуакъым, ауэ зы сатырэм адрейр къыкIэлъыкIуэурэ а тхылъыр щIэджыкIын зэрыхуейр сигу изубыдащ.

– Мис-тIэ а тхылъыр, – жиIащ Палко зи гугъу ищIыр и гуфIакIэм къыдихыурэ.

– Сыт жыпIэр?! А тхылъыр уэ пIыгъыу ара-тIэ? – зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу жиIащ мэзхъумэм и фызым. Фызым и нэгъуджэр зэуэ зыIуилъхьэри, Палко тхылъыр къыщыхузэIуихым, япэ напэкIуэцIым мыпхуэдэ псалъэхэр кърипджыкIащ: „Зы сатыри думыгъэхуу икIи быдэу уегупсысурэ къеджэ“. – Дэнэ уэ мы тхылъыр къыздипхар? Ди щоджэным къуитауэ ара?

ЩIалэ цIыкIум аргуэру зэ къиIуэтэжыну къыхудэкIащ ар къыщигъуэтари къызэригъуэта щIыкIэри. Мэзхъумэм и фызыр, зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, абы

жиIэхэм щIэдэIут. Фызым абы жриIэжащ щоджэнымрэ езымрэ зэщIыгъуу а тхылъым къызэреджар икIи, уэсэпс ткIуэпсым – дыгъэр, Марие-Псэ лъапIэр зэрызыщIа шам ещхьу, ахэми Зиусхьэн Исус я пкъым къызэрыхыхьар.

– О, си щIалэ, уэ щихь гуэрым е Исус илъэс пщыкIутI фIэкIа мыхъуауэ Тхьэунэм къызэрыщыпсэлъам ещхьу уопсалъэ! – жиIащ абы, зэхихар телъыджэ къыщыхъуауэ.

– Къысхуумыгъэнэфыну пIэрэ мы тхылъыр сэ?

Палко хэгупсысыхьауэ зы тIэкIурэ щысащ.

– Си гуапэу къыпхуэзгъэнэнт, ауэ сэ езыр сынэджысакъым мыбы и кIэм. Пэжу, Лессинг дэ Библиер зэрыщыту къытхуихьауэ къытхуоджэ, – ауэ сэ, „дыгъэ лъахэм“ сыщыкIуэм деж, мыр зыдызохьри сэр-сэру сыкъыщоджэ. Лессинг и щхьэгъусэр къызэрыкIуэрэ, абы сэри къыздыдощтэ мэракIуэ щыпэ дыщыдэкIкIи, мащIэ-мащIэурэ абы сыкъыхуоджэ. Япэрауэ, тхылъышхуэр сэ къыздэсщтэ хъунукъым. Адрейуэ, абы итыр, мыбы хуэдэу тыншу къызгурыIуэркъым. Мыращ дэ тщIэнур! – жиIащ абы зэуэ къызыкъуипхъуэтри. – Мыр къыщызитыжым щыгъуэ, зиусхьэн щоджэным къызжиIауэ щытащ мыпхуэдэу тхылъ куэду пощткIэ къригъэхьыну зэр имурадыр. Ауэ щыхъукIэ, мыпхуэдэ тхылъ иджыри щыIэщ.

Апхуэдэ дыдэу жиIат щоджэным?!... – гуфIауэ къеупщIащ мэзхъумэм и фызыр. – ПщIэрэ, Палко, дадэ уэ зыкъыпхуигъэгусэнкъым тIэкIу нэхъ гувауэ укIуэжми. Нобэ тхьэмахуэщ, уэрыншэу псэуфынхэщ, Сэ зыгуэр лъэзгъэIэсыну сыхуейт ди щоджэным. Ар къомыхьэлъэкIыу хуэпхъу, мыпхуэдэ зы тхылъ щхьэкIэ усхуемылъэIуфыну пIэрэ? Сыт жаIэми, естынт. Хъункъэ?

– ЛIо щIэмыхъунур! Абы и фIыгъэкIэ сэрищоджэныр слъагъунщ! – гуфIауэ жиIащ абы.

ЩIалэ цIыкIур еплъурэ мэзхъумэм и фызым къу зиIэ

матэм ирилъхьащ гъэжьауэ тхьэрыкъуитI, джэдыкIэ зыбжанэ, Палко къыхуихьа Iэгъэбэгум щыщ, мэлышэм къыхэщIыкIа кхъуей Iыхьэ, тхъуцIынэ.

– Мыхэр схуетыжи, жеIэ лъахъшэу щхьэщэ зэрыхуэсщIырн. СхужеIэж Тхьэ зэрытхуелъэIуа щIыкIэр си гум къинауэ зэримыкIыр. Сэри Тхьэм схурелъэIу Абы деж кIуэ лъагъуэр къэзгъуэтыну, дуней къэгъазэ зимыIэу кIуэдыкIей хъунухэм самэхыхуэну. Сэ абы жиIэ псори згъэзэщIэну сыхьэзырщ. Тхьэгъуэгулъыхъуэ я нэхъ жыжьэ дыдэми сыкIуэну сыхьэзырщ, къызжиIэу щытмэ. ТхьэхуелъэIу дауэдапщэ зыхуезгъэщIынуи сыхьэзырщ, кIуэдыкIей сымыхъуну къасщIэмэ.

А псори и щхьэм имыкIыу щIылэ цIыкIур егупсысащ щоджэным деж щыкIуэм.

„Мэзхъумэм и фызым ар къызэрыщыхъур дауэ пIэрэ? Тхьэм гурыIуэгъуэу жиIащ: „Си деж фыкъакIуэ!“ Марфэ зыщIыпIи кIуакъым, ахъши щIитакъым; Исус Тхьэр фIэщхъуныгъэ хэлъу иригъэблэгъауэаркъудейщ. Япэм сэри сщIэуэ зэрыщымытам ещхьу, мэзхъумэм и фызым хищIыкIIауэ къыщIэкIынукъым къумым щыIэ гъуаплъэ блэм и хъыбарым. Е, псалъэм папщIэ, Мысырым щыIа Израильтян мис а зи пIэкIэ шынэ цIыкIур лIэуэ къэнахэм яте ухуар. Ди гуэныхьхэр тщхьэщыпхын щхьэкIэ жорым зыкIэрызыгъэлIыхьа Уэри, Зиусхьэн Исус, урещхьыркъэпсщ а Тхьэтыхь Шынэм! Мэзхъумэм и фызым щхьэ жезмыIэжа мыгъуэрэт а хъыбарыр. Сигу къэкIыжмэ, сыкъыщыкIуэжмэ Iэмал имыIэу жесIэжынщ. ФIыцIагъэ лъапIэр зэрыт тхылъыр иIэ хъуа нэужькIэ, абыи псори къищIэнщ. ИджыпстукIэ си тхылъыр къыхуэзгъэнащи, тIэкIу къреджэ. Си жагъуэ хъур зыщ: а хъыбархэр тхылъым и пэщIэдзэ дыдэм зэримытыр! ауэ, зы сатыри думыгъэхуу къеджэн щыхуейкIэ, Iэмал имыIэу абыи хуэзэнщ“.

Аурэ щIалэ цIыкIур щоджэным и унэм нэсащ. Сэнэм абы къыщыIущIащ унэIут цIыхубзыр.

– Щоджэным тIэкIу зигъэукIурияуэ зегъэпсэху, – жиIащ абы. – НэгъуэщI гуэру щытамэ, щIэзгъэхьэнутэкъым, ауэ уэ укъакIуэ нэхъ пIалъэ имыIэу ущIэзгъэхьэн у унафэ къысхуищIащ. А уи матэм илъыр щоджэным егъэлъагъуи, итIанэ экономкэм ет.

ЩIалэ цIыкIур щэху щIыхьащ жоджэным и пэшым. Ар щыщIыхьэм, тахътэбаным илъ щоджэным и нэр къызэтрихащ.

– Къеблагъэ, Палко! Дауэрэ хъуми, укъэкIуащ! – жиIэри и Iэр щIалэ цIыкIум къыхуишиящ. – СыпщыгъупщэжыпауэкъысфIэщIати. Умыгъ, умыгъ! СщIэркъэ сэ, хъууэ щытамэ, угуфIэжу укъызэрыкIуэнур.

– Ауэ сытми сыкъэкIуэнут!

Палко и нэпсыр щIилъэщIыкIри, матэр Iэнэм тригъэуващ. ИтIанэ лъэгуажьэмыщхьэу тIысщ тахътэбаным и бгъум дежи, зэи зэримыщIам хуэдэу ищIащ-абы щоджэным IэплIэ хуищIащ, Лессинг и щхьэгъусэм зэрыхуищIам ещхьу икIи дыгъэм ижьа и нэкIу цIыкIур кIэрикъузащ щоджэным и нэкIу фагъуэм.

Апхуэдэ гуапагъэхэм емыса щоджэныр мо фэрыщIагъ лъэпкъ зыхэмылъ сабий гурыщIэ зэуэ зыхэхуам къигъэгумащIэри, щIалэ цIыкIур и бгъэм щIикъузащ и натIэ кабзэ хужь цIыкIуми ба хуищIащ.

– ЛIо, щхьэ ущылъ? Уешауэ ара, хьэмэ усымаджэ? – щIэупщIащ щIалэ цIыкIур, щоджэным и щытыкIэр зэхищIауэ.

– Пэжщ, тIэкIу сезэшащ сэ, Палко, адрейуэ си бгъэри и джабэри къыхоузыкIри сигъэбауэркъым. НэгъуэщIхэм яжесIакъым сэ апхуэдэу сызэрыщытыр, ауэ уэ бжызоIэ, узыншэ сищIыжынкIэ Зиусхьэн Исус укъызделъэIункIэ сыпщыгугъыу.

– Абы щыгъуэм, Тхьэм занщIэу дегъэлъэIуи, итIанэ сыкъыщIэкIуар ныбжесIэнщ.

– Зиусхьэн Исус. ФIыуэ слъагъуу Исус гуапацэ! –

лъаIуэрт щIалэ цIыкIур, – сэ сощIэ Уэ дэ узэрытщIыгъур! СынолъэIу, – гъэхъуж пщIэ зыхуэтщI ди щоджэныр! Уэ уощIэ ар зэрысымаджэр, абы къыхэкIыуи цIыхухэм Тхьэ зэрыхуеймылъэIуфыр нэгъуэщI Iуэху и зэрыхуэмыщIэр. АтIэми абы цIыхубэми мэзхъумэм и фызми яхуиIунтэн хуейщ Уэ ныпхуэзышэ лъагъуэм теухуа хъыбархэр!

– Уэ Тхьэшхуэм и Къуэм, цIыхухэм, сэри сахэту, ди гуэныхь къомыр щыпхуэшэчакIэ, – къыщIигъуащ щоджэным, – Уи щыIэныгъэм и хьэтыркIэ сынолъэIу: цIыхуитI е щы апхуэдэкIэ къолъэIун хуей хъумэ, умыгъэщIэхъухэу, уэ зэфыкIым щхьэщых! Сэ иджыри сфIэфIыпсу куэдрэ сылэжьэнут икIи нэгъуэщIхэм яхуэсIуэтэнут а сэ Уэ сызытепша дунейм теухуа хъыбархэр! Уэ уи цIыхухэр кIыфIыгъэм хокIуадэ! Илъэс куэдкIэ сэ сыщытащ хьэфизхэм я пащтыхь хьэфизу, пIалъэкIэ къащтарэ хъушэм и пэ иту мыкIуэ Iэхъуэу. СынолъэIу: сызыхунэмыса IуэхуфIхэр злэжьыну Iэмал къызэт! Сэ иджыри сыщIалэщ, си псэугъуэщ! Псалъэ быдэ узот: узыншэ сыпщIыжмэ, къысхуэна гъащIэр еъанэ щымыIэу Уэ птезухэну! Iэмин!

Пэш кIыэцIыр щымт, чылисэм ещхьу. Апхуэдэу зы тэлай дэкIа нэужь, Палко къэпсэлъащ:

– Абы ди лъэIу псалъэр зэхихащ, а дызэрелъэIуам хуэдэуи ищIакIэщ!

– Сэ ар си фIэщ мэхъу, Палко, ауэ сынолъэIу дяпэкIи Тхьэм ухуелъэIуну. Уэ уощIэ дэ тIури зы Зиусхьэным дыриплIыщIэу зэрыщытыр, ауэ щыхъукIэ дызэдэIэпыкъунщ.

– Уэ тIэкIу нэхъыфI ухъуащ, пэжкъэ?

– Пэжщ, уэ укъызэрыкIуэу нэхъыфI сыкъэхъуащ. ПщIэрэ, Палко, уэ уэщхьыркъэпсу, сэри Iыхьлыи-Iэулэди сиIэкъым. Хуабжьуи сызэшт, си закъуэ дыдэ сыздыхэлъым.

– Сыту, уэри адэ-анэ уимыIэу ара?

– Куэд щIащ ахэр дунейм зэрехыжрэ.

– Адэшхуи, къуэши, шыпхъуи уиIэкъым, – ара?

– Къуэши шыпхъу и куэду сиIат, ауэ хуабэ узым илIыкIахэщ. – А мыбы къэкIуауэ щыслъэгъуа бзылъхугъэр-щэ? Ар уи шыпхъукъэ?

– Си шыпхъущ. А зы закъуэращ къысхуэнари. Ауэ ари унагъуэ ихьауэ жыжьэ дыдэ щопсэу. Сымаджэ сыхъукIэ, къакIуэурэ къыскIэлъыплъыфынукъым ари.

– Мы фи деж щыпсэу фызыжьыр-щэ?

– Ар дунейм ехыжа си адэ тхьэмыщкIэм и щыпхъущ. Мыбы укъэкIуэн япэ, сэ хуабжьу сыкъабгынэжа къысщыхъуу сыщылът, Гефсиман жыг хадэм Зиусхьэн Исус зыкъызэрыщыхъужам ещхьу. Иджы Абы уэ си деж укъигъэкIуащ; фIыщIэр Тхьэм ейщ! Сыщымыуэмэ, уэ зыгуэрхэри къысхуэпхьащ?

– А-а, сщыгъупщэж пэтай! – жиIащ Палко. – Мэзхъумэм и фызым шхыныгъуэ IэфI гуэрхэр къыпхузигъэхьащ, нэхъ щIэхыу ухъужын щхьэкIэ. Мис, – тхьэрыкъуитI джэдыкIэ зыбжанэ, уэ фIыуэ плъагъум хуэдэ кхъуей, щIакхъуэ фIыцIэ тIэкIу, тхъуцIынэ.

– Пэж дыдэу шхыныгъуэ хъарзынэщ ахэр, Палко. Зэман сиIэтэкъым, нэху зэрыщрэ зыри сIухуакъым сэ. ТIэунейрэ цIыхухэм тхьэ сахуелъэIун, зы хьэдэщIэлъхьэ сыхэтын, нэгъуэщI Iуэху гуэрхэри зэфIэзгъэкIын хуей хъуа. Ауэ иджыпсту сышхэнут. Уэри сэри щIакхъуэ бзыгъэ зырыз къытхупыгъэжи кхъуеймрэ тхъуцIынэмрэ къытелъхьэ.

Ахэр Iэнэм бгъэдэтIысхьащ. Щоджэным езым ишх щыIэтэкъым, ауэ щIалэ цIыкIур зэригъэшхэнум хэтт. Дунаи Iыхьэншэ хъуакъым.

ИтIанэ щоджэныр щIалэ цIыкIум елъэIуащ, пщэфIыпIэм ихьу фызыжьым иригъэунэщIыну.

Палко ар игъэзащIэщ, къигъэзэжри, мэзхъумэми фы-

зым къыжриIауэ хъуар щоджэным хуиIуэтащ. Палко и гущхьи къэкIынтэкъым щоджэныр абы хуиIуэтам апхуэдизу щыгуфIыкIыну. Ар къэтэджщ, хуэмвурэ стIолым бгъэдыхьэри, абы телъ тхылъ зыбжанэм зы къахихащ.

– Тхьэм и фIыщIэщ! Куэду къезгъэхьащ сэ мыпхуэдэ тхылъ, ауэ зэуэ щIэупщIэ иIэну сыщыгугъатэкъым.

Щоджэныр стIолым бгъэдэтIысхьэщ, тхылъыр къызэIуихри, япэ тхьэпэм тритхащ Палко и тхылъым кърииджыкIа дыдэр, нэгъуэщI гуэрхэри щIыгъужу. ИтIанэ и Iэхэр тхылъым трилъхьэри, Тхьэ елъэIуащ. Тэлай дэкIауэ фызыжьыр къыщIыхьащ, Палко къихьа матэр иIыгъыу. Матэр нэщIтэкъым.

– Полкорэ я дадэмрэ щхьэкIэ зыгуэр тIэкIухэр ислъхьэжащ сэ мыбы, – жриIащ абы щоджэным. – Мыр сыту хуабжьу уезэшагъэфэ. ТIэкIу зыбгъэукIуриямэ нэхъыфIтэкъэ? – жиIэурэ фызыжьым пIэр хуищIыжу щIидзащ.

– ТIэкIу дэкIмэ зызгъэукIуриинщ. Мыдэ Палко згъэкIуэтэжынщи... ЗдэкIуэжынур жыжьэщ, ежьэжмэ нэхъыфIщ.

ЦIыхуитI зэбгъэдэкIыныр апхуэдизу хьэлъэу игъащIэкIэ игугъэнтэкъым Палко! Ар хьэзырт къыщиуду гъуэгыну.

Бдэну сщIамэ, си щхьэкIэ сфIэфIыпсу сыкъэнэнт сэ уи деж, – жиIащ Палко, къигъэзэжауэ къыздэкIуэжым. – Уэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъу ухуейщ иджыпсту.

– Хьэуэ, ар хъунукъым! Фи дадэ уздэщыIэр имыщIэу, мэзхъумэм и фызри гузавэу къыппэплъэу, ар хъунукъым. КIуэж, ауэ ущIэмыпхъуэ. УкъэпщIэнтIауэ жьы къыпщIихужмэ, пыхусыху ухъунщ. Сэри, мис, нэхъыфI сыхъуа хуэдэу щытщ. ЗэрыпщIэщи, сэри си унэм Зиусхьэн Исус къезгъэблэгъащ., Сэ апхуэдизу сыщIызэхэуар, занщIэу Абы сыщIэгупсысатэкъыми аращ. Иджы сэ афIэкIа Ар зэи сигу изгъэхунукъым. ПщIэрэ, пщэдей фи дадэ хущIыхьэнумэ, кхъыIэ, си деж къэкIуэну схужеIэ;

зы Iуэху ин гуэр хузиIэщ сэ абы, – къыжриIащ абы щоджэным, щызэбгъэдэкIыжым щыгъуэ.

Палко къыщысыжам, кIыфI хъуат икIи дадэрэ Лессингрэ гузавэу ар къалъыхъуэрт. ЗдэщыIэр щажриIэм, ахэм я губжьыр зэуэ иракъухыжащ, езыри занщIэу кIуэри гъуэлъыжащ, хуабжьу езешати.

– Сыту пIэрэ щоджэныр сэ къыщIысхуейр? – егупсыст Юрига.

– И – и, Мартин?

– Тхьэм ирещIи, Палко бутIыпщу и деж щыбгъэIэн щхьэкIэ къопсэлъэну арагъэнщ, – жиIащ Лессинг, къызэхэуауэ. – Апхуэдэ зиусхьэнхэм я щхьэм зэпымычу зыгуэрхэр къозэрыхь. Палко сэ къызжиIащ, уэ дунейм уехыжа нэужь, езым деж фIэкIа IуэхутхьэбзащIэу нэгъуэщIыпIэ мыкIуэну псалъэ быдэ Iихауэ. Иджы, епIэщIэкIауэ, къолъэIуну арагъэнщ, упсэу щIыкIэ ептыну, сыту жыпIэмэ апхуэдэ нэгъуэщI щIалэ цIыкIу абы къыхуэгъуэтынукъым. Хуабжьу сынолъэIу абыкIэ арэзы умыхъуну. Пэжу, а щIалэ цIыкIум сэрэ дызэхамэщ, ауэ ар димыIэжмэ, сымыпсэужыфыным хуэдизщ си щхьэкIэ сэ. Зэм-зэми мыпхуэдэу согупсыс, си щIалэ цIыкIу кIуэдар сиIэжамэ, абы нэхърэ нэхъыфIу схуэлъагъуну къыщIэкIынтэкъым, жызоIэри.

– Умыгузавэ, – жи Юрига, и нэхэм нэпсыр къекIуауэ. – Сэ абыкIэ сыкъытрагъэхьэфын хуейкъым зэи. Сэри сытым сыщыщ, ар симыIэжмэ? Ухуейуэ, куэдрэ согупсыс, арауэ къыщIэкIынщ сэ Тхьэм сыхуэзышэфынур, жысIэурэ. А тыгъэр, дауи, пэкIуэжынут ар зэсшалIэу иджыри зэрыспIам.

Лессинг Юрига еупщIыну хуежьат къуажэм щыкIуэм щыгъуэ дэкIуэта Палко къыжриIахэмкIэ. Унэм щыщыIам ар абы куэдрэ егупсыст, ауэ мыбы щыIэщIэгъупщыкIауэ арат. АрщхьэкIэ абы ирихьэлIэу щIалэ цIыкIумрэ Лессинг и фызымрэ къызэщыуащ.

– НэкIуи дыгъежей, – еIущэщащ абы Юрига. – Зэран дахуумыгъэхъу мыбыхэм.

## МИШКО

Пщэдджыжьым жьыуэ Юрига гъуэгуанэ теуващ. НэгъуэщI Iуэху гуэрхэри щиIэт абы къуажэм. Ауэ псом япэ иригъэщу щоджэным деж щIыхьэну мурад ищIащ абы, хэт ищIэрэ, а Лессинг гурыщхъуэ зэрищIыр пэжрэ щIалэ цIыкIур зришэлIэжыну хэтмэ, ар зэрымыхъунур жриIэну.

Сенэм абы унэIутыр гъынанэурэ къыщыIущIащ. Къэхъуар сыт,жиIэу Юрига щеупщIым, мыпхуэдэ жэуап къритыжащ абы:

– Ныжэбэ къытехуэри щоджэныр хуабжьу сымаджэ къэхъуащ.

– Ар дауэ ухъу?! Дыгъуасэти ди щIалэ цIыкIур абы деж щыщыIар!

– КъызэрыщIэкIымкIэ, Палко уэ уи щIалэщ?! Ди щоджэным ар хуабжьу, елъагъу. Бгы лъапэм нэси игъэкIуэтэжа мыгъуэт а цIыкIур дыгъуасэ абы. ИужькIэ сыщыхуэзам, къызэлъэIуат Iэмал имыIэу нобэ уэ укъасшэу уIузгъэщIэну. Ауэ иджыпсту хьэлъэщи, си фIэщ хъуркъым къопсэлъэфыну. СыщIыхьэнщи сеупщIынкъэ езым, ауэ иджыпсту дохутырыр щIэкIыжа къудейуэ аращи.

– Сыт мыгъуэ апхуэдэу тхьэмыщкIэм зэуэ къыщыщIар? – щIэупщIащ Юрига игъащIаъгъуэу.

– Жэщым лъы куэд къижьащ. Ар зылъэгъуа и адэ шыпхъу тхьэмыщкIэр тхуэмыгъэувыIэжу мэгъуэри щысщ. Абы зэрыжиIэмкIэ, а узыр абыхэм я лъэпкъым къадокIуэкI игъащIэми. И шыпхъу нэхъыжь дыдэм къи-

щынэмыщIа, къыдалъхуауэ хъуар псори зэтелIащ; и анэ тхьэмыщкIэ мыгъуэращ а узыр къызыбгъэдихари.

Юрига къеджэу щIашэху, сенэм тетащ. ИтIанэ унэIут цIыхубзым къигъэзэжри къыжриIащ щоджэныр абы къепсэлъэну зэрыхуейр, ауэ куэдрэ зыщимыIэжьэну елъэIуащ.

„Сыту пIэрэ, ярэби, апхуэдизу сымаджэу пэтрэ, мыр сэ къыщIысху ейр?“ – жиIэурэ Юрига егупсысащ сымаджэм и Iэпщтырыр иIыгъыу гъуэлъыпIэм здыбгъурытым.

– Сыту фIыт укъызэрыкIуар, – жиIащ щоджэным макъ ехуэта дыдэкIэ. Хуабжьу къехьэлъэкIыурэ зэрыпсалъэр нэрылъагъут.

– Палко сэ къызэрызжиIамкIэ, ар Рацга и пхъум мэзым къыщигъуэтащ, Лессинг и щхьэгъусэми фIэкIуэда сабийр къелъыхъуэж. КхъыIэ, Лессинг фIыуэ еупщI щыфIэкIуэдамкIи, палко теухуауэ пщIэуэ хъуар уэри хуэIуатэ. Сэ къызэрысщхъумкIэ, а Лессинг фIэкIуэдауэ щыта щIалэ цIыкIу дыдэращ Палко. А цIыхубз тхьэмыщкIэми бэлыхьиблыр телъу афIэкIа къевмыгъэлъыхъуэ а сабийр.

Щоджэныр зы тэлайкIэ щым хъуащ. Ар хьэлъэу бауэрт, и нэри зэтепIат. Апхуэдэу тIэкIурэ щыта нэужь, ар къэпсэлъащ:

– Арат сэ бжесIэну сызыхуея. НэгъуэщI слъэкIынукъым. Зэрыплъагъущи, сэ хуабжьу сыхьэлъэщ. Зиусхьэн Исус гущIэгъу къысхуимыщIмэ, сэ схьыжын щыIэкъым. Хъуну щытмэ, а къысхуэнэжа тIэкIум Палко си деж щыгъэIэ. Абырэ сэрэ хуабжьу фIыуэ дызэролъагъу, сыту жыпIэмэ Тхьэм сыхуэзышар ращ сэ. Дыгъуасэ ар къэкIуауэ зэрыслъагъуу, куэдкIэ нэхъыфI сыхъуат. Фэ абы гу щыфхуэну зэман кIыхь фиIэнущ, ауэ мы сэ къысхуэныжа тIэкIум ар къысщIыгъуну къыспэвмыубыд!

– Сэ занщIэу, сызэрынъсыжу къэзгъэкIуэнщ ар,

щIыхь зыхуэсщI щоджэн, – жиIащ Юрига, и нэпсыр къыщIэмыжын щхьэкIэ ерагъкIэ зызэтриIыгъэу.

Зэуэ хьэфиз хъуа фIэкIа умыщIэну, гуауэм дунейр кIыфI щищIауэ, абы щоджэным я лъапсэри къуажэр и къибгынащ. ЛIыжьым гу лъитэртэкъым щхьэщэ къыхуащIурэ цIыху къэуIэбжьахэр къызэрыкIэлъыплъым. Абы и нэгум щIэтыр щоджэным и нэкIу фагъуэ узым зэхуишарт, и тхьэкIумэм имыкIри лъэIукIэ гъэнщIа абы и псалъэ гуапэхэрт: „Хъуну щытмэ, сылIэху тIэкIу Палко си дежщыгъэIэ!“

„Ей, Лессинг, Лессинг, – и щхьэ хужиIэжурэ Юрига кIуэжт, къуршым щыкIэрыхьэжам, – апхуэдизу узым игъэгумэщIрэ пэт, итIани ар Палкорэ дэрэ къытщIогупсыс. Ар дэ къыддэIэпыкъуну хуеящ, псом хуэмыдэжу – уэ. ЕрагъкIэ къыдришейуэрэ псалъэу аращ ар, итIани, мис, къызэпсэлъылIэну сыкъригъэшащ. Дэ – сыт? Дэ абы деж щIалэ цIыкIур щыдгъэIэнуи хуит тщIакъым!

„А Лессинг и щIалэ цIыкIур щыфIэкIуэдар къурш жыжьэхэрауэ щыжиIэм, ар Палкоуэ къыщIэкIынкIэ зэрыхъунур щхьэ сигу къэмыкIа рэт сэ, – егупсыст Юрига. – Сэ сызэригугъар мы гъэм е нэгъабэ яфIэкIуэдауэ арат абыхэм я сабийр. Палко сызэримыпхъурылъхур икIи сызэримыкъуэрылъхур зэ мыхъуми зэ жесIэну щхьэ сигу къэмыкIарэ сэ Лессинг? КъызэупщIауи щытат сэ ар, Палко уи къуэрылъху, хьэмэ уи пхъурылъху, жиIэри. Щоджэным къимыщIамэ, сэ абы игъащIэкIэ си акъылыр нэсынутэкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, Тхьэм дэ ауэ сытми дызэIуигъэщIакъым! Нобэ нэхъ фIэмыкIыу Лессинг жеIауэ гъэгуфIэн хуейщ абы и къуэр зэрымыкIуэдар. Сытуи куэдрэ сегупсыса сэ, а Лессинг и фыз тхьэмыщкIэр апхуэдизу зэзгъэщхьыр къысхуэмыщIэу. Къызэпачам хуэдэу зэщхьщ щIалэ цIыкIумрэ абырэ!.

Унэм узышэж гъуэгур зэи хуэмыдэжу нобэ кIэщIу къыщцыхъуащ Юрига. Лессинг хуихь хъыбарыфIым абы

пкъыщIи къыщIилъхьа, нэхъ щIали дэхъужа къыщыхъут.

„Дауи иджы къезгъажьэу ар абы сэ зэрыжесIэнур, – егупсыст Юрига, пщыIэм къыщыхуэблэгъэжам. Арщхьэкlэ пщыIэм бадзи щыдымтэкъым. – Лессинг и щхьэгъусэмрэ щIалэ цIыкIумрэ Iэгъэбэгу щыпэ кIуагъэнщ, – егупсысащ ар. – Лессинг и щхьэгъусэм? Ар Лессинг и щхьэгъусэ къудейкъым, ар – щIалэ цIыкIум и анэщ!“

ЩIэсхэу къазэрыхуэмызэжри нэхъыфIщ, ахъумэ зэраIуплъэу и нэпсыр кыфIекIуэнут абы.

Жыжьэ дыдэ IумыкIауэ лажьэу щыту Лессингым IущIащ ар.

– Сыту фIыт, къэбгъэзэжай, дадэ, – жиIащ абы. ЛIот щоджэныр къыщIыпхуейр?

– Ей, си щIалэ, – жэуап иртащ абы Юрига макъ кIэзыкIэ, – уи пыIэр щхьэрыпхыу щхьэщэ хуэпщIын хуейщ уэ цIыхум. Хуабжьу сымаджэ хьэлъэу сыIущIащ сэ абы. – Ныжэбэ, зэрыжаIэмкIэ, лъы куэд щIэкIащ. Абы сэ къызжиIащ Палко ар Тхьэм зэрыхуишар икIи ди гъащIэм кърихубыдэу дэ абы гуфIэгъуэ зэрыдэтлъагъунур. ИкIи къыдэлъэIуащ мы къипсэужыну тIэкIум Палко абы деж щыдгъэIэну. Сымыгъэпэжуи хъунукъым, си щIалэ, сэ ар къызэрызгъэгугъар. Абы дэ апхуэдизкIэ гуэпагъэ куэдыщэ къытхуищIащи, си фIэщ хъуркъым зэи хуэтщIэжыфыну.

– А псор щIыжыпIэр а кронипщI къуита мыгъуэра? – жиIащ Лессинг мыарэзы-мыарэзыуэ.

– Апхуэдэу хумыIэ, си щIалэ. Моуэ зы дакъикъипщI хуэдэ а уи лэжьыгъэр зэпыгъэу, мыдэ къэтIыси мы ныбжесIэнум къедаIуэ. ЗыгуэрхэмкIэ сыноупщIыну сыхуейщ сэ.

КъыгурымыIуэщауэ икIи зигъэгусагъэфэу Лессинг дадэм жиIар игъэзэщIащ: и уэщыр лъэныкъуэкIэ игъэ-

тIылъри удзыпцIэм хэтIысхьа Юрига къыбгъэдэтIысхьащ. ЛIоуэ пIэрэ мы лIыжьым нобэ димыгъэлэжьэну игу къыщIихьар?

Юрига апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэну къеплът щIалэми, мыдрейр „ЛIо апхуэдизу укъыщIызэплъыр?“ – жиIэу еупщIыным нэсат.

– Мартин, ипэжыпIэкIэ илъэс дапщэ хъурэ фи сабий цIыкIур зэрыкIуэдрэ?

Лессинг къэскIащ. Ар зыкIи пэплъакъым а нэхъ зыгъэгумэщI Iуэху дыдэмкIэ лIыжьыр къеупщIыну.

– Сыт уэ сэ абыкIэ укъыщIызэупщIыр?

– Ауэ сытми къэсщIэну сыхуейуэ арат. Сыщымыуэмэ, а сабийр уи щхьэгъусэм мы къуршми къыщелъыхъуэ. Догуэ, къигъуэтыжамэ, къыхуэцIыхужыну пIэрэт-тIэ ар абы?

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ. Апхуэдиз дэкIауэ дауэ къицIыхужын! – псори щыгъупщэжарэ и макъыр кIэзызу жиIащ Лессинг. – Абы къилъыхъуэжыр илъэсрэ ныкъуэрэ фIэкIа мыхъуарэ зы джанэ пIащIэ цIыкIу фIэкIа щымыгъыу фIэкIуэдауэ щыта сабийрщ. Иджы ар, псэууэ щытми, илъэсибгъум нызэрыхьэсащ.

Юрига тIэкIурэ щыму щытри, итIанэ къыпищащ.

– Уэ зэгуэр сэ укъызэупщIауэ щытащ, уи къуэрылъху ар, хьэмэ уи пхъурылъху, жыпIэри. Абы щыгъуэ ди псалъэр зэпаудауэ щытащи, иджы нэжысIэсыну сыхуейщ а щIалэ цIыкIур си деж къызэрыщыхута щIыкIэр.

Арати, Юрига къиIуэтэжащ Палко цIыкIум и къекIуэкIыкIа гъэщIэгъуэныр, Рацга Анна лъапцIэрэ щхьэпцIэу, зы джанэ пIащIэ цIыкIу фIэкIа щымыгъыу щIалэ дахэ цIыкIу гуэр къигъуэтауэ зэрыщытар. Абы гу лъитэрт Лессинг кIуэтэхукIэ нэхъ пIейтей къызэрыхъур, ауэ хъыбарыр зэпримыгъэудурэ жиIэжт.

Хыбарыр зэриухыу, Лессинг къыщылъэтри лIыжьым и Iэр итубыдащ.

– Сыт-тIэ иджы а хъыбарыр сэ къыщIысхуэпIуэтэжыр, – макъ кIэзызкIэ щIэупщIащ ар.

– КъыбгурымыIуауэ ара иджыри къэс? Догуэ, уи акъыл нэмысауэ ара уи къуэр хэтми, ар къыщылъыхъуэн хуейр дэнэми?

– Палко зи гугъу пщIыр? Ар си фIэщ хъуркъым! – жиIэри зимыщIэж жыхуаIэм хуэдэу щIым зэхиIубащ. Ми акъылым икIа фIэкIа умыщIэну ар гъырт икIи дыхьэшхырт.

Юрига зы тэлайкIэ абы еплърэ щыму щысащ. ИтIанэ и пыIэр зыщхьэри хщ, щхьэщэ хуищIри, Тхьэм елъэIуащ мы гуфIэгъуэр хуэшэчын хуэдэу Лессинг къару къыхилъхьэну икIи Палко къилъыхъуэжыну езыр ежежьащ. Абы игу зэуэ къэкIыжащ щоджэным и лъэIури зи псэр зыту телъыр къызэрыбгъэгугъа псалъэм уепцIыж зэрымыхъунури. Дунай щилъагъум, ар къэгуфIащ, Палкои жыжьэ зэрыщымыIэр къыгурыIуэри. ИкIи щыуатэкъым.

– Уа, си хъыдэз, – зыхуигъэзащ абы гуапэу цIыхубз щIалэм, – къэгъанэ иджы удз гъэгъа къэщыпыныр. Е, нэхъыфIыращи, мыдэ Палко сэрэ дыгъашхэ. Ар къуажэм мыкIуэу хъунукъым.

Ахэм я Iуэхур занщIэу къагъанэри, дадэм и унафэр ягъэзэшщIащ икIи сыхьэт ныкъуэ дэкIауэ къыщIэкIынтэкъым лIыжьым жиIар игъэзэщIэным Палко хьэзырыпс щыхуэхъуам.

– Щоджэным деж ущыIэ уэ, дадэ? – щIэупщIащ щIалэ цIыкIур темыгушхуащэу.

– СыщыIащ, си щIалэ цIыкIу. Ар хуабжьу сымаджэ хьэлъэщ икIи уэ къыпхузэш. Сэ ар къэзгъэгугъащ махуэ зыбжанэкIэ и деж ущызгъэIэну. Ауэ щыхъукIэ, сыт тщIэн, апщIондэху уэрыншэу дыпсэуныр къытхудэкIащ,

– О, дадэ, дадэ, – жиIэри щIалэ цIыкIум гуфIэу лIыжьым зришэкIащ. Езы лIыжьым и бгъэм щIикъузащ щIалэ цIыкIур.

– НтIэ, еуэ иджы, кIуэи, нэхъыфIыIуэу а щоджэным кIэлъыплъ!

ЩIалэ цIыкIур щIэкIыну ежьат, ауэ Лессинг и щхьэгъусэр абы зэуэ къыпэуващ.

– Дэнэ уздэкIуэр? Дэнэ мыр зыдэвгъакIуэр? – щIэупщIащ ар, шынагъуэр и нэгум иту.

– ГъакIуэ, си хъыджэбз, ар а зыдэкIуэм, куэд дэмыкIыу къигъэзэжынущ Палко! – жэуап къритащ абы Юрига.

– Си закъуэ сыкъэбгъанэу ара, Палко?

– Апхуэдэу дымыщIу хъунукъым, – жиIащ щIалэ цIыкIум, и нэхэм нэпсыр къекIуауэ.

– Дыгъуаси апхуэдэу зыщIыпIэ укIуащ. Сэ хуабжьу сошынэ, си Мишко ещхьу уэри къыумыгъэзэжынкIэ.

Iэмал имыIэу къэзгъэзэжынущ. Мы зэ закъуэм щоджэным деж сывгъакIуи... Ар хуабжьу къысхуэныкъуэщ сэ иджыпсту. ИтIанэ зэи сывбгъэдэкIынтэкъым.

– Еуэ-тIэ, щIэпхъуи кIуэ, Палко, къыщIэгуоуащ зи гум щыщIэхэр зи нэгум къиIуатэ щIалэ цIыкIум гу лъызыта лIыжьыр.

ЛIыжьыр хуейтэкъым Лессинг къэсыжу щIалэ цIыкIум къыIуууэну. Ар нэхъапэ гурэ псэкIэ хуэхьэзыр хъуауэ щытын хуейт и къуэ цIыкIу кIуэдар зэрыпсэум, псэууэ зыщIыпIэ щыIэ къудей мыхъуу, ар хуабжьу фIыуэ илъагъу мы щIалэ цIыкIур зэрыарам.

ЩIалэ цIыкIур пIащIэу ежьащ.

– Иджы, си хъыджэбз, уи щхьэгъусэм шэджагъуашхэ хуэгъэхьэзыр, ар куэд дэмыкIыу къэсыжын хуейщ! – жриIащ Юрига хуабжьу пIейтей къэхъуа цIыхубзым.

– Сыт Палко уэ абы щIэбгъэкIуар? – къеупщIащ ар лIыжьым нэщхъейуэ. – Сэ арыншэу сызэрымыпсэужыфынур умыщIэу ара?

– ЛІо ар мыбы щІэскІи щІэмыскІи. Арыншами, уэ фІыуэ плъагъукъым ар.

– Сэра зымылъагъур?! Хэт уэ апхуэдэу къыбжезыІар?! – къыхэкІиикІащ ар.

– Ар апхуэдизу фІыуэ плъагъур пэжу щытамэ, уи Мишко къэплъыхъуэныр щыбгъэтэжынт!

– КхъыІэ, Палко сэ къызэт, – жиІэри ар елъэІуу щІидзащ лІыжьым.

– УэстынкІэ уэстынт, ауэ уи Мишко и пІэ ибгъэувэну щытмэщ щостынур. Мишко кІуэдыпащ, ар зэи бгъуэтыдынукъым. Абы и пІэкІэ Палко уэстамэ, Мишко къэплъыхъуэныр щыбгъэтфнт?

– Щызгъэтынт, дадэ. Палко щысщІыгъум деж, сэ Мишко апхуэдэуи къэслъыхъуэркъым икІи сыгъыркъым.

– Мес, Лессинг къокІуэжри, гъашхэ!

„Еууей, тхьэмыщкІэ“, – егупсысащ Юрига, абы и нэкІу фагъуэмрэ зэрыгъар къызэрыпщІэ и нитІымрэ щаІуплъэм.

– Мартин! – еджащ абы и фызыр. – ПщІэрэ дадэ и Палкуо дэ къызэрыдитыр! ауэ зэкІэ зыщІыпІэ ІуэхукІэ игъэкІуауэ щыІэщ.

Лессинг и фызым ІэплІэ хуищІри и бгъэм ирикъузылІащ.

– Хъарзынэщ ар абы зэригъэкІуар, Ева, ауэ умыгузавэ, къигъэзэжмэ, ар дэ зэи зыщІыпІи дыутІыпщыжынкъым. Ар зи деж кІуа цІыхум дэ апхуэдизкІэ куэд хуэтщІэн хуейуэ ттелъщи, зэрытхуэпшыныжын щыІэкъым, нэгъуэщІ мыхъуми Палко тщхьэщырех а къалэныр.

НысащІэр псыхьэ зэрыкІуэу цІыхухъуитІым ІэплІэ зэхуащІащ.

– Рацга щымыпсэужкІэ, хуит сыкъэщІ си щІалэ цІыкІуми сэ насыпыншэми гуапагъэу къытхуэфщІам щхьэкІэ сынохъуэхъуну. Иджыпсту ар зыщІыпІэ зэ-

рыбгъэкIуам щхьэкIи сынохъуэхъу. Ар си къуэр зэрыарар къасщIэу апхуэдизу зи гуэныхь стелъым зэуэ сыIуплъамэ, си фIэщ хъунтэкъым си гур зэгуэмыудыну.

## „IЭНЭЩIУ, АУЭ...“

ЩIалэ цIыкIур зыщIэхъуэпсар къехъулIащ: ар аргуэру къыщыхутащ фIыуэ илъагъу щоджэным деж. Ауэ иджы зыкIи япэм ещхьыжтэкъым. Ахэм афIэкIа зэи къыщакIухьыжынутэкъым къурш лъагъуэ цIыкIухэм, дэпщынухэтэкъым къыр задэхэм. Япэ махуэхэм ахэр зэпсэлъэфагъэххэкъым, ауэ щIалэ цIыкIур гукIи псэкIи яхузарэзыт фIыуэ илъагъу щоджэным аргуэру бгъэдэсыну къабыл зыщIа Исус Хрпистоси ар къыпэзымыубыда я дади. Япэ махуэм дохутырыр хэтащ Палко унэм щIимыгъэхьэххэну, сыту жыпIэмэ ар сымаджэм зэран хуэхъуну къыфIэщIть. АрщхьэкIэ щоджэным ар имыдэу и Iэр къиширри, жиIащ:

– И гугъу умыщ! Палко, ар сэ си ныбжьэгъу цIыкIущ. Зэри щIынухэр жеIэ закъуэ, – абы псори игъэзэщIэнущ. Адрейхэм зыгуэр ящIэмэ, Iэмал имыIэу зэрыхьзэрий мэхъу, мыбы псори Iэдэбу егъэзащIэ.

Арати, Палко сымаджэм къыбгъэдэнащ. ИужькIэ дохутырри хущIнегъуэжакъым абы.
Палко, зэрыжаIауэ, унафэ къыхуащI псори хъарзынэу игъэзащIэрт. Куэд дыди къылъыстэкъым абы ищIэну: пIалъэ-пIалъэкIэрэ мыл кIанэ цIыкIу хуэшиин, щхьэгъубжэр зэIухын, зэхуэщIыжын – арат. ХузэфIэмыкIын гуэр щыIэмэ, – пщэфIапIэм кIуэуэ яжриIэн хуейуэ арат.

Псом нэхърэ нэхъ игу щызагъэр сымаджэм и гъуэлъыпIэм щыбгъэдэсым дежт. Щоджэныр узым нэхъ къыхигъэзыхь зэрыхъуу, абы и натIэм Палко и Iэ цIы-

кIухэр трилъхтьэрти, Тхьэм хуелъэIурт узыр нэхъ псынщIэ къыщищIыну.

Езы щоджэнри куэдрэ елъэIурт Тхьэм игъэхъужыну, иджыри хуэлэжьэну Iэмал къритыну.

– Сыт, нтIэ, Тхьэм жэуап къыщIыдимытыр? – егупсыст щIалэ цIыкIур. – Сэ хьэкъыу си фIэщ мэхъуди лъэIухэр абы зэрызэхихыр!

Щоджэныр щIалэ цIыкIум елъэIуащ Тхыгъэ ЛъапIэм* щыщ къыхуеджэну. Телъыджэ икIи гурыIуэгъуей гуэрт ар къызэджар...

– Сэ ар и лъабжьэу, пхъэм, мэкъум, хьэуазэм къыхэсщIыкIыурэ сыуIуащ, – жиIащ абы зэхэпх къудейуэ, – ауэ псори мафIэм илыпщIыжынущ. О, сыту пщIэншэу кIуа сэ мы си гъащIэр! Зыри къызэрымыкI, зыри зыхуэмей Iуэхум тезухащ. Сэ, дауэрэ хъуми, сыкъелауэ убж хъунущ, ауэ сыкъызэрела щIыкIэр хисхьэн-хисхьауэ мафIэм къыпэрахыжа пхъэдзакIэм хуэдэущ. ПщIэи, щIыхьи, тыгъи къыщыспэплъэркъым сэ абы. О, сэ иджыри зы гъащIэ къэспэужыну, а къэпсэужынум кърибыдэу сылэжьэну къысхуиухауэ щытамэ! Иджыпсту сылIамэ, сыт сэ, абы и Iуэхутхьэбзащ Iэ жыIэмыдаIуэу щытам, къызищIэнур?

Сымаджэм и нэхэр зэтрипIэри, плъыржьэр хъуа и нэкIухэм зэуэ нэпс пIащитI къытелъэдащ.

ЩIалэ цIыкIуми и нэхэм къекIуащ нэс.

„МафIэм къыпэрахыжа пхъэдзакIэм ещхьу... Ар гуэныхьхэм къелынущ, ауэ къызэрелынур мафIэм къыпэрахыжа пхъэдзакIэм ещхьущ. Аращ, мы уз бзаджэращ, а мафIэ хъужри. О, сытуи мафIэ гуащIэт икIи гущIэгъуншэт“ – жиIэурэ егупсыст щIалэ цIыкIур.

– Хуабжьу къарууншэ сыхъуа мыгъуэщ сэ, Палко, –

* Тхыгъэ ЛъапIэ – Св. Писание.

жиIащ пщыхьэщхьэ гуэрым щоджным. А жэщ дыдэми аргуэру лъы къижьащ. КIыхь-кIэщIми, нэху щыху дохутырыр абы къыбгъэдэмыкIыу бгъэдэсащ. Пщэдджыжьым ар нэхърэ нэхъ къарууншэ, а щIэдза щхьэнтэм хуэдэуи лъы щIэмытыж, фагъуэ хъуащ. Дауэ щымытми, щIалэ цIыкIур щыбгъэдыхьам, ар абы къыхупыгуфIыкIащ.

– Сэр щхьэкIэ умынэщхъей, си щIалэ цIыкIу! Сэ, плъагъукъэ, нэхъыфI сыхъуащ. Тхьэм и шыхуркIэ, афIэкIа узыр зэхэсщIэжкъым, тапхуэдизу къыхуэуэу щыта си джабэми щигъэтащ. Ауэ щыхъукIэ, тIэкIуи сыпсэлъэфынущ.

– КъоузыжIакъэ? Арамэ, дауи, Тхьэм ди лъэIур зэхихакIэщ икIи псори хъарзынэу зэфIэкIынщ.

– Аращ, Палко, Абы зэхихащ ди лъэIур. Мы жэщ кIуам ажалыр хуабжьу спэгъунэгъуащ сэ, ауэ Абы сыкъригъэлащ. Нышэдиби а И Псалъэ ЛъапIэхэмкIэ Абы сэ къызжиIар гъэщIэгъуэныщэщ. Къеджэ 2 Тим. 4, 8-м. Абы мыпхуэдэу итщ: „Иджы сэ схуагъэхьэзыр пэжыгъэм и Iэужь мис а пэжыр зи Iэщэ ХеящIэу Тхьэм къысIэщIилъхьэнур; си закъуэкъым ар зыхуагъэхьэзырыр. Ар лъысынущ Абы и Iуэхум дихьэхыу и щыIэныгъэр зи фIэщ хъу псоми“. Сэ ар къызэрызгурыIуэращи, пэжыгъэм и Iэужьыр, псапэ тыхьым хуэдэу, Христос фIыуэ зылъагъурэ Абы хуэпэжу щытахэм ялъысынущ, Абы, Христос, и пащхьэм къабзэу ихьэжыным щхьэкIэ. Мы сымаджапIэм сыкъыхишауэ щытамэ, о, сытым хкэдэу сыхуэлэжьэнут, сыхуэлIыщIэнут сэ Абы. Сэ сызэрагъэсарати, си псэр мыкIуэду къызэрезгъэлынур си IуэхухэмкIэ къэзлэжьыну сыхэтащ. Ауэ иджы, Тхьэм сриджэж хъумэ, сэ сыхуейтэкъым абы и пащхьэ нэхум IэнэщIу сихьэжыну.

Щоджэныр ерагъкIэ псэлъэфу арати, жиIэхэр зэхихын щхьэкIэ, щIалэ цIыкIум зигъэщхъыпауэ едаIуэрт.

ИтIанэ ар щIалэ цIыкIум елъэIуащ 61-нэ Дин уэрэдылъэм* щыщу япэ усэ сатырийм къыхуеджэну.

– Тхьэм и закъуэу сэ си псэр щыпсэхужыр; Абы и IэмыщIэращ си псэр зыIэщIэлъри“, – къеджэрт ар макъ лъахъшэ дыдэкIэ. – „А Зырщ сэ си быдапIэр, си хъумапIэр, си щыжакIуэр: мычэмыфэу сыщымыту, си щхьэр есхьэлIэнщ абы сытымкIи“.

О, сыту фIыт ар, палко! Ар апхуэдэу щытмэ, сэ ажалым сыпэщIэтыфынут.

Абы иужькIэ щоджэныр Iурихри тIэкIурэ жеящ.

А махуэм щыщIэдзауэ дохутырми адрейхэми я лъэIум зыри къикIыжакъым. Тхьэ хуелъэIуну къакIуэхэр къыщIигъэхьэрэ зыхуейр яхуищIэу щIидзэжащ. А хъыбарыр зы жьэм жьэдэкIым, адрейм жьэдыхьэурэ, псоми зэлъащIысри, цIыхуибгъу – цIыхуипщIурэ къыхуэкIуэхэу щIадзащ.

– Апхуэдэу куэдрэ упсалъэу щыттмэ, уэ уи IэкIэ зыбукIыжу аращ абы къикIыр, – жиIэурэ дохутырыр сымаджэм зэрегиер Палко зэхихт.

КхъыIэ, мы зыр къызжеIэт, дохутыр: зыми семыпсалъэу сыщылъмэ, къэспсэужынур сыт хуэдиз?

Ар жиIэри, дохутырым и Iэр щоджэным иубыдащ.

– Ар сэ бжесIэфынукъым, – жиIащ дохутырым, пэжыр жимыIэмэ нэхъ къызэрищтэр къапщIэу.

– Сызыхуэсакъыжыпэмэ, тхьэмахуэ зытIущ къэспсэужыну пIэрэ?

– Къэппсэужыфынущ. Армырамэ-махуэ зытIущщ.

– Тхьэм жыхуиIар хъунщ! Арыншами, сэ зыхуэзгъэхьэзырын хуейщ абы.

О, хуабжьу узыгъэпIейтей дакъикъэ гуузт ахIэр, зылъагъухэм я дежкIэ икIи псэухукIэ ар я нэгу щIэтынщ.

---

* Дин уэрэдылъэ – псалтырь.

– ЛъаIуэ, Палко, гъащIэ мыухыжым и лъагъуэр псоми езгъэлъагъуным щхьэкIэ Тхьэм къару къызитыну, – жриIащ абы зыбжанэрэ щIалэ цIкIум.

Палко къыжраIар игъэзащIэрт, Тхьэми дунейм ехыж и IуэхутхьэбзащIэм телъ бэлыхьыр и лъэкIыныгъэ мыкIуэщIыжымкIэ псынщIэ щищIырт.

– Зи псэр зыту щылъ сэ, фи щоджэным, жиIэр фи фIэщ фщIы: гъащIэ мыухыжыр фэ ыи дунеягъэ IуэхухэмкIэ къыфIуэлэжьынукъым; дингъасэ нэпцIхэри сэбэп къыфхуэхъуфынукъым фи псэр уэгум къыщыхутэнымкIэ куэдыкIейм фыкъригъэлын щхьэкIэ, и гъащIэр Голгофэ фэ фщIитри, Христос фщхьэщихагъэххэщ фэ а гуэныхьыр. Ар – дуней псом гуэныхьу телъым щхьэкIэ тыхь зызыщIа Тхьэ Щынэщ! Си гуэныхьхэр сэ абы сщхьэщихакIэщ, фщхьэщихынщ фэри фи гуэныхьхэр, И Деж фыкIуэ закъуэмэ!

Апхуэдэу къажриIэрт щоджэным цIыхухэм.

ЕтIуанэ махуэм абы къыхуашащ библме куэд икIи ахэр хуейуэ хъуам яритащ.

– Зыми зытревмыгъэз мыхэр, – жиIэрт абы. – Ар зи щыIэныгъэр хьэкъ Тхьэм и Псалъэщ. Зы сатыр дэвмыгъахуэу фыкъеджэ мы тхылъым, фIэщхъуныгъэ хувиIэу фыщыт икIи фыпсэу Абы жиIэхэм фытету! Апхуэдэу фыщытмэ, Тхьэм фигъэлъагъунщ щIыхь мыухыжым ухуэзышэ лъагъуэр, мис, сэ зэрызигъэлъэгъуам ещхьу. Сэ си гум хэсшакIэщ Исус. СыщIалэу солIэ, ауэ... О, фи фIэщ схуэщIащэрэт сэ сызэрынасыпыфIэр!

Абы жиIэр псоми я фIэщ хъурт икIи цIыхухэм ялъагъур зэрагъэщIэъгуэнур къахуэщIэртэкъым, сыту жыпIэмэ нобэр къыздэсым зыми илъэгъуатэкъым апхуэдэу насыпыр зи нэгум къищ сымаджэ.

Ауэ, хэти хуэмыдэу, Палко къыгурыIуэрт абы жиIэр. Я закъуэу къыщынэхэм деж, ар сымаджэр зэрылъ гъуэлъыпIэм гъунэгъу дыдэу етIысылIэрт, модрейри

къэIэбэрт, щIалэ цIыкIум и Iэр къищтэрти, щыжейкIи имыутIыпщу иIыгът. Ар щыму щыст, ауэ насыпым я нэхъ иныр и нэгум къищырт.

– Палко сэ си фIэщи хъужкъым А зэи дымылъэгъуам, дымылъагъуа пэтми, гурэ псэкIэ зэхэтщIам, апхуэдэу псынщIэу сыIущIэну.

О, – щэтащ щIалэ цIыкIур, – сыту фIыт сэри уэ пщIыгъуу сынакIуэ хъуну щытамэ!

– Хьэуэ, си щIалэ, уэ мыбы щыхуэлажьэ Абы, хъунщ жиIэху! О, сыт насыпыфIэу зыслъытэжынут сэ, къэзгъэщIауэ хъуар абы сыхуэлажьэурэ сыпсэуамэ! Зэгуэр уэри ун备скIэлъыкIуэжынущ сэ. ИкIи мис абы щыгъуэ къызжепIэжынщ цIыхухэр Тхьэм и Псалъэм еджарэ емыджарэ, абы итхэр гурэ псэкIэ къащтэрэ къамыщтарэ. Ауэ мы зэкIэ, уи уахътыр къэсыху, Тхьэм и Iуэхутхьэбзащ Iэ пэжу дунейм къытене!

# УАХ’ТЫ ТЕЛ’ЫДЖЭ

Тхьэмахуэ етIуанэ хъуат Палко фIыщэу илъагъу щоджэным деж зэрыщIэрэ. А зэманым къриубыдэу щоджэным и шыпхъур къэкIуащ, и дэлъху сымаджэм щIэупщIэну. Абы щIыгъуу къэкIуащ щоджэнцIыкIуу лэжьа гуэр. Сымаджэ хъуа щоджэным и къалэныр игъэзэщIэну арат ар къыщIагъэкIуар.

– НтIэ, иджы къысщIыгъун гуэр щыщыIэкIэ, кIуэ, си щIалэ, кIуэжи, фи къурш жьы къабзэм тIэкIурэ хэт, фи дежхэри зэгъэлъагъу, – жриIащ щоджэным Палко. – Ауэ блыщхьэм къэгъэзэж. Мэзхъумэм я унагъуэм щIэсу хъуами фи дадэ фIэхъупс гуапэ схуайхыж. ФIэхъус схуайхыж дунеягъэкIэ зэи сымылъагъужыну ди къуршхэми. Хэт ищIэрэ, уи „дыгъэ лъахэм“ укIуэ хъужыкъуэмэ, –

уигу къэгъэкIыж уафэ куэбжэ зэрыщыIэр, мис а пшэхэм адкIэ щыIэ уафэ куэбжэ зэрыщыIэр, мис а пшэхэм адкIэ щыIэ уафэ куэбжэмкIи цыдыхьэу куэд дэмыкIыу „дыгъэм и лъахэ“ дыдэм сэ сыкъызэрыщыхутэнур.

Сымаджэм щхьэщыт цIыхуу хъуар къэгъуэгащ, ар щызэхахым. Мыгъар Палко и закъуэщ.

АрщхьэкIэ ар гъащ иужьыIуэкIэ, япэ дыдэ щоджэным ар щыхуэза, фIыцIагъэ лъапIэм и гугъу щыхуищIа мэкъупIэ пыупщIагъащIэм иту щрикIуэм.

О сыту гуауэ ар, и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэр мыбы зэи къызэрымыкIуэнур! Зэи, зэи мыбдежым щыбгъэдэсыжыфынукъым ар, и лъэгуажьэхэм зыкIэрикъузауэ! О, сыту нэщхъейт икIи фагъуэт нобэ къуршхэр! Шэмэджым удзу итар пиупщIати, зы закъуэ нэхъ мыхъуми губгъуэм щыгъагъэу плъагъуртэкъым. Бзухэри зэщIэщымат, зы удзым телъэтыкIым, адрейм тетIысхьэу губгъуэр къэзылъэтыхьу щыта хьэндырабгъуэхэри плъагъужтэкъым. Езы дыгъэ дыдэми пшэ фIыцIэхэм захигъэпщкIуат. Уэшхым аргуэру зыкъызэщIищIэрт, ауэ Палко гу лъитэртэкъым абы. Ар гъыуэрэ кIуэрт. Асыхьэтым абы гу лъитащ, япэм щилъэгъуауэ щытам деж дыдэ лэгъупыкъуэ дахащэ куэбжэм ещхьыркъэпсу къызэрыщищIар. Нэпсыр зыщIэз и нэ цIыкIуитIымкIэ Палко еплъащ а лэгъупыкъум. О, сыту дахащэт ар! Сытуи телъыджащэу къыщIэкIыну абы адкIэжкIэ щыIэр!... Ауэ ахэр льъагэт, лъагащэт!

Палко псэкIэ зэхищIэрт, фIы дыдэу илъагъу щоджэныр дыхьэу а куэбжэр зэхуащIыжа нэужь, ар абы зэи, зэи зэримылъагъужынур. ИтIанэ ар абы, Исус Тхьэм деж, щыIэнущ. абы ишэнущ ар, дыгъуасэ Иуан и Инджылым къызэрыраджыкIам ещхьу, и IуэхутхьэбзащIэр Езым щIыгъурэ Абы пщIэрэ щIыхьу иIыхьу иIэр илъагъуу щытын щхьэкIэ.

О, фIыщэу слъагъу Исус, сышэ сэри Уи деж! – жиIэурэ

и Iэ цIыкIуитIыр и бгъэм щызэтридзауэ щIалэ цIыкIур. – Дауэ сэ си закъуэ мы дунейм сызэрытетынур, ар симыIэжмэ? ди дадэ жьы дыдэ хъуащ, Рацга, дадэ ещхьу ари лIэмэ, хэт деж итIанэ сэ сыфдэкIуэнур? Щоджэным сызэришэлIэжыну жиIауэ щытащ сэ икIи абы ар Iэмал имыIэу игъэзэщIэнут. Ауэ иджы дэнэ сэ сыздэкIуэнур? Уи фIэщ сыщI, Си къегъэлакIуэ, ар симыIэжмэ, сытетыжыну сыхуейкъым сэ мы дунейм. Адрейхэр зэрыхъунум сэ си Iуэху лъэпкъ хэлъкъым, сыту жыпIэмэ сэ зыми афIэкIа гурыфIыгъуэ къызитынукъым. ФIыцIагъэ лъапIэм зыгуэрхэр къиздэжыкIыу щытми, хэт иджы сэ дяпэкIэ зыхуэсIуэтэнур? Ар уэгум нэкIуэжа нэужь, Уэ Езым къоупщI хъунущ псэмкIи, икIи Уэ псори къыгурыбгъэIуэнущ абы. Хэт-тIэ сэ ахэр къысхуэзыIуэтэнури къызгурызыгъэIуэнури?

Щхьэзакъуэ къэна щIалэ цIыкIум и щхьэгум уафэр щыгъуагъуэрт, щыхъуэпскIырт.

Зэгуэрым апбы щоджэным къыжриIэжауэ щытащ Еле теухуа хъыбар.

Еле Тхьэм фIы дыдэу илъагъуу зэрыщытар, абы къыхэкIыуи мафIэр къызыпих гум мафIэр къызыпих шыхэр щIэщIауэ Езым деж ар зэрыдригъэшеяр. ЩIалэ цIыкIум къыщыхъут а гум и шэрхъ макъхэр зэхихрэ моуэ занщIэу уафэ куэбжэр къызэIукIыу фIыщэу илъагъу щоджэныр яшэну къэсауэ. Ауэ дыгъэр зэуэ къыкъуэкIыжри, куэбжэр хуэмурэ бзэхыжащ, арыххэуи „дыгъэ лъахэр“ зэщIищтащ мурыбэм. Пшэ фIыцIэ пытхъахуэхэм уэшх ткIуэпс закъуэтIакъуэхэр къахэткIу къудейуэ арат.

ЩIалэ цIыкIум щыгът щоджэным деж къыщыкIуэкIэ зыщитIагъэ кIэстумыщIэр. Арати, уэшхым зримыгъэуфэнщIын щхьэкIэ, абы зэуэ игъэзащ фIыуэ ицIыху бгъуэнщIагъымкIэ. БгъуэнщIагъым щынэсым, абы гу лъитащ къилъыхъуэIауэ имыцIыху гуэр абы зэрыщIэтым.

Илъагъум къигъэуIэбжьат апхуэдизкIи, Палко и гуауэри зэкIэ щыгъупщэжат.

– Сыт къэплъыхъуэр? – еупщIащ абы Палко.

ЩIалэ мыцIыхур щхъуртI жиIэу къызэплъэкIащ. Палко фIэхъус щрихым, къыхупыгуфIыкIри, абыи кърихыжащ.

– Къэплъыхъуэр сыт, жыпIа? КхъыIэ, пщIэуэ щытмэ, къызжеIэ: хэт мы бгъуэнщIагъым къакIуэ зи хабзер?

– Мыбы къакIуэри? – щIэупщIэжащ Палко, къэуIэбжьауэ. – Лессинг зэгуэр еъэкIуауэ щытащ, ди щоджэнри зытIущрэ щыIащ, ауэ афIэкIа къэкIуэжкъым, – нэщхъейуэ къыщIигъуащ абы. – ИтIанэ – сэ. Мыр сэ си бгъуэнщIагъщ.

– Си бгъуэнщIагъщ, жыпIа? – къеупщIащ абы щIалэ мыцIыхур, пыгуфIыкIыурэ.

Палко нэхъ набдзэгубдзаплъэу еплъащ абы. Ар ныбжькIэ щIалэт, IэщIагъэлI фащэ щыгът.

– Дапщэщ лъандэрэ мы бгъуэнщIагъыр уэ ууей щыхъуар, къозытари хэт?

ЩIалэ цIыкIур зы тэлайкIэ къызэфIэзэрыхьауэ щыта нэужь, и щхьэ сырыху цIыкIур къиIэтри жиIащ:

– ФIыцIагъэ лъапIэм мыпхуэдэу итщ: „Псори фыфейщ“. Щоджэным къысхуиIуэтащ сэ абы къикIыр: „Тхьэм дунейр зэрыщыту цIыхухэм яритащ“. Сэ Абы, Тхьэм, деж къыщыслъэIухуащ мы бгъуэнщIагъыр, икIи сэ мыр Абы къызитащ.

– Уэ сэ слъагъур ущIалэ губзыгъэ цIыкIущ, – жиIэри дыхьэшхащ щIалэр. – Си зиусхьэным сэрэ илъэсипI япэкIэ тхьэмахуипI нэскIэ дыщыпсэуауэ щытащ мы бгъуэнщIагъым дэри, ауэ Тхьэм деж къыщытлъэIухуэну дигу къэкIакъым.

– Фэри мыбы фыщыпсэуауи?! – еупщIащ Палко щIалэ мыцIыхум. – Сыт фэ мыбы щыфщIыр?

– Си зиусхьэныр сымаджэти, дохутырхэм мыбы къа-

гъэкIуауэ щытащ. Ар хуейт и Тхьэм дэщIыгъуу псэуну. Ауэ сэ сыкъыздищтауэ щытащ. А зэманым сэ абы и ныбжьэгъу гуэрым деж сыщеджэрт, зы илъэс фIэкIаи къысхуэнэжатэкъым седжэну. Арати, мис мы бгъуэнщIагъыр хэщIапIэ тщIащ. Тшхы ну дызыхуейуэ хъуар къуажэ гъунэгъухэм къисхырт. ПсэкIэ бауэу мыбы дызэрыщыIэр зыщIэ зы цIыху щыIэтэкъым. МафIи тщIыртэкъым дэ зэи, сыту жыпIэмэ шэ, щIакхъуэ, пхъэщхьэмыщхьэ-араттшхыр. Ди тепIэнри щIэлъынри жыглыц щабэрат. Уи фIэщ зэрыхъун, хъарзынэуи дыщыпсэуакIэ дэ мыбы. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъыфI хъуурэ кIуэрт си зиусхьэныр. Шэч лъэпкъи къытесхьэркъым, – къалэм кIуэжу и тхылъхэм яхэмытIысхьэжамэ, ар ноби псэун у къыщIэкIынт. Ауэ щIы фIыцIэжьыр унапIэ хуэхъуакIэщ а тхьэмыщкIэм.

Иджы сэ – сыIэщIагъэлIщ, дунейр тIэкIу къызэхэскIухьыну мурад сщIати, сигу къэкIужри сыкъыщIыхьащ, ярэби, си зиусхьэным къигъэнауэ щыта тхылъыр щIэлъыжу пшIэрэ, жысIэри. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, ар мыбы щIэлъыжкъым. зыгуэрым къигъуэту ихьауэ къыщIэкIынщ. Дауи, ар къызыгъуэтар абы къеджащ и щIэдзапIэм зэритам ещхьу, зы сатыри димыгъэхуу.

ЩIалэ цIыкIу р зэуэ цIыплъ къэхъуащ.

– Мис а зи гугъу пщIыр? – жиIащ абы, тхылъыр и гуфIакIэм къыдихыурэ. – Уи зиусхьэным мурадыфI иIэу къигъэнат ар, дауи?

– Сыгъэлъагъут мыдэ! Сыту и хуабжьу укъуея мыр, лIэун! Уэ, дауи, мыбы къыщыбгъуэтащ мыр?

БгъуэнщIагъ щIыхьэпIэм деж щетIысэххэри, Палко жриIэжу щIидзащ.

– Плъагъуркъэ, дэ зы сатыри дэдмыгъэхуу дыкъеджащ мыбы, дыкъызэреджам и фIыгъэкIи Зиусхьэн Исус Христос фIэщхъуныгъэ худиIэ хъуащ икIи къэдгъуэтащ „дыгъэм и лъахэ“ дыдэм ухуэзышэ лъагъуэр.

Догуэт, уи зиусхьэнми къимыгъуэтагъэхэу пIэрэт а лъагъуэр?

– О, ар абы ицIыхуу зэрыщытам хуэдэу зыцIыхуу щыIаур си фIэщ хъункъым.

– НтIэ, дунейм ехыжа ар? Ауэ щыхъукIэ, мафIэр къызыпих шыгум ису абы уэри укъибгъынащ икIи иджыпсту абы елъагъу Исуси „дыгъэм и лъахэ“ телъыджэри? Ди щоджэныр дунейм ехыжмэ, ахэр абы Iэмал имыIэу щызэхуэзэнущ. Сэ, Тхьэм жиIэм, ди щоджэным селъэIунщ, абы хуэзэмэ, фIэхъус схурихыжыну, мы тхылъыр, укъызэреджэн хуей щIыкIэхэри итыжу, къызэригъэнам щхьэкIи схуехъуэхъужыну.

ЩIалэм и нэпсыр щIилъэщIыкIащ.

ТхьэхужыIэу жыIэт, уэрэ пцIыхукъэ а лъагъуэр, – еупщIащ абы Палко.

– Сэри? Хьэуэ, си щIалэ! уэ пхуэдэу абы жиIэм седаIуэурэ седжамэ, сызэджэм фIэщхъуныгъэ хузиIэу гу лъитамэ, мы тхылъыр си зиусхьэным къызиты ну къыщIэкIынт мэ, – мис итIанэ а лъагъуэри къэзгъуэтынт. Ауэ сэ щIэх дыдэу къеджэн щызгъэтыжри фIэщхъуныгъи симыIэж хъуат, – жиIащ щIалэщIэм.

– Ар дауэ плъэкIа уэ? – игъэщIагъуэу еупщIащ абы Палко, – Дауэрпэ мыхъуами, иджы ухущIегъуэжауэ къыщIэкIынщ абы уэ? ИкIи а лъагъуэм лъыхъуэн зэрыщIэбдзэжынум шэч жэлкъым? Егупсысыт, дауэт а уи зиусхьэныр зэрыхъунур, сытыт ди щоджэнми ищIэнур, Исус ухуэзышэ лъагъуэр къамыгъуэтауэ щытамэ?... Хъунщ-тIэ, иджы сэ сыкIуэжынщ, дадэ къызожьэ. Ухуеймэ, Лишкэ сыпхуелъэIунщ я деж нэху укъыщригъэкIыну. ИтIанэ хущIыхьэгъуэ уихуэнщ уи зиусхьэным укытхутепмэлъвхьыну. ди дадэрэ абы и ныбжьэгъу Лишкэрэ арыншами куэд щIауэ егупсыст, мыбдежым мыпхуэдэ тхылъ къыщызынар къахуэмыщIэу. Мы тхылъми зэритщи, нахуэ мыхъужу зы щэхуи щыIэкъым.

– Абы и закъуэкъым. Псом нэхърэ нэхъ пэжу къыщIэкIар си зиусхьэным къытригъэзэжурэ жиIэу мы псалъэхэрщ: абы жиIэрт Тхьэм и Псалъэхэм зэи пщIэншэу Езым деж къызэрамыгъэзэжыр, атIэ Абы и гупыжхэр зэрагъэзащIэр, А зэрыжаIам фIимышу Iуэхур зэрыхъур – жиIащ щIалэм, хэгупсысыхьауэ.

Апхуэдэу зэдэуэршэрурэ ахэр пщыIэм къэсащ. Палко апхуэдизкIэ псалъэмакъым хилъэсати, Дунай гуфIэжрэ банэу къыбгъэдэмылъэдамэ, пщыIэм блэкIыным иIэжар зы мащIэщ.

– Хъунщ, хъунщ Дунай! Арыншами,сощIэ сэ уэ фIыуэ сыкъызэрыплъагъур. Къэгъанэ укъыздэфыщIеиныр, си кIэстумыр быуфIеинущ. А узэрыщыту укъэнэжынущ уэ сэ слъагъур дапщэщи.

Абы жиIар къыгурыIуа хуэдэ, Дунай пщыIэмкIэ игэзащ, Палко къызэрыкIуэжар Лессинг и щхьэгъусэм жриIэн фIэкIа умыщIэну. О, сытым хуэдэу гуфIэгъуэшхуэт ар!

ЩIалэ цIыкIури нэхъ нэфIэгуфIэ къэхъужащ, псори къыщыгуфIыкIыу къыщыпежьэм.

Лессинг дэстэкъым; пщыIэм щIэсыр дадэ, Лишкэ, Лессинг и щхьэ гъусэм сымэт. ЦIыхухъуитIым хуабжьу ягъэщIэгъуащ, Палко „дыгъэм и лъахэ“ къыщыIущIар щалъагъум.

Лессинг и фызым хьэщIэм шхын къыхутригъэуващ, Лишки пIэ хуищIыжащ. Абы аргуэру жиIэжын хуей хъуащ и зиусхьэным теухуа хъыбар, зэрызэдэпсэуауэ щытар; жыпIэнуракъэ, абы ехьэлIауэ ищIэу хъуар. ЯфIэгъэщIэгъуэн дыдэу едэIуащ модрейхэри абы жиIэм. Мы иджыпсту зэхахахэм иужькIэ, а бгъуэнщIагъым къыщагъуэта тхылъыр нэхъри нэхъ лъапIэу къащыхъуащ абыхэм.

Пщыхьэщхьэшхэр хьэзыр хъуакIэт, Юрига мыпхуэдэу щыжиIам:

– Палко, Лессинг хьэлъэ телъу къигъэзэжу къыщIэкIынущ ныщхьэбэ, мо Лишкэхэ нэс упежьэу удэIэпыкъуамэ, ягъэ кIынтэкъым. НэгъуэщI мыхъуми, и уэщыр къэпхьыжынщ.

ЩIалэ цIыкIур зэуэ къыщылъэтащ, Нобэ ар хьэзырт дадэ сыт къыжриIами игъэзэщIэну, сыту жыпIэмэ, зэи хуэмыдэжу, ар абы нобэ къыхуэгуапэт. Дауэ и закъуэтэкъым-Лишки нобэ хэхауэ гуапэ дыдэу къыхущытт абы. Палко къыгурыIуакъым абы и щхьэусыгъуэр, ауэ дауэ мыхъуами, абы иригуфIэрт. ЩIалэ цIыкIум къыгурыIуащ,0 щоджэныр ехыжми, ар и щхьэзакъуэ и лъакъуитIу къызэрытемынэнур. Дадэ хьэщIэм жриIащ, Лессинг къэсыжмэ, дунейм ехыжа и зиусхьэным теухуа хыбарыр абыи жриIэжын зэрыхуейр.

– ИIэ, си щIалэ, пежьэ абы, – жиIащ Лишкэ икIи и нэпсыр щэхуу щIилъэщIыкIащ.

Палко щIэкIащ. Ауэ Лишкэ и пщыIэм нэс дэлъ гъуэгуанэм м зэхуэдитIри имыкIуауэ, щIалэ цIыкIур Лессинг Iууащ. Ар гупсысэ хьэлъэм хэту къыпщыхъут.

– Уи пщыхьэщхьэ фIыуэ!

– А – а, уэра мыр, Палко?! – жиIэри Лессинг уэщыр Iэпыхуащ. А уэщым фIэкIаи иIыгъткъым абы.

– Сэращ-жиIэри абы и IIэ щабэ цIыкIур трилъхьащ Лессинг и Iэ лэрыгъум щIигъэнам.

– ЗыгуэркIэ сыбдэIэпыкъунщ, жысIэри сыкъыппежьауэ арат сэ, ауэ уэ зыри пIыгъкъым.

– СIыгът, ауэ, тIэкIу хьэлъэIуэти, Лишкэхэ щызгъэтIылъащ.

– ЩIалэ цIыкIум и Iэр зэриIыгъым хуэдэу ахэр къежьэжащ.

– Мартин, – жиIэри щIалэ цIыкIум къригъэжьащ, Лессинг зэуэ щым щIэхъуар къыгурымыIуэщауэ. – Сыт уи лажьэр? Зыгуэр къэхъуауэ ара, хьэмэ усымаджэ?

– ЛIо апхуэдэу къыщIыпщыхъур?

– СщIэркъым, зыри жыпIэркъыми... Уи жагъуэ умыщI апхуэдэу зэрыжысIэм щхьэкIэ, ауэ нобэ зыгуэрурэ ущытщ уэ. Адрейхэриапхуэдэщ, къызгурыIуэркъым.

– ПщIэрэ, палко, – жэуап къритащ абы Лессинг, жыглыц щабэ зытет къыр дзакIэм тетIысхьэурэ, – къэтIысыт моуэ, тIэкIу сешащ сэ. Мыбдей дыщысурэ сэ ныбжесIэжынщ уэ ущымыIэху мыбы къыщыхъуа псори.

Ар жиIэри, Лессинг и макъыр зэуэ къэкIэзызащ.

– Сыт къыфщыщIами, фэ зыгуэр къыфщывщIащ. Ар къызгурыIуащ сэ занщIэу.

– Ущыуакъым, си щIалэ. дауэ къыпщыхъурэ: икIэм-икIэжым си Мишко къэзгъуэтыжащ сэ!

– О, сыт жыпIэр! – гуфIэгъуэр иIэу къыхэкIиикIащ Палко. – Дэнэ, дапщэщ? КхъыIэ, псори зэрыхъуар къызжеIэжыт, – лъэIуащ ар.

Лессинг ерагъкIэ зызетриубыдащ. Ар хуабжьу хуейт щIалэ цIыкIум хуищIу и бгъафэм щIикъузэну. Ауэ и гупыжыр ирикъухри, хьэлъэу щэтащ.

– Хъунщ-тIэ, и пэм къыщыщIэдзауэ икIэм нэс бжесIэжынщ сэ ар. Рацга лIыжьым ипхъу Аннэ укъигъуэтауэ зэрыщытар, си щхьэгъусэм ди щIалэ цIыкIу кIуэдауэ щытар нобэми ныжэбэми къызэрилъыхъуэр щоджэным хумыIэжауэ щытамэ, сэ зэи къысхуэщIэну къыщIэкIынутэкъывм си щIалэ цIыкIу тхьэмыщкIэр здэщыIэр. Уэ зэрыпщIэщи, ди дадэ иригъэблэгъауэ щытащ щоджэным. Абы лIыжьым къыжриIащ, дадэ сэ къызжиIэжри, мис ар и щIыкIэу илъэсибл лъандэрэ тфIэкIуэдауэ къэтлъыхъуэж си щIалэ цIыкIу Мишко къэзгъуэтыжащ. Ауэ уэри жыпIэр захуэщ: япэ щIыкIэ ар зэрысфIэкIуэдауэ щытар жыысIэжын хуейщ сэ.

Палко зэхимыхами нэхъ къищтэнт апхуэдэ хъыбар гууз. ЛессингжиIэжт езым и псэукIам теухуа хъыбар гущыкIагъуэ дыдэхэр, абы къыхэкIыуи щIалэ цIыкIур хуабжьу нъщхъей къэхъуат. Сыту тхьэмыщкIэт а Лес-

синг и щхьэгъусэр! Ара мыгъуэти ар и акъылым щIикIар: гуауэшхуэм зэщхьэщихуауэаращ. Ауэрэ, Лессинг жиIэж хъыбарыр абы зэгуэр зэхиха хуэдэу къыщыхъуащ: къуршым къыщигъуэтри, фыз гуэрым Мишко зришэлIащ. „Сэ си Iуэхур къызэрекIуэкIам ещхьыркъэпсщ“ – егупсысащ ар. А щIалэ цIыкIури, сэ сэщхьыркъэпсу, зы лIыжьым IэщIэкIри адрейм IэщIыхьащ. Тхьэм и фIыщIэкIэ цIыху гуапэхэм зрашэлIащ. Ахэр здыжиIэм, Лессинг зэуэ щым къэхъуащ, адкIэ къыпищэнур имыщIэ хуэдэ.

– НтIэ, а щIалэ цIыкIур етIуанэ дадэм деж иджыри щыIэ, Мартин? – щIэупщIащ хуэмышэчыжу щIалэ цIыкIур.

– ЩыIэщ, Палко, – жиIащ Лессинг, кууэ щатэри.

– НтIэ щхьэ фэ зэвмышэлIэжрэ ар, и анэ тхьэмыщкIэм апхуэдиз бэлыхь тевмыгъэлъу?

– ПЩIэркъэ, Палко, иджыпсту сэ абы Iей лъэпкеъ схуемыщIэну си гур хуэмыгъуэ хъуа щхьэкIэ куэдыIуэ къытезгъэхьауэ щытащи, адэу сыкъищтэну пIэрэ, жызоIэри абы срогузавэ. Абы лъандэрэ зы ткIуэпс зыIуслъхьакъым сэ. Мы къыршхэм сэ къыщызгъуэтащ Зиусхьэн Исус икIи Абы сэ къысхуигъэгъуащ, а храмым щIэта налогхэхым хуигъэгъуауэ зэрыщытам хуэдэу, ауэ си къуэм а сызэрыщыта дыдэу сыкъыщыхъуу къыщIэкIынущ сэ. Абы ещIэ сэ аркъурш щIыпIэ жыжьэм схьыуэ си зэранкIэ абы къызэрыщыхъуар, хамэм яхэтрэ анэ гуапагъэ жыхуаIэр имыщIэу. Си деж и гур щимыгъэтIылърэ зыспыIуидзу щIидзэмэ-дауэ? Дадэ деж абы насып щегъуэт, сыту жыпIэмэ есащ. Сэ сыт – пхуэмыIуэтэным хуэдизу фIыуэ слъагъу щхьэкIэ, абы дежкIэ хамэ хуэдэу сыхъуащ.

– О, апхуэдэу жумыIэ икIи уемыгупсыс. – Iэмал имыIэу зэшэлIэж. Зиусхьэн Исус и IэмыркIэ къосэжынщи фIыуэ укъилъагъунщ. Уи щхьэгъусэм сэрэ

мащIэрэ Абы делъэIуа дэ ар къэдгъуэтыжыну. СИ псэм ищIэрт сэ ар зыгуэрым зэрызэришэлIар. А ди лъэIур зэхихыу ар къыщывигъэгъуэтыжакIэ, адреймкIи фигъэщIэхъункъым фэ Абы. Умыгузавэ закъуэ уэ!

– НтIэ, Палко, мыр къызжеIэт: ар уэрауэ къыщIэкIауэ щытамэ,укъысщышынэнтэкъэ? – еупщIащ абы Лессинг, зыкъызэкъуихри. – Арэзы ухъунт уэ, дадэ къэбгъанэу ди гъусэу унэкIуэну?

ЩIалэ цIыкIур цIыаплъ къэхъуащ, кууэ щатэри, и Iэ цIыкIур и щхьэм щIэгъэкъуауэ зы тэлайкIэ хэгупсысыхьащ.

– ЗыспыIубдзынтэкъэ, Палко? зы тIэкIунитIэ нэхъ мыхъуми фIыуэ сыкъэплъагъуфынут? – еупщIащ щIалэ цIыкIум Лессинг, IэплIэ хуищI щIыкIэу зришалIэри.

– Хьэуэ, зыппыIуэдзынтэкъым, сыту жыпIэмэ, сэ уэ фIыуэ узолъагъу.

– Сэ сызэрымыцIыхуфIыр пщIэ пэтми, фIыуэ сыкъеплъагъууи?

– Апхуэдэу жумыIэ, Мартин, си щхьэкIэ гуауэщ сэ ар зэхэсхыну, – жиIэ-ри щIалэ цIыкIур Лессинг елъэIуащ, и Iэр и жьэм Iуилъхьэри. – Зэгуэрым щоджэным фIыцIагъэ лъапIэм сыкъыздыхуеджэм, сыхуэзауэ щытащ цIыхухэр зэрызэхуэмыдэм, ауэ адкIэIуэ мыпхуэдэу итт: Мис апхуэдэу щытащ фэ фщыщ гуэрхэр, ауэ иджы фэ фыапхуэдэжккъым. Щоджэным сэ къызжиIауэ щытащ, Тхьэм деж къызэрыкIуэу псори а налогхэхым хуигъэгъуауэ икIи а махуэм къыщыщIэдзауэ а налогхэхыр нэгъуэщI цIыху хъуауэ зэрыщытар.

– Ауэ уэ егупсысыт, палко: си щIалэ цIыкIур уэрауэ щытамэ, къысхуэбгъэгъуфынт а гуэныхь стелъыр?

– Пхуэзгъхэгъунуи? Сыт пхуэзгъэгъунур? – щIэупщIащ щIалэ цIыкIур къэуIэбжьауэ.

– Догуэ, сэ стелъ а гуэныхьхэракъэ уэ хамэ цIыхухэм уапIурэ ада-анэншэу укъыщIэхъуар?

– Сэ уэ ар пхуэзгъэгъуфынут, Мартин, ауэ... – щIалэ цIыкIур Лессинг и IэплIэм къикIыжри, зэуэ къызэфIэуващ.

– Сыт а псори сэ къыщIызжепIэр? Сэ сурикъуэ уэ?

– Лессинг и нэкIур и IэгухэмкIэ зэхуищIри, зы тэлайкIэ щыму щысащ.

– Мартин, – жиIэщ, и бгъум деж щетIысэхри, щIалэ цIыкIум и щхьэр абы и дамэм тригъэщIащ, – догуэ, жыIэт: сэ фэ сывикъуэ?

– Узикъуэщ, сми щIалэ цIыкIу, узикъуэщ! О, сыту сэркIэ хьэлъэ а псор къэсIуэтэныр.

Ар жиIэщ, къыщыщлъэтри, абы щIалэ цIыкIум и натIэм, и Iупэм, и нэхэм, и нэкIущхьэ цIыкIуитIым ба хуищIу щIидзащ.

– Си щIалэ цIыкIу! ФIыщэу слъагъу, си щIалэ цIыкIу!

– Умыгъ, Мартин! – жиIэм, зыкIэрикъузэурэ елъэIут абы щIалэ цIыкIур. О, сыту игъащIэми зэхимыщIа гурыщIэ гъэщIэгъуэныщэхэм ягъэнщIат, иджыпсту абы и гу цIыкIур!

– Сэ уэркIэ афIэкIа сы-Мартинкъым, си адэкIэ, папэкIэ къызэджэ, зэ закъуэ мыхъуми къызжепIэу зэхэзгъэх апхуэдэу. Къызэджэ папэкIэ, къызжеIэ мыпхуэдэу: „Си папэ!“

– Папэ! ФIыщэу слъагъу си папэ! – жиIэри нэпс пщтырыр щIалэ цIыкIуи и нэкIум къытелъэдащ.

Иджы ар щIэгузэвэн щыIэжтэкъым, дадэ дунейм ехыжа нэужь, здэкIуэным щхьэкIэ: абы иIэжт езым и папи, и мами. О, сыту гущIэгъулы-тIэ мы Зиусхьэн Исус!

Юрига сымэ хуэмышэчыжу къапэплъэрт абыхэм. Ауэ я Iэр зэрыIыгъыу ахэр пщыIэм къыщIыхьэжу я нэкIухэр мафIэм къыщигъэнэхуам Юрига лIыжьым къыгурыIуащ зэадэзэкъуэ хъужауэ ахэм къызэрагъэзэжар икIи куэд зыгъэунэхуа лIыжьым и гур къигуфIыкIащ.

ЩIалэ мыцIыхум зи тхьэкIумэр тегъэхуауэ къедаIуэ-

хэм къажриIэжу щIидзащ дунейм ехыжа и зиусхьэныр цIыхуфI дыдэу зэрыщытам теухуа хъыбар. Абы едэIуахэм зэи ягу ихужы ну къыщIэкIынкъым а зэхахар. Езы щIалэми зэи щыгъупщэну къыщIэкIынкъым кIуэду къагъуэтыжа щIалэ цхыкхум теухуауэ Лессингрэ Юригэрэ къыжраIэжахэр.

– ПщIэрэ, Палко? – жиIэрт абы гуфIэурэ, – ар мис ав къызжепIэжауэ щыта таурыхъым ещхьыркъэпсщ: и адэр къилъыхъуэжурэ, пащтыхьыкъуэм „дыгъэм и лъахэри“ къигъуэтауэ, и адэри къигъкэтыжауэ щытащ. Ещхьыркъэпс хъуащ уэри уи Iуэхур.

## „ДЫГ’ЭМ И Л’АХЭМ“ УИЗЫШЭ Л’АГ’УЭ ТЕЛ’ЫДЖЭР

А гъэм зэи хуэмыдэжу бжьыхьэр пасэ дыдэу къихьат. ПасэIуэу щIыIэр къеуэри, удз закъуэтIакъуэ къэнахэри игъэщтат. Бзухэми щагъэтат я бзэрэбзэныр. ПцIащхъуэхэр щIыпIэ хуабэхэм лъэтэжри гъэмахуэри зыдихьакIэт. КъуанщIэ фIыцIэхэм я закъуэт телъаджэ хъуа бгыхэм ящхьэщыту зи макъ зэхэпхыр. Жыгхэм яхэтт гъуэжьыфэ-плъыжьыфэ фащэр зэкIэ зыщызымыхахэри, адрейхэр пцIанэт, жыгхэм яч лъабжьэми, алэрыбгъум ещхьу, пщIащэ гъужахэр щIэлът.

Щымрэ зеиншафэу зэхэт а бгыхэм я зэхуакум дэкIт Юрига Палко. И цIэ дыдэр ящIэ щхьэкIэ, нобэр къыздэсым цIыхухэр абы къызэреджэр апхуэдэут. Зэуэ щIыIэ къыщыхъум, тхьэмахуэ кIуам зыкъащтэри ахэр къуажэм Iэпхъуэжат, ауэ мо пIащIэу здэIэпхъуэжым, дадэм къыщыгъупщат и брур. Мис ар ихьыжыну арат. Палко къыщIэкIуари, гугъу лъэпкъ демыхьу къигъуэтыжащ.

Къуршхэр пэж дыдэу щымт. ПщыIэу хъуар нэщIт, зы цIыхуи илъагъутэкъым. АрщхьэкIэ тхьэкIумэкIыхьхэр, зыщышынэ лъэпкъ щымыIэу, зэхэзежэрт, кIэпхъхэри зы жыгыщхьэ илъым, адрейм лъэуэ тестхIэт.

Ауэ щIалэ цIыкIум а псом гу лъитэртэкъым. Абы и нэкIу тхъуэплъ цIыкIур апхуэдизкIэ зэхэуфати, илъэс мин бжыгъэкIэрэ къекIуэкI пащтыхьыгъуэщ щыщу дыгъужьхэр, аслъэнхэр, щомыщхэр, щынэхэр, чыцIхэр зыгъэхъу щIалэ цIыкIум и сурэт щащIкIэ, хъарзынэу абы къытепщIыкI хъунут. Дуней псом унафэ хуэзыщIынур щIыхь зиIэ Дунейпсо Пащтыхьырщ, икIи щIыгум лъэпкъыу тетым ягъэлъэпIэнущ ар. Абы и Унафэм здыщIэтым, цIыхухэм зыщагъэужынущ зэуэкIэм зыхуегъэсэным, джатэуи бжыуи пхъэщIэщэ ящIыжынущ, щIыгум нэхъыфIу телэжьыхьын щхьэкIэ. ЦIыхум ялъ афIэкIа щызэщIимыфынукIэ, щIыгум гъавэ бэв дыдэ къитынущ, Тхьэм и IэмырымкIи гъэнщIа хъунущ мы дунейр.

Сытыт Палко зыщIэгупсысхэр? О, абы къебэкIыжу иIэт зыщIэгупсысынур. Абы и нэгум щIэкIыжащ гъатхэмрэ мы бжьыхьэмрэ я зэхуакум къэхъуа къомыр.

СыткIэ пщIэнт абы къэзылъхуа и адэр къигъуэтыжыну – ари ауэ сытми адэ куъудейт – дэтхэнэ щIалэ цIыкIури зыщIэхъуэпсым хуэдэ адэ! И дадэр-щэ?! Хъуанэти-пIанэти жыхуиIэхэр хэмылъыжрэ Исус Христос зримыусыгъуэджэу къадэпсэуным хуэдэу лIыжь щыпкъэу! А псом и щIыIужкIэ, сыткIэ и фIэщ хъунт абы анэ иIэну, ари мы дунейм анэу тетым нэхърэ нэхъ гуапэу! Ар нэгъуэщI хъуат. И акъылым къихьэжат, япэм ещхьу дэкIыурэ зигъэкIуэдтэукъым. О, Зиусхьэн Исус зэхихащ абыхэм я лъэIур икIи узыншэ яхуищIыжащ.

Тхьэмахуэ кIуам щыщIэдзауэ щIалэ цIыкIум и гъащIэм къыхэхъуат аргуэру зы цIыху гуапэ. Ар – абы и анэшхуэр, Лессинг и анэрат. Сыту фызыжь гуапэт ар!

Иджыри къигъуэтат дыгъэр зэи щыкъуэмыхьэж лъахэм ухуэзышэ лъагъуэр зригъэлъагъун цIыху.

Адэр тхьэмахуищкIэ унэм дэсщ, апщIондэху псори бэнджэнду зритын къилъыхъуэщ, и анэр зыщIигъущ, хьэпшып гуэрхэр здищтэри, щыпсэуну Юрига дадэ деж псори куIуащ. Ар и щIыкIэу щIалэ цIыкIур дадэм къыбгъэдэнащ, къэзылъхуахэри щIыгъуу. Ахэр хуейт лIыжьыр псэуху абы деж псори щыIэну, кIэлъыплъыну,

ЛIыжьым япэм зы пэш фэтэру итауэ зыгуэри щыпсэут, ауэ я Iуэхум апхуэдэу зыкъыщызэридзэкIым, абыи зы унэ цIыкIу гуэр къищэхури щIэIэпхъукIащ. Арати, псори хъарзынэу щIэхуэрпт лIыжьым и унэм. Гуэнэщыр дадэрэ мартинрэ я лэжьапIэ пэшхэр псоми я зэхуэдэт.

Унэжьыр абыхэм фIыуэ зэрагъэпэщыжри хъарзынэуи зэлъыIуахат, анэшхуэмрэ мамэрэ апхуэдизкIэ псори ягъэкъэбзати, къыпхуэмыщIэжыным хуэдизт. палко псоми ядэIэпыкъут: цIыхубзхэми цIыхухъухэми икIи псоми фIыуэ къалъагъут.

Анэшхуэм и цызэIущэр къыздишат, щIымахуэ кIыхьым цы зэIуищэу щысыну. Анэми и мурадт псоми щыгъыныщIэ яхуидыну, псом хуэмыдэжу Палко – хэдыкIауэ джанэ дахэ. Палкои къигъэгугъащ нэхъ щыхущIыхьэхэм дежи пщыхьэщхьэ къэси псоми фIыцIагъэ лъапIэм къахуеджэну. Ар хуейт хуэм-хуэмурэ IэщIагъэ гуэри зригъэгъуэтыну.

О, сытым хуэдэу и псэр гуфIэрэт абы, къыщIэгупсысрэ къытелажьэу адэ зэриIэр игу къызэрыкIыу. О, сыту гуапащэ Зиусхьэн Исус Христос!

– А псори Уэращ къысхуэзыщIар, Зиусхьэн Исус! Сэ Уэ укъэзмыгъуэтамэ, мы иджыпсту згъуэтахэм щыщ зыри сиIэнутэкъым! – ЩIалэ цIыкIум къыгурымыIуэр зыт: Зиусхьэн Исус имыIэу дауэ ар япэм зэрыпсэуар?

„А тхылъ лъапIэр димыIамэ, сытыт дэ иджыпсту

дызытепсэлъыхьыну?“ – егупсыст ар. А тхылъыр игу къызэрыкIыжу, нэхъ хуабжь зищIри, абы бгъуэнщIагъымкIэ игъэзащ. Мыбы щикIыжым щыгъуэ, и тхылъыр къыщIинат абы бгъуэнщIагъым. Ар къыщищIэм, я дадэ къыжриIат:

– Мис ар апхуэдэу пщIын хуеякъым, си щIалэ. Уэ зэрыпщIэщи, щIымахуэм зыри щIыхьэнукъым а бгъуэнщIагъым. Тхьэм къытхуиухрэ гъатхэ къакIуэ пщIондэ дыпсэумэ, мис итIанэ тхылъыр абы пхьыжами хъунут. Тхьэм и шыхуркIэ, иджыпсту дэ Библиер зэрыщыту диIэщ. НтIэ, мис апхуэдэ лъэпкъ зимыIэ, дэ япэм дызэрыщытам ещхьу Тхьэм и Псалъэхэри зымыщIэ гуэр хуэзэрэ а тхылъ лъапIэм еджэмэ, дэ къидгъуэтам хуэдэу фIэщхъуныгъэрэ къригъуэтэнкIэ хъунут.

ЩIалэ цIыкIум дежкIэ хуабжьу хьэлъэт тхылъ лъапIэр къигъэнэну икIи, адрей цIыхухэм ящIэмыгупсысу щытамэ, апхуэдизу зэрыпхуищIын щыIэтэкъым.

Арати, бгъуэнщIагъым щIыхьэщ, тхылъыр къищтэжри, фIэхъус ирихыж щIыкIэрэ игу пымыкIыу щIыпIэр къызэхиплъыхьащ. Бжьыхьэ удз закъуэтIакъуэ фIэкIа тафэм къыщымыгъэгъэж пэтми, мы щIыпIэр иджыри хуабжьу дахэт. Бжьыхьэ махуэ уфа зыбжанэм иужькIэ, нобэ дыгъэр къыкъуэкIат. ЩIалэ цIыкIум дежкIэ мы щIыпIэр хуабжьу лъапIэт, сыту жыпIэмэ, нобэ умылъагъу щхьэкIэ, мыбы щыIэт уафэм и куэбжэ дахащэу фIыщэу и щоджэным кIэлъызэхуащIыжар.

Иджыпсту абы псэукIэ хъарзынэ иIэ хъуат, ауэ щоджэным щIэгупсысу щыхуежьэкIэ, и гур зыгуэрурэ къэхъурт. Куэдрэ, ноби абы хэтыжу, Палко егупсысырт. И лIыщIэм и лъэIухэр тхьэм зэрызэхихар. Мыхъужа щхьэкIэ, куэдым я дежкIэ ар щыхьэт наIуэу уващ Тхьэм фIэщхъуныгъэ хуэпщIыныр зэрынасыпышхуэр, езыри, Тхьэм и алтарым тет шэху уэздыгъэм ещхьуункIыфIащ. А блыщхьэ щоджэным деж щигъэзэжам щыгъуэ ар

хуабжьу гуфIауэ щыташ щIалэцIыкIум къэзылъхуахэр зэригъуэтыжам щхьэкIэ. КъыщIэупщIэну къэкIуа мэзхъумэм и фызым жриIэри, щоджэным иригъэблэгъат Палко и адэ-анэри дадэри. Щоджэныр куэдрэ епсэлъылIащ абыхэм, итIанэ зэщIыгъуу Тхьэм елъэIуахэщ. Нобэр къыздэсым дадэм игу иужькъым ахэр щыгъуэ Тхьэ зэрелъэIуа щIыкIэр.

– Фэ фыинджылырыгъуазэщ, сэ сыкатоликщ-жиIащ абы, фIэхъус къарихыжурэ. – Ауэ Тхьэм фIэщхъуныгъэ хузиIэ дэтхэнэми абы лъэкIыныгъэ иритащ Тхьэм и быну залъытэжыну. Ахэр псори – Исус Христос щыщщ, а сэ иджыпсту сыздэкIуэж уафэм дэ зыкIи зэщхьэщыкIыныгъэ щыдиIэжынукъым. Дапщэщи хуэпэжу фыщыт. Абы, адэ, уафэм, зы, зэгъусэ дыщыхъужын щхьэкIэ.

Гъубжымрэ бэрежьеймрэ ар мащIэу нэхъыфI къэхъуат; тIэкIуи къэтэджурэ абы унэ кIуэцIым къыщикIухьырти, псори абы иригуфIэрт.

ЩIэуэ къагъэкIуа щоджэным ар костелым (католик чылисэм) ишэри иужь дыдэу алтарым бгъэдэтту елъэIуащ. ИтIанэ, ар латиныбзэкIэ епсэлъащ щIэуэ къагъэкIуа щоджэным. ЗыгуэркIэ елъэIу хуэдэу къащыхъуащ ар абы едаIуэхэм. Ахэм жаIэр Палко къыщыгурыIуар словакыбзэкIэ къыпаща нэужь.

– Сыкъэгъэгугъэ, си къуэш, мыбыхэм сэ еста фIэщхъуныгъэр къаIумыхыну. А фIэщхъуныгъэращ сэ Тхьэм си гупэр ажалым хуэгъэзауэ сыхуэзыгъакIуэр.

КъыкIэлъыкIуэ махуэми абы жьы кабзэм хыхьэну мурад ищIащ. махуэр фIыт, дохутырри жыг, хадэм нэс кIлъыкIуэташ абы. Хуабэу хуэпауэ, абдежым ар зыкъомрэ шэнт хъарым ису щысащ. Ишхынур телъу Iэнэ цIыкIури и пащхьэм къитт. Iэнэм телъхэр и шыпхъур трихыжа нэужь, щоджэным моуэ жиIащ:

– Иджыпсту Палко зыгуэрхэр къызжиIамэ, хъунут;

абы иужькIэ мыбдей тIэкIу сыкъанэу сыщхьэукъуэну сыхуейщ.

– Хъунщ, си дэлъхушхуэ, – жиIэри и натIэм хуэзэу ба къыхуищIащ абы и щыпхъум. – АпщIондэху сэри уи пэшхэр зэлъыIусхынщ, пIэхэр зэсхъуэкIынщ, жьы къабзи и щIэзгъэхьэнщ.

– Мис сэ уэ къысхуэпщIэр уи бынкIи уи щхьэкIи Тхьэм къыпхуищIэж! – жиIащ абы и нэпсыр къызэпижыхьауэ.

Я закъуэ къэна нэужь, щоджэным Инджылыр къищтэри жиIащ:

– Палко, мыдэ а ди „дыгъэ лъахэм“ теухуауэ зыгуэр къысхуеджэт!

Арати, палко къеджэу щIидзащ псоми псори щагъуэт, дыгъэри мавэри зэи щыкъуэмыхьэж къалэ телъыджэми ГъащIэкIэ зэджэ псыми теухуа хъыбархэм. ИтIанэ ар къызэджар щорджэным щIалэ цIыкIум къыгуригъэIуащ. КъыгуригъэкIуэри, мыбы къыщIигъужащ:

– Си псэм хуэдэу Палко. А „дыгъэ лъахэ дыздэкIуэнум дыкIуа нэужь, псом нэхърэ нэхъ телъыджэу дэ тлъагъунур Аращ, мис а щIыхь тахътэм Исынур – Исус – Тхьэм и Тыхьщынэр!

ИтIанэ и Iэхэр и бгъэм щызхэтридзэри, тхьэ щелъэIукIэ зэрищIу щытам ещхьу, и нэр зэтрипIащ. палко абы къыбгъурытIысхьэри и щхьэ цIыкIур щоджэным и куэм ирикъузылIащ. Ауэ, япэхэм хуэмыдэу, тхьэ елъэIуныр кIыхь хъуати, щIалэ цIыкIур щоджэным худэплъеящ. Сымаджэм и щхьэр къыфIэщIарэ къыхэмыщту жейрт, ауэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ хьэлъэу бауэрт.

ЩIалэ цIыкIум и гущIэм зигъэзащ, зы гупсысэ зэщIэIэта гуэрхэрп къыщыхъеящ, ауэ гуауэ гуэрым зэуэ ириупIэхыжащ. Ар хуэсакъыпэурэ бауэрт, щоджэныр къимыгъэушын щхьэкIэ. Нэхъапэхэм щоджэным и нэгур гуауэкIэ гъэнщIауэ щытат, ауэ, пщIыхьэпIэ дахэ

гуэр млъагъум хуэдэу иджыпсту и нэгур зы гуфIэгъуэ гуэрым зэлъыIуихат.

Палко макъ гуэр зэхихащ. КъеплъэкIри, къилъэгъуащ щIэуэ къагъэкIуа щоджэныр икIи къыбгъэдыхьэну Iэ хуищIащ.

Ар къабгъэдыхьэу сымаджэм зыщыхуигъэщхъым, зэуэ къыхэкIиикIащ: щоджэныр жейуэ аратэкъым – ар лIакIэт. О, сыту гуауэт ар плъагъуну!...

Иджыпсту, а псор игу къыщыкIыжкIэ, щIалэ цIыкIум и нэпсыр хуэубыдтэкъым. Абы епха Iуэхугъуэхэри псалъэхэри апхуэдизкIэ и гум хыхьати, абы зэи хузэщыгъэгъупщэртэкъым.

– сыт сэ сыщIэгъыр? – жиIащ итIанэ Палко. – Абы и Iуэхухэр щыхъарзынэщ а зыдэкIуам!

Дохутырым зэрыжиIамкIэ, абы и кIуэцIым лъы кIуэри, зэуэзэпсэ хъуат. Ауэ Палко ар и фIэщ хъуакъым.

„Зиусхьэн Исус Христос къакIуэри Езым деж ишэжауэ аращ ар. Иджы абы псори илъэгъуакIэщ, Езы дыдэри, Тыхьщынэм и тахътэм ису. Ар абы щыхуэзащ а зи тхылъыр къэдгъуэтауэ щыта лIы мыцIыхуми. ИкIт си цIэкIэ, дауи, ехъуэхъужащ. Сэри, си пIалъэр къэсмэ, сыкIуэжынущ абы“.

Палко и щхьэр къиIэтщ, и Iэ цIыкIухэр и щхьэм щIигъакъуэри, егупсысащ: дауэ хъуну пIэрэт И деж ишэжыну Езы Исус къэкIуарэ „дыгъэм и лъахэ“ дыдэм ихьэну ар тегушхуауэ щытамэ.

РОЙ КРИСТИНЭ

# ДЫГЪЭМ И ЛЪАХЭ